



Seen Wuutub Yàlla

Ci biir ay njangam ci wàllu tabaxu dëkk yi la Richard A. Bennett daje ak katanu Valla gi soppi ndundam ci lépp. Mu bayi fi liggyam ca meri bu Londar daldi dem Amerik mu jàng fa xam-xamu Yalla.

Donoon ku njaxlaf ci bi muy tambale Richard Bennett seddo na xabar bu baax ak nit yu bare te nu weg ko ci loolu li ko dale ci atub 1946. Dirub fukki at ak juroom neet nü ngi dégg baataam ci radio bi di Trans World Radio ak Far East Broadcasting Corporation ci Tugél, Afrik, Asi ak diggu ak sowwu jentu Amerik.

Bi nu sèye ba léegi, am nañu fanweeri at, Richard ak Dorothy nü ngi liggy nòom näar ci mbég seen Kilifa ak seen Boròom. Ci wetu Richard, waaye ak boppam, Dorothy def na liggy bu am dole ak njariñ ci jigéen ní.

Ci at yi weesu lawal nañu nòom näar seen liggyu jité ay lël ak ndaje ci ay reew ak xéet yu nu musula gane ji. Ci seen tukki ci reew yi nekk ci yoonu yokkute, feesoon nañu ak mbeggte ci mar gu nit nü bare mar käddug Yalla gi wante it amoona nañu it naqar ci li nu daje ak ay nit yu tumraqe ndax ndool ak xif. Mbéggelu Yalla gi Richard ak Dorothy amoona ci xéet moo taxooin nü indil leen barke ci baatin ak ci koom ngir ndimbali leen.

Du woon rekk ci reew yi nekk ci yoonu yukkute, ci reew it yi naat te am xarala, Bennett yi amoona nañu mbéggte di daje ak ay nit yu bare yu amoona yite ci am diggente bu xóot ak Yalla. Nu amoona nañu ay laaj.

Ndax am na ay tontu ci laaj yu am solo yooyu te aju ci ndund gi? Richard Bennett woor na ko ne Yalla tontu ci laaj yooyu loolo tax mu bind tééré bi di Seen Wuutub Yàllad.

"Mangi diggal téere bi Seen Wuutub Yalla nçépp niy wutt dégg gi ci dund gi."

*Jém ci Yalla Rev. Stephen Boakye-Yiadom
Nekkoón fi kilifa äddina wérngel
Képp bu TransWorld Radio, Afrique*

CROSS CURRENTS
INTERNATIONAL MINISTRIES

Seddèle bi:

Trans World Radio
06 BP 2131
Abidjan 06

ISBN 978-0-620-44824-6



CROSS CURRENTS INTERNATIONAL MINISTRIES

Bennett

Seen Wuutub Yàlla

Seen
Wuutub
Yàlla



*Richard
A. Bennett*

CCM

Seen Wuutub Yàlla

Richard A. Bennett

CROSS CURRENTS
INTERNATIONAL MINISTRIES

Sedale bi waa:

Trans World Radio - Afrik Sowwu jànt
B. P 2131
Abidjan
Cote d'Ivoire

Your Quest for God: WOLOF

Copyright © 2009 Cross Currents International Ministries

Mbind mu ñu mändargaal ba noppì la te waa- Cross Currents International Ministries
moom ko ci noonu kenn mënu ko sotti ci fànn bu mu mën a donn ngir jaay ko, walla defar
ci yeneen te tâgu woo waa- Cross Currents International Ministries.

Sotti bi: Ca Chine la nu ko binde

Librarie de congress Catalog Card Number: 98-67799

ISBN: 9966 7074-2-5

Feeñalub téere bi:
Cross Currents International Ministries
www.ccim-media.com

Sedale bi waa:
Trans World Radio
06 BP 2131 Abidjan 06
Cote d'Ivoire
e-mail: twrci@aviso.ci
Tél. (225) 22-49-03-01

Bu dul woonte samay ŋaaxi soxna Dorothee,
mbëgélam, farloom ak ay ŋaanam téeré bi desu ko woon
na bind. Ni ko Pool waxéwoon Fëbé, man itam noonu la
koy waxalé sama soxna:...

*Ni mu nékkewoon, moom ci boppam dëfél katu ŋu baré
noonu itam la nekke ndimbal lu réy ci man.*

Tomb yi téeré bi ëmb

Ubbité Gi	ix
Bala tambale bi	xii
Xaaj bu jëkk bi:	
<i>Ndax ci bu wóor benn Yàlla am Na?</i>	1
Ñaaréelu xaaj bi:	
<i>Ndax seen sëriň woór na?</i>	9
Ñeetéelub xaaj bi:	
<i>Naka la Yàlla mel?</i>	23
Ñeentéelub xaaj bi:	
<i>Lan moo xajalé nit ñi?</i>	33
Juròomeelu xaaj bi:	
<i>Lan mooy reenub jafe-jafe bi?</i>	45
Juròombennelu xaaj bi:	
<i>lu waral nit ñi di juum ci seen yoon?</i>	55
Juròom ñaarelu xaaj bi:	
<i>Ndax ci dëgg-dëggYàlla bëgg na maa?</i>	67
Juròom ñeetelu xaaj bi:	
<i>Fan la mëna naa gise dund gi?</i>	91
Juròom ñeentelu xaaj bi:	
<i>Naka lanuy bokke ci njabóotu Yàlla?</i>	105
Fukkeelu xaaj bi:	
<i>Gannaaw gi nag?</i>	115
Sama tàkkute ci ngëm	124

Ubbité Gi

*M*aa ngi deggtël téere bi, *Seen wuutub Yàlla* ngir ñaari dëgg. Bu njékk bi mooy xam naa ki ko bind sama doom laa ci diine te awma mbég mu ëpp lii: ma dégg ne samay doomi diine ñu ngiy jaar ci tånki dëgg (ñeetteelu Yowaana 3: 4).

Naareelu dëgg gi moom jotewul dara ak xamel gi dara ki di Richard Bennett def na ligeey bu rafet ci ni mu misale mbir yi am solo ci diggante nit ak Yàlla.

Bibal xamal nanu ne Yàlla dafa *def ci xolu nit yëgg-yëggu abadan...* (*Talifkat bi 3: 11*). Bi nga xame ne nit danu ko sakk ngir abadan, mbir yi nekk ci jamano ji mënu ñu ko indil baaneex ci lepp ak ba faw. Dina am ci moom xuur bo xamne Yàlla rekk mo ko mëna feesal. Aji sell ji di Augustin wax na ko bu leer naan: ”Téere bi dafa nuy dimbali ci wuutub Yàlla ba nu am noflaay ci sunu walu bopp ci am diggënte kenn ku nekk ak Yàlla ju sax ji ba faw.

Sama ñaan bu tar mooy ñu bare jäng xët yi toftalu te def seen bos xeebaar bi ci nekk ngir ndamu Yàlla aji sax ji ngir it seen ngëneel.

Dr. Stephen F. Olford

“Mangi diggal téere bi *seen Wuutub Yàlla* ňépp niy wutt dëgg gi ci dund gi. Ci wallu dundub taalibé Kirist ak xam-xam biy gëstu ci wallu Yàlla téeré bi jar na jäng.”

Jëm ci Yàlla Rev. Stephen Boakye-Yiadom
Nekkoon fi kilifa àddina wérngel
Képp bu TransWorld Radio, Afrique

Bala tambale bi

*S*ama soxna Dorothée ak man am nanu ay xarit yu bare ci addina sépp *ndax* sunuy tukki ci yoon yu magg ak yu ndaw yi. Yu joggé ci coosaan ak aada yu wuuté ak njàng yu wésalo.

Yakaarunu né sunu dajé ak ňooňu néen la yakaarunu né it né tééré bi du ci néen la nékké ci séeni loxo.

Lu at yi doon di gëna dém li gënoot na ëpp solo ci sunu waxtaan ak suňuy xarit moo doon sunu wuutub Yàlla. Te yeen ci xalaat yi nu doon waxtaane ňu ngi ci biir tééré bi.

Tééré bi njëkk ci *seen wuutub Yàlla*, té nu sukkandinku ci ngir généwaat yéesalaat bi nu gi ci jubbluwoon màggal ak sànt boroom bi nga xamné ne nu ngi doon fataliku sunu ňaar fukkeelu at ak juróom bi nu sëyée ak léegi nu ngi doon laaj Yàlla naka lanu ko mëna sànté ak sunu xol bépp ngir mbaaxam ci nun.

Yaakaaroon nanu né ni nu ko mëna defe mooy nu bind te seedële lu tolok ňaari junni ak juróomi téemerit benn xéebar bu léen di indil yaakaar ak jàmm ci sunu atub sëy bu nekk junni nit

Yàlla barkéel na ligéeyu mbëggeel googu bi nga xame ne sunu téere ba ngi doon xal yoonam ci addina si Ňaar fukki junni ak juroomi tééré yi nu géenéwoon

séedélé nanu ko ci réew yu bare. Amoon nanu mbéegté ci li nu doon jot bataxali ni jotoon na jàng téere bi di wax ni seen dund amé solo léegi ginaaw bi ŋu jàngé téere bi *seen wuutub Yàlla*, te ŋu gis jëmu bu bees ci seen dund.

Ñaan nanu nu tekki ci yeeneni lakk téere bi ci noonu doggu nanu saytuwaat teere bi tey ñaan nit ŋu bare ci tugël ci Afrik ak ci addina sépp am tontu ci “seen wuutub Yàlla.” Té léegi nu gi ñaan Yàlla téeré bi amal léen njariñ yeen ŋi koy jàng. Lu weesu ñeeti miliyon ci téere bi bind nanu ko ci lu weesu juróom fukki lakk te tasaree ko ci addina sépp leegi sunu ñaan mooy yeesalaat bi ci lakk Aŋalé mooy ŋu bare gis ci njàriñ.

Xëyna ñaari xaaj yu njëkk yi du am solo lool ci jàngkat bu nekk. Xaaj bu njëkk bi ñi ko bind ngir ñiy laaj ndax Yàlla am na. Te ñaareelu xaaj bi moom ñi am laaj ci lépp lay soxal, am na solo it ngir jàngkat yépp ndaxte day tax ŋu saytuwaat seen ngëmu bopp ak seeni jikko.

Li ko tambale ci xaaj ñeet ba fukk ay dëgg yu mënul ñakk yu leen di ndimbale ci seen wuutub Yàlla ci moom ŋu ngi bayiwaat yeesalaat bi ciy loxo Yàlla ngir mu barkeel ko ni mu ko sobee.

Dorothee ak Man dañoo bëggoon gérém Yàlla ngir mbëggeel, ñaan ak leer gi yeen nit indi, ñi seddo ak nun seen seede dund ak Yàlla. Bere nañu ba nga xamne mënuñu leen a lim fii. Sunu xaarit yooyu, nu ngi leen di wax “jéréjéf”.

-Richard A. Bennett

Seen
Wuutub
Yàlla

*Xam-xam biy saytu suuf si ni
yeneen xam-xam yi, du dem
ba ci ndorteeel mbir yi.*

- *SIR CHARLES LYELL*

Ndax ci bu wóor benn Yàlla am na?

*K*ëyna am na ay saa ci seenug dund yu ngeen weesu? Saa yu ngeen amul woon yaakaar ba am xel ŋaar ci mbëgélub Yàlla teg ca weedi sax ne Yàlla ci walu boppam am na.

Ci biir Bibal bi nekkug Yàlla Ken faram facew ko walla firmdeel ko. Lu am la. Baat yi njék ci biibal bii laňu waax: *Ca njalbeen ga Yàlla sakk na asamaan ak suuf. (Njalbeen ga 1: 1)* Waax ju neex jii dafa yomb te xoot. Day dëggël ne Yàlla *am na* te moo sakk addina si.

Am na at yu bare ci gannaaw, sama soxna jiite woon ci ben lopitalu tugel wall biy taxawu ni am jafe jafe ci seen walu xel. Ben bés Ken ku siiw ci walu faaj ñí ànd feebaru xel te gëmul ne Yàlla am na laj sama soxna ci walu ngëmam: “Mu tontu ko ne doktor am na weg wu rëy ngir yow ni kaňam ci sa ligey. Naw naňu la ni jangale kat ci daara ju magg ji te saw tur weg nan ko ci biir ñí nga bokkal ligeyu faj. Laata ngay dëgëlat ne Yàlla amul ndax mën na la ŋaan nga jang Bibal bi ak pasteef bi nga andaloon bi ngay gestu ci walu xarala faj?”

Ginnaaw gi sama soxna fataliku turu ben ba ŋaari jarag yu mënul woon weer te Yàlla weerel leen ci katanam bi mu feeňal ci seen dund ba ŋu deluwat ci seeni yengu yengu. Dorothée fataliko naka la jarag yooyu daje woon ak Yàlla Ken ku nekk te muy lu dëggú ci ŋoom. Te fajkat boobu ci walu boppam xamna ne jarag yoo yu xaraleb faj fajuleen woon ni ku weddi nekub Yàlla ak fajkat amulwoon ben lay bu jagg ngir firndéel coppite googu amoon ci dundu jarag yooyu.

Ci mujug waaxtaan wi fajkat boobu nga xam ne woon Dorothee ne moom gëmul ne Yàlla am na ne ko mu ŋaanal ko te mu giňalko ne gullet mu jang bibal bi ci lu andul ak ben ŋaaw njoort.

Ginaw juroom ŋaari ayu bésu yu xoot fajkat boobu seedeel Dorothy ne moom nekatul kooku saxoon ci ne Yàlla amul wante ba leegi amoon na jafe-jafe ndaxte xamna ne su doggo topp Yàlla warna soppi lu bare ci dundam. “Sama jafe jafe ajootul ci walu lu xel mën ta nangu”, loolu la fajkat bi wax, “waaye warna wax nenoppuwu maa ngir coppite yi wara am ci sama dund suma doggo nekk aji gëm bu takku.”

Ginaw bi nu ŋanale sunu xaritu fajkat boobu dirub fukki at joot nanu benn bataxaal bu nuy firndeel ne jeebal na boppam boroom bi ci ngëm ndaw bannéex. Waaye du mbéetéel ndaxte xamoon nanu ne: *Kon boog ngëm ci kaw degg lay juddoo te degg sosoo ci kaddug Yàlla.* (*Rom 10: 17*)

Ngir Dimbali ken ku nekk ci nun mu xam ko, Yàlla def na ci sunu biir xel ne am.

Am na ŋu tann baň ko gëm wante amul ben nit ci kaw suuf bo xam ne mu gëm Yàlla mënul nekk.

Joxe na firnde yu bare yuy wone ne Yàlla am na, ci jawu ji rek. Ni xarale tey yi di gëstoo mboti jawu ji, ŋuy gëna gis ne ak ndof la su nu naan li yëpp ken sakku ko. Xel mënta woon nangu ne dara ci li nekk ci jawu ji dina joge bërëb sangam dem ci beneen bërëb ci ay waxtu yu nu ko jagleel wala mu weer sunu suuf ci ab diir bu ko boroom xam- xam yi firmdeelul woon te bind ko noonu la deme itam ci bu jant bi di fenk ak xaaji at yi, Yeneen jawu yi ak mbindef yi gëna tuti ba ci ni ŋuy sedele doole yi ci jawu ji ak mbëggël gu rëy bu ko Yàlla bëggul woon walla bu ko sakkul woon.

Faw ci lu amul ben werante lu wesu ngëm ngir nangu ne addina si ak li ci birëm da tëb rek am.

Nguur sax buy weedi ne yala am na mi ngi wolu jawu ji xamne lepp teggu na ci yoon sa bo xame ne mu ngi yooni ben nit ci jawu yooyu. Kon yenuwul mana su fekke ne nit ŋangi mengo ak yooni jawu yooyi te baň nangu ne am na ko xam ne moom ken mooy Doxalkat bi ak Tëralkat bu kawe bi te ci kaw wawam le yooyu yëpp di weyee.

Xam naňu ŋun ŋëpp yaku yaku yi bomb bu klate mëna jur xëyna naňu ne lu yes simile bu nekk jant bi dina xëpp lu ëpp juromi. Junni milyar ci ay toké te sunu jant bi taxu ko rëy lool bu nu ko mengële ak yeen- eni bidéw yuy xëpp Kaatan. Xamuňu ñaata bidéw ŋoo am ci sunu jawu ji donte ŋu ngi gis ay milyar yu tek- kiwul dara ak yi ŋu mënta gis ŋi seen xam xam mac ci wal woowu xamnaňu ne dinaňu sox la ay milyar ci jant ngir mëna yémale Kaatan ak yeenen jaawu yi. Naka la yoo yu xeetu Kaatan mëna nekke su fekke ne ku ëpp Kaatan yooyule Kaatan amul te doolem amul app?

Addina si ak li ci biiram day wooneni am na benn Yàlla bi sakk lepp, Yàlla bu jaar yoon Yàlla bu am Kaatan:

Asamaan yaa ngi biral ndamul Yàlla, jawwu ji di xamle jefi loxoom. Besoo bés nu ngi jollil xebaar. Guddee guddi di sulli xam xam. Amul wax, andul ak kaddu, seen baat du degtu fenn te wër suuf sépp, seeni baat dem ba si fa addina si yém fa taxawal ab xayma ngir jënt bi. (Sabuur 19: 1-4)

Ndaxte ba addina sosoo ba tey, mbiri Yàlla yu nëbbu ya, maanaam dooleem ju saxja, ak meloom wu kawe wa, feeň naňu bu leer. Te bir ñépp ci yi mu sakk, ba tax bunti lay yëpp tej naňu. (Rom 1: 20)

Ci bu woor ŋi gëmul Yàlla amuňu ben lay ak fu nu mën a nekk.

Nit ŋu bare da ŋuy xéeb seen bopp bu ŋu xole maggayu, jaar yoonu ak kataanu lépp li Yàlla sàkk.

Daawuda, buuru Israyil yegoon na ko ba noppi waaxewoon na ko ni:

Su ma xoole asamaan, si nga mool, muy weer wi ak biddiw yi nga teral: luy nit, ba nga di ko nemmeeku? (Sabuur 8: 3,4)

Xarala yi tax na ba sunu gis gisu jawwu ji yokku 500.000 junni yoon naatal yi y bayeko ci jawwu ji tax na ba ni ko buur bi Daawuda waaxewoon man itam ma naan “naka la Yàlla ji sàkk lépp mën di ma nemmeeku?”

Ndax ci bu wóor benn Yàlla am na?

Waaye xaraley jamonoy tey ji di telescope ak microscope, xam nanu it am na jawu yu tuti yu xel ménul nangu so ko xolul ak xeeti xarala yooyu te nga xamne seen njérin mooy yokk natal ba nu mén léen a saytu bu baax ngir tamit suli mboti addina si amul dara lu mén a rëcc xéeti xarala yooyu, lépp lu bët ménul gis xarala yooyu dinanu woone rafetaay, natal bu jaar yoon ak kataanu lu gëna tuti ci mbindeef.

Leeg-Leeg su ngéen naan naka la ma Yàlla mén a nemmeeku. Waxal sa bopp ne doole ji teye jawwu ji ak li kay kalate lo bo ko defe ci mbindeef yooyu ſu tudde neutron ak protons addina si tukki! Ci gëti Yàlla li ndaw ak li magg yépp a am solo fa Yàlla.

Li ci gën a neex *bu ſu de laaj naan luy nit ba nga di ko nemmeeku*? degglul rekk xalatu ku xam-xamam macc ci walu jawu yi, nekkul tolu tolu nit lay wax fii sunu solo fa Yàlla mu ngi sukkandiku ci yu wuute ak ni mu deme ci wallu xarala yi. Te Yàlla woon naňu lu tax ſu am solo fa moom te ſu jaralko lool lu bare.

Donte addina si mu ngi woone Yàlla ju jaar yoon te am kataan Yàlla jooju tann na féeňu ſu ni Yàlla ju am mbëggéel ak yërmande te bëggul lu dul sunu banex. Waaye ngir gis Yàlla bu ni mel faww sunu sëriň doon ku nu mëna yakaar ci lépp.

Ay ponk yu ngéen mën a xalaat bu baax.

1. Bu ngéen saniwoon ci ngelaw li rusitu wéň ndax yakaar ngéen léewu ci séeni loxo montar bu joge dëkku Suisse?
2. Addina si; li ci biiram ak ni mu bindoo ndax da jekki jekki rekk am te loxo Yàlla bi sàkk lépp amu ci yoon?
3. Donte sax addina ye yey naňu ne Yàlla moo ko sàkk te ne na moom mo taxawal lépp ak kiy jox addina si doléem ndax loolu lépp doy na ngir yéegalenu ci mbëggéel ak yërmande Yàlla.

*Ab xur wu lëndëm kenn ku yor
lampu торсе mën na ko jall,*

PLATO

*Jawu ji ab lamp bu léerul bu
baax la waaye mbind
mu sell mi moom ab lamp la*

A. H. STRONG

Ndax seen sëriň wóor na?

*H*moon na ab jamano, yeenekaay yi ci buyaggul xamle naňu ne benn jumtukaay bunu dippé radar te mu mën a wax fu abiyon nekk ci jawwu ji ak naka la ko mëna aaré; bu doxul woon ni mu ware moo taxoon ba nit ſu bare dée cib aksidan te loolu day woone bu nu ko meengële ak li mën a xew su nit ſi wekke seenub yakaar ci xam-xamu baatin bu dëgguwul bo xamne du leen yobbe lu dul seen musiba.

Tey ji batt yu bare ſu ngi jib naan ſoo di yoon yi jém fa Yàlla. Naka laňu mën a xame bi nu wara topp. Ci seenub gëstu ngir gis Yàlla; waru leen a nangu aw ci yoon wu dul dëgg ndaxte seenub laxira ngeen di tayle.

Gladston jawrin bu njëkk bu reewum Angalteer ci at yi nu weesu bind na li: “Bibal bi da am lu ko wutële ak yeeneni teeri yi ci lu bare”.

Te Abram Lincoln wax na it ne: “ci sama xalaat bibal bi mooy may bi gëna rëy bi Yàlla may nit ſi.”

Donte ay nit yu magg yu bare delo naňu njukkël bibal bi Te seede it ne li mu ëmb wute na lu bare ak yeenen teere yi te xebaar bi mu ëmb benn la wante bibal bi ci boppam mungi sukkëndiku ci seede boppam.

Buur bi Dawuda woluwoon na seriň ſam. Bind na ne: *sa kaddu lamp la ci samay tånk te di leer ci sama yoon (Sabuur 119: 105)*.

Ba tey ji nit ni gis naňu ne mënn nanoo wolu bibal bi ngir mu yobbuleen fa Yàlla. Bibal bi benn la ci bind yi ci sunu addina si donte ſnu bare ngi koy wedi ak di ko feexela sosal bibal bé ngi wey di wóor ni mu ko nekkewoon jamano yi wéesu.

Ndaxte nit ni da ſnoo bëgg mu woor leen ne bibal bi benn la te dëggū; Yàlla def na ci ay mandarga yuy firndeel ne ci dëgg kaddug Yàlla la. Bepp gëstu kat bu dëggū dina gis xëtu bibal bi ni yeneen netali yi ay firnde yu kenn mën ta weddi ne *mbind mu sell mepp ci gemminu Yàlla la joge (2 Timoté 3: 16)*.

Su fekoon benn nit rekk mo ko bind du doon mbe-teel ci nun lepp lu ni ci jukki jaar na yoon te mengo. Teere bi dajale ay teere benn nit rekk bindu ko waaye ay nit yu bare yu sosoo ci ay jamono ak ay aada yu wute ci ay at yu bare moone dëgg ci mbirum Yàlla lay fesël ci benn. Fann gu jaar yoon te wer doy na waar, te keemaane sax. Weesu na Doy waar, dafa kemaane sax.

Rax ca dolli niy gëstu ci wallu suuf ak dojj yi bes bu nekk ſnu ngi gis ay firnde yuy dëggél li ſnu bind ci biir bibal bi. Yi xel mënul woon a nangu ay gëstu katu sunu jamono yuy saytu netalib addina si firndeel naňu leen. Ay gëstu kati jamanoy tey. *

* Ci misal ci atub 1868 benn tukki kat bu dëkk Almaň gane ji woon dekku Moab bi nu dippe leegi jordanie mu gis fa benn yattu xer nu bind ci kawam fanwer ak neenti rëdd yu buur bi Mesha di buuru Moab bindoon te doon fatali mereyom a kwa Israyil. Di nanu ci gis turu Omri ak Akab ci 2Buur2 :1 ni si tabax boobu ne nanu naari buuri Israyil yooyu notoon nanu Moab te yeneeni mbir yu bees yu ay gëtu kat gis firndeel nanu ne bibal bi yeeyoo na kolute gu matt sëkk.

Ndax seen sëriň wóor na?

Waaw, bibal bi ci dëgg dëgg mooy teereb Yàlla ji yor xebaaru Yàlla ngir xeeti àddina sépp.

Donte bibal mooy kàddug Yàlla am na ŋu ko dum-moyu ndax xalaat bu wax ne: addina si ŋaari pacc la boroom xam-xam yi ŋiy gëm rekk li bët mën a gis ak aji gëm yi baňň a gis li bët rekk di gis liy tekki ne boroom xam-xam mënul a nekk nitu ngëm te boroom xam-xam yu dëggu yi weddi naňu ko. Xëyna bibal bi wax ci mbiru addina si taxu ko jogg waaye sa bo xameni wax na ci kenn mënu la weedi li mu ci wax du sax li xeeti xarala yi gis ba noppi. Waaye ni ŋu ko binde ni ŋu ko dajale, bibal bi romb na lu sore fi xarala yem tey.

Ci misal xarala mënula wax lu waral ŋu nekk ci kaw suuf si. Mënu ŋoo wax itam luy xew ginaw dund bi ci kaw suuf mënulo wax tamit solos dund gi ak sunu njariň fa kanam Yàlla. Moo xam ŋu am xel lool walla ŋu nakk xel soxla naňu Yàlla saasu nekk ngir jang xam Yàlla loolo waral ci lu woor doomu frans bi di Blaise Pascal di boroom xam-xam wax ne “titëru xel mooy wone ni am na fu xel mëna yem.” Dunu am benn tontu ci laaj yiyl laal sunug laxira su dul woon teereb Yàlla bi.

Naňu saytu ŋaari dëgg yuy woone ni bibal bi ci lu wer mooy kaddug Yàlla.

Bu jëkk bi mooy ni waxy yonnent yi di matte bu wer. Ŋaarel bi mooy ni xebaaru bibal bi di soppe sop-peku gu rafet dundu ŋi doggu woon nangu xebaaram bi.

Waaxi yonnent yi ci Bibal bi ni ŋu mate.

Ni bibal bi daan yegle waxi yonnent yi dafa jub-boon ŋun ŋëpp daňoo bëgg xam lunu ëllëg deňcal. Lu ci ëpp ci mbir yooyu bibal bi day wax naka la ak fan la: “Naka la ëllëg mën a woore ci yeen?”

Ngor tontu ci lajj bi xalaatal ne yangi ci reew bo mosuloon na dem. Naatalu reew bi nga yor ci say loxo mooy sa ndimbël te gisoon nga ne nataal boobu doyna la ndaxte bereb bu mu la tegtaloon gis nga ko, dex ak benn dëkk ak fi nga fanaan demb ci ngoon. Tey ji nga wara tann ban yoon bu bées ngeen di jël. Benn bereb Bo xamul mu ngi sa kanam wante nataalu dëkk bi nga yor woone na ne bo jare sa camon dinga romb ab bant lata ngay aksi ci ab dex gu magg. Leegi so bëgge gis dex googu lan nga wara def? Dama yakaar ne war nga top ndiggël yi nataalu dëkk bi nga xamul. Wax na la li nga waroon a gis lepp ci dëkk boobu te bi nga deme gis nga lepp ni mu la ko waxewoon te naxula benn yoon!

Ni waxi yonnent di matte ci bibal bi day woone ci bu woor ne bibal bi mooy kaddu Yàlla. Gis nanu ci ay xëtam ni li nu yeglewoon ay teemeri at lu jitу matte ni ko yeglewoon.

Mbir yooyu ŋëpp lan ko jagleel ak xeeti addina si yepp joxe itam ay tegtel yu woor ci Israyil ak li ko wér lepp. Lata almasi bi di nëw bind nanu lu bare ci nëwam yooyu weesu na leegi waaye gis nanu ni nu matte ni almasi waroon a juddo, ni mu waroon a dunde ak ni mu waroon a deewe.

Bu nu sukëndikoo ci netali yu dëggü yi kon kon war na noo japp ne ëllëg di na am ni ko bibal bi yeegle.

Te at bu nekk ay firndee yu bees te woor bibal ban gi nu koy won, jàng bibal mooy yégg liy xéw suba.

Doktor bi di Wilbur Smith giiru dundam gépp bibal bi la jàng. Di wone woor gi waxi yonnent yi nekk ci bibal bi woore mooy mbeggteem. Mengale bi mu doon def ci li yonnent yi doon bind ci almasi bi ak ni doon wax naan noo yore dëgg gi, Wilbur lii la ci wax: “alxuraan waxul dara ci muhamad lata mu doon nëw ay at ci ginawam, lata juddoom. Benn nitu diine ak ko mën a doon mënoo firndeel ne bindoon nanu ci say mbir lata ngay juddu.”

Warna noo xamne yeen mbir soxlawul nu joge ci Yàlla ngir nu matt walla am.

Lap tape ak yeen gëstu yi taskatu xebaar yi mën a def bu wote jubse dina tax nu xam turu ki wara gaddu ndàmb li lata wote bi di jeex. Limm yi nekk ci seeni loxo mën a tax nu wax turu ki gaddu ndàmb li lata nu koy siiwal te du nekk mbeetel.

Jemleen a lajj benn taskatu xebaar mu joxleen turu ni wara bokk ci wote fi leeg naar fukk japp juróom fukki at. Lajj leen ko kuy gaddu ndàm li, fann ak naka la wara juddo, dunde ak naka la wara deewe walla ngeen lajj leen sax fi leeg junni at lan moy xew ci diwaan yi wér Israyil, ak yan reew lanuy far ci jamono jooju.

Dingeen gis ne nu mbir yi di gën a sore ci jamono ji seeni tontu ci lajj yi di gën a wooradi si kaw rekk Yàlla xamal ko li wara xew ci jamono yooyu foofu rekk la nu mën a xare taskatu xebaar bi wax nu ci bu leer li nara xew ëllëg. Mbir yu mel ni yii nu doon lajj taskatu xebaar boobu te gën a yaatu ak sore lanu yeegle ci biir bibal bi lu yagg lata ŋuy matt.

Ci misal metalib reewu Tir bu njëkk ba firndee la ci li Yàlla yeeglewoon lu soxoloon reew moomu te mu matt.

Su ngeen ci bëgge gën axam lu bare jangleen ci teereb Esekel: 26: 3-21 ba noppi ngeen ubbi teere bu magg boobu nu dippe *Encyclopedia Britanica* ak yeneeni teereb netali. Dingeen jang ci biir naari teere yooyu benn netali ci Reewu Tyr googu bu njëkk mi li nu yeegle lu amagul te naareel bi lu am ba noppi lu nu mën a netali.

Waxi yonnent yi: Lu jitu xew-xew yi, Yàlla xamleewoon na ëllëg bu tiis ngir dëkku Tyr lii la wax:

Dina...yëkkati reew yu bare nu dal sa kaw, ...di nanu yaqate say tabaxi dëkk; mabbal say tabax yu kawe yonnent Yàlla. Esekel xamleewonn na it ne dojj bi nga xamne ci kawam la rew mi nekk di nanu ko far ba mu mel ni doju kase. Rax ca doli yonnent ne ma...di nanu sanni say xeer say mat ak sa rusit ci digg ndox yi. Waaye faram faceb mbir yooyu xewaguloon yamul foofu Yàlla wax ci lu jëm ci dëkku Tyr bu njëkk boobu: ...di nga nekk bereeb bu nuy sannee mbaal (Esekel 26: 3,4,12,14)

Netali bi: Ngeen gis ci teereb netali yi ne bi nga xame ne Nebukadnasar yaq na reewu Tyr bu njëkk boobu, da tas itam lépp lu fay tabax ni nu ko yonnent yi wax-ewoon. Ci mujj gi ni doon topato tabaxi buur bi Alessandar mu magg mi tas li desoon ci dëkku Tyr te bayiko noonu *ni dojub kase*.

Leeneen mat na ci li Yàlla xamleewoon mooy bi nu sannee xeer yi deesoon ci dëkku Tyr ci biir ndox yi ngir

sanc foofu ab pom buy dajjale naari tefesu geej gi. *Te di nanu sanni say xeer, matt ak sa rusit ci diggu ndox yi ba fi nu nekk ni rusitu dëkku Tyr ba woon ñu ngi sulu ci sufu geej.*

Donte am na ab dëkk bu siiw ci gox bi ëmb Israyil loolu nekkul dëkku Tyr bi Bibal bi doon wax te nu yaq ko ci atub 1291.

Bu ngeen ame xéwalu dem ci dalu dëkku Tyr, ba woon di ngeen gis ni waxi yonnent yooyu matte. Foofa di ngeen fa gis ay dëkkuwaayu nappkat yu toppalantoo te di ngeen gis itam ay gaal ak ay mbaal yu nu dajjale ci kaw ay dojj yu fés! Naka la benn doomu Aadama mënoona yeggle yaquteeg dëkku njënd ak njaay boobu te naatoon di Tyr ba woon?

Peter Stoner mingale na juroom ñaari yonnent ci lu aju ci dëkku Tyr bu njëkk boobu ak mbir yi nu yeegleewoon. Bi mu natte ndax mbir yooyu yonnent Yàlla Esekel xamleewoon mënoot na matte mu wax ne:

“Bu Esekel gisoon dëkku Tyr ci jamonoom, te xamle juroom naari yeene yooyu, ci sago nit mënoot na am benn wërsëg ci 75, 000,000 nu am ni mu ko xamle woon laata nuy xew. Te matt nanu ci seen fann yëpp.”

Nanu jangat leegi juddub benn xale bu nu yeegleewoon laata mu doon judd.

Macë donoon na ab juti bu alatarete bind na neenti mbir yu kemane yu nu xamle woon laata te nu matt bi Yeesu juddo. Benn ci noom Macë a ngi wax ci yonnent Yàlla Mise bi doon ñaň ak dooleem gépp nguur yi jagul woon ci jamanom. Mise xolam dafa meti woon ci li reewam amulwoonnguur bu jagg ci jamanom; Waaye

mu am ay bésu mbegte bi ko Yàlla xamale ne benn
bés ab Kilifa” ak ab Musalkat dina juddu:

*Yaw Betleyem ci diwanu Yude du yaw yaa yées
ci njiiti Yude; ndaxte ci yaw la njiit di Génne, kiy
sàmm Israyil sama xeet te coosano fu sore ba dara
amaguloon 11. (Mise 5: 2)*

Gisoon na ne ki nga xamne moo waroona jiite
Israyil dina juddoo Betleyem Efrata.

Ni ko Mise xamle woon Yeesu juddowul ci dëkku Nasaret fi ay wajurëm dëkk, Lii la Yàlla xamle Waaye ca Betleyem Efrata; juddo na fa ndax ndiggël bi buur bu magg bu Room joxewoon. Mbindu mooma mu ngi dajjewoon ak jamonoy galag te ay wajurëm doon topp ndiggël la buur ba joxewoon. Kann moy seeti buur ca Betleyem bi doon dëkk bu ndaw ci biri yeeneni dëkk yu bare ci diwanu Yude? Wërsëg yi mu amoon ngir juddo Betleyem neewoon nanu. Waaye foofu la ame ni ko Mise xamlee woon ci dundub Yeesu.

Jàng nanu li Yàlla wax ne:

*Mbind mi ne na damay xamle ca njàlbéen ga li wara
xéw te lu yagg li warar am te amagul (Esayi 46: 10).*

*Jàng nanu ne Yàlla wax na ne ci bu yagg xamlee na
mbir yi wara xéw ci njàlbéen ga. Genne na ci sama
gemin te yegle na ko; ci saasi ma yengu te nu matt.
Yegël na la lu jit u mbir yooyu, jotali na la ko laata
nuy agsi. (Esayi 48: 3,5)*

Te netali yi woone nanu ne li Yàlla xamle laata nuy agsi te nu bind léen ci bibal bi daya m ba matt sëkk te dara du ci des.

Mën mënu kaatanu bibal bi

Benn firndee bu kenn mënul a jalax buy woone ni bibal bi moo di Kaddug Yàlla ak san-san limu am ci dundu képp ku kooy jàng, xebaaru bibal bi day dello nit gëddam ak darajam ci fann yépp (ci wallu aada, nekkinam ak neenen ni, moom ci boppam) fépp fu nu koy jàngale te nu gëm ko.

Laata ſu doon saytuwaat téere bi ak di ko bind, kenn ci samay xarit ſëw na gis ma nu jàmbarat nun ſhaar téeré bi donte du nitu xol bes boobu tuur na ay rangon ci bi muy jàng naari xaaj yu mujj yi ci téeré bi. Naari yoon tawaw nanu ngir naan Yàlla aji mbëggéel gi. Nu santando Yàlla ngir muňam, yérmandéem ak cofélam ci sunu dundu bakaar kat. Sunu mbéeggte matt na sëkk bi nu nemmeko téwayu Yàlla ci sunu biir.

Bes boobu amoon na solo ci sunu xarit boobu, benn at lu jitú mungi woon ci kér gu yanjj bu wuteek fi nu nekk nun.

Waaye nataange googu mu nekkoon yëggélu ko woon yaramam. Ci biir xolam amul woon yakaar te dund gi sofoon na ko. Te bi muy gëstu nafsom la jitëloon. Alal ju bare la doon def ci sinebar, jéemoon na lépp luy dalal xel luy xabtal xel ba ci sangara. Ay at yu bare ci tugë ak fépp ci adduna si daf fa daan pukëre di noos ak ni ëpp alal ci boroom alal yi. Waaye ngoon soosu, dafa wéetoon. Ci wéetange googu ak njaqare googu ci kanamu adduna gu raglu ak buy dëkkuwate mu koy nurool ne mujj ak pexe jéex na.

Mu doggu xaru, jëll fitalam tekk ci boppam fas yéene ray boppam. Ci saa si (sunu xarit bi xamul naka la ame) waaye ci télè bi mu degg xabaar buy maye yakaar donte bëgg ko woon Déglu. Xaja guddi moom rekk mu sukk ay omoom ci kanamu Yàlla ñaan ko mu yërëm ko te baal ko.

Kaatantu Yàlla soppi na sunu dundug xarit ba nga xamne nit ki togg ci sunu kanam wute na ag ki ma doon netali dundam ay waa-juram ñaanal nañu ko laata mu doon juddu, bi mu nekke xale jàngoon na bibal bi wante mosul doon lu dëggü ci moom. Ci dundug natangéem faléwul woon Yàlla te dafa daan dund ci moy Yàlla

Fukki at ak juroom naar laata ngoon soosu mu dul fateti te nga xamne ci la gisewoon ak Yàlla. Sunu xarit boobu jëndoona na benn téeré bo xamne këyit yu nu bindul dara no ci nekk. Dafa omoon yéeneb defsi mbir yi xew ci dundam te am solo ci moom. Waaye dirub fukki at ak juroom naar ci dundam bu téridi boobu gisul lu jara bind ci téerém boobu.

Li ko waral mooy dirub at yu bare yooyu yëpp sama xarit bi dafa dumoyuwoon Yàlla aji dundu ji ba noppi wallu baatin dafa ci tumrankeewoon. Li xéew ci dundam mooy fecc ak woy rekk noo ko soxoloon ba noppi mu sobbu ci mbirum jaxase bépp diine. Mu gis tamit njariñ ci ni indoyi di jammo séeni Yalla ba tax mu dugg ci ak ni reew yi wér indoyi di xëréme. Benn ci mbir yooyu yéeyowul mu bind léen ci téerém boobu ba bes bi mu dajje ak Yàlla këyit yooyu bindu ci dara.

Ngoon soosu la ci jëkk bind li mu rané. Amoon na mbéegté jàng li mu ci bindoon. Netali bu am solo. Ci nit ko xamne dafa reeroon te Yàllab mbëggeel gi musal ko. Dawoon na yaram. Ci yérmandéem bu amul

Ndax seen sëriň wóor na?

app, Yàlla wéeral na ko cib gumب xelam, musal na ko cib nakk yakaaram ak dee tabal ko ci léerug dëggam ak mbëgelam.

Nakk yakaar ci wallu baatin ni samag gumba xarit boobu moo tax ba Yàlla won boppam ci téeré boobu nu dippé Bibal bi. Bu **ngéen dumoyo bibal bi**, moom mi matt serin, yéena ngi gëna réerél seen bopp. Waaye ci seen gëstu wëlbatiku ngéen **ci bibal bi** ak xel mu ubbeku di ngéen gis ne mo yor leer ak lépp li ngeen soxla ci wallu baatin.

Ci biir bibal bi rekk la nu mëne xam Yàlla ni mu nu féenoo. Ci biir téeré bi nu janoo bët ak bët kaddug Yàlla, léerug addina si.

Boroom bi, sa kaddu dafa sax ba faww,
Day womaat sunuy jeego,
Kepp ku ko gëm;
Dinga jot léer ak mbéegte.

Ay ponk yu ngéen mën a xalaat bu baax

1. Ndax am na ay téeré yu sell yu mën a mengële ak Bibal bi ci ni waxi yonnent di matte ci séen fann yépp?
2. Ndax am na ay nit yu ngéen xam te séen dund soppeku soppeku gu rafet te bayiwunu xel ci xebaaru Bibal bi?
3. Laata ngéen di nawadi njàngale yi ci biir bibal bi ndax mos ngéen léen saytu bu baax bu dee benn yoon sax?

*Jafe-jafe yi nu am ngir xam asamaan
si ak suuf si du dara sunu ko mengale ak
jaf-jafe ji gëna am solo di,
Yalla naka la mel ak gan taxawaay
ni ay nit yu ànd ak saago lanu wara am ci
kanamam.*

A. W. TOZER

Naka la Yàlla mel?

*W*it ku nekk benn yoon ci dundam laaj na boppam “naka la Yàlla mel?” Donte Yàlla tontu na ci laaj boobu am na noo xamne seenub xel moo leen gën a doy jàng ci bibal bi li Yàlla wax ci moom.

Nit noonu nu ngi jalgati wax ju am solo ci biir bibal bi. Yàlla ne na: *nanu sàkk nit ci sunu melokaan* (*Njalleen ga 1: 26*), am, “noom nu naan nanu sàkk Yàlla ci sunu melokaan.” Ci noonu ňu soppi *ndamu Yàlla bi dul yaqu ci ay nataalu nit yuy yaqu* (*Rom 1: 23*). Amul benn Yàlla bu nit sàkk bu moso am saň-saň donte ay ponkal laňu.

Lu nit muus- muus ba sukkëndiku ci xelam du mën a gis Yàlla... *Ganaaw addina si ci xam-amam demul ba xam Yàlla* (*1 Korent 1: 21*). Bu Yàlla bëggooon Su xam-xamu nit mënoon a gis Yàlla nit ňi amul xa-xam bu bare di naňu yéesle ci séenub wuut Yàlla, wante démewul noonu.

Waaye sagoo bi ci Yàlla ňëpp la ko bëgg jagleel, domu Afrik biy for màtt bes bu nekk ba ci jàngale kat bi ci daara ju kawe ji, ndaxte xelub Yàlla boobu nekkul jàng nga kooy maye, kepp ku suufelu te nangu ab ŋakk xelam te soxla ndimbalu Yàlla ci séenub gëstu.

Ku xelam des ci benn fann ci yéen nag na ko ŋaan Yàlla, te dina ko ko may, ndaxte Yàlla mooy Aji yéwén, jiy may ŋépp ci lu andul ak genn ŋaňn (Saag 1: 5). Fasoju sago boobu bawowul ci addina si, waaye ci Yàlla la joge. (Manaam ni jite àaddina si) amul woon xam-xam boobu...Nun nag xel mi nu jot, jogewul ci addina, waaye Yàlla nu ko sol ci yiitam (I Korent 2: 8,12).

Bibal bi du xalaatu diine ba noppa da fay woone naka la Yàlla wone boppam nit ni. Yàlla rekk moo mën a joxe xam-xam bi nu soxla ngir xam moom mooy kan ak lu muy xaar ci sunu dund.

Na nu ko ŋaan rekk te dina wone boppam ci kaddom gu sell gi.

Ci sunuy tukki gis nanu yëgg-yëgg ci béreeb ak nit yu nu foogulwoon, benn bes ci misaal, daje woon naňu ak mboloom waxabane yu dëkk ci alub Keňa ci Afrik bi ŋu waxtaane ak ŋoom ŋu gis ne leen rekk laňu bëgg te mooy seedoo seen ngëm te gën a yokku ci xam Yàlla.

Si doj wu magg bi ma toogoon ci yoon bu bare pënd ngir noppalu, ma dégg ay yëngu-yëngu ci biir ay garab yu ndaw. Ma daldi géstu gis jënt bu tape ci gëti benn xale bu goor bu ŋuul te mu daldi ŋëw toog ci sama wet ŋu daldi xaritoo yeeneen xaleyu goor degg sunuy baat ŋëw ŋoom itam toog di degglu li ŋu doon wax. Seen xam-xam ci bibal bi yeemoon na ma.

“Lu tax Yàlla bëggulwoon Musa gis kanaman?”
La ma xale bu goor bi laaj.

Laaj boobu yeemoon na ma, noonu ma tontu Soél laaj ko ndax fataliku na ŋaan bi Musa ŋaanoon Yàlla laata Yàlla di ko wax naan: *Sama ganaw ngay gis. Waaye sama kanaam mèneesu ko gis* (*Gadday ga 33: 23*)

Musa jàngulwoon rekk baneex bi am ci gis ndamu Yàlla. Yàlla dafa nekk Yàlla juy wonne boppam tey xëcc nit ci moom wante Yàlla buy feeñu nit du wéesu lu nit mënul dekku loolo waral mu feeñu yonentam Musa yem ci li Musa mëna dekku ndaxte bu Yàlla wonewoon ndamam gepp konn Musa dina tàkk jëppeet ndax ndamu Yàlla Yàlla dafa mujjé laq Musa ci benn xur wu nekkoon ciw *Benn dojj wu rey ba mu romb* (*Gadday ga 33: 22*)

Xaleyu goor yooyu deck ci diggu Afrik xam naňu ne mënu ŋoo xool jaxran jànt bi bu ŋu arulee seeni gët. Xam naňu itam lëppa-lëppu Guddi leer moo léen di xëcc. Bu ma léen laaje luy xew bu lëppa-lëpp yi jage lool lamp bi ŋu tontondoo ma ŋoom ñepp “daňuy dee” xam na ŋu tang-tàng lamp bi bu éppe du baax ci ŋoom.

Ma jémm a wuutat beenen misaal bu leen mën a dimbali ba ŋu xam li ma leen a bëgg a jàngal. Sama xarit xam naňu lakk yi seen yaay yi di lakk bu nuy yéetal séeni rakk yu goor ak yu jiguéen ngir tafleen ci seeni xol. Maa daldi leen wax it ci lack yi. (*Ayuba 38: 9*) Yàlla def ci kaw suuf si.

(Niti xam-xam yi ŋu ngi ko tudde ngelaw gi nuy noyee te muy segg tooke yi jànt bi di xëpp ci sunu jawwu. Bu dul woon jànt bi dund du mën a nekk ci kaw suuf donte jànt bi am ay tokke yu muy xëppale wante Yàlla ci yérmandeem mi ngi séegg tokke yooyu di jur ay jàngoro yu mel ni kanséer).

Li ga xam ne moom la Yàlla jëfandiko ngir ar nu ci làkk làkk yu tar yooyu soxal sama xarit yu ndaw yooyu. Wooru ma ne li ma leen wax lépp xam naňu ko wante seen xol a ngi yéemu te fees mbëggéel ak ndam te ňu ňaanandoo te xam naňu ne ni Yalla arewoon Musa bi mu ko bëgge xam noni itam la léen Yàlla di are ci seen gëstub Yàlla. Ci sunu fexe xam naka la Yàlla mel war naňoo bayi sunu xel ci benn dëgg bu nekk ci bibal bi bu naan: “deglul Israyil! Aji sax ji, sunu Yàlla moom kenn mooy **Aji sax**” (*dëtérénóom 6: 4*) lii Yàlla doon kenn dëgg la go xamne lépp ci la sukkëndiku.

Ngir ňu gën ko mën a xam Yàlla xamal naňu ay turam.

Ci biir bibal bi turi Yàlla da ſoo am sa bu neck solo, ndaxte solos tur bu neck am na ay yen fann yu muy feeňal ci kin ko dippé. Bepp turu Yàlla am na lu muy tekki lu wute ak yeneen yi te day wone benn fann ci jëmmu Yàlla.

Ci kollére gu jëkk ga ſeeti tur laňu doon wooye Yàlla: Eloyim, Yéowa, ak Adonay benn bu neck ci tur yooyu am na lu muy tekki. Bu jëkk bi mooy Eloyim te lu ëpp ňaari junni yoon la nu Koy gis. Léer na ne Yàlla da bëgg ňu xam njériň ak lu turam boobu di tekki. “Eloyim.” Lan lay tekki?

Ci làkku nasaraan bi di aŋalee, bunu bëgge wax ci lu ëpp benn nit am na luy wone ne lu ëpp benn nit la nuy wax su de it benn nit mba lu ko yées am na it luy wone loolu muy limmu ňu bare wala limmu ňu néew (pluriel singulier) waaye ba léegi làkku yawut yi moom ňaaroo ngir xajale ňaari nit walla ňaari yëf ak li ak li nasaraan

di mandargale lu ëpp ŋaari nit. Wute gi am ci diggënte ŋaari làkk yooyu ci ni nuy mandargale ci séeni limm walla wax lu ëpp ŋaari nit dafa am solo ci turu Yàlla bu njëkk boobu Eloyim. Eloyim ci làkku Ibrë Yeesul benn nit walla lu ëpp benn nit liy tekki ŋaar jëm kaw.

“*Ci njalbeen ga Yàlla sakk na asamaan ak suuf*” (*Njalbeen ga 1: 1*). Waaye tamit Eloyim ay tur yu bare ngi ci biiram di Yàlla El moom limmu benn la tey day firndeel bu nu ci Bibal bi: Yàlla aji sax ji sunu Yàlla kenn la. Aaya bi jëkk ci biir Bibal bi ci lu Yàlla won nit mooy ŋeeti Yàlla ci kenn ak benn Yàlla ci ŋeeti melokaan.

Ginaw wax jooju ŋeeti Yàlla ci benn melokaan gis nanu lu sore tuti ni nu sàkke nit li gënn a firndeel ŋeetub Yàlla ci benn bi mu naan ***nanu bind nit ci sunu melokaan, mu niroo ak nun*** (*Njalbeen ga 1: 26*)* kenn mënnul wéeddi ne “Nun” du limmu ŋu bare waaye aaya bi ci topp lii la waxi Yàlla dafa wax ne bind nit ci melokaanam *ci melo kaanu boppam la Yàlla bind nit, goor ak jigeen la bind* (*Njalbeen ga 1: 27*) fii tamit leer na ne “moom” limu benn la. Aaya yii nu ngi wax ci benn nit ak lu epp benn nit. Waaye sa bu nekk Yàlla lan nu fiy wax ci fann Eloyim.

Jafe na ci xalaatu nit mu xam Yàlla bu ni mel. Lolo waral Yàlla jox nu “*xelam*” *ngir nu xam li mu nu may ci yiawam* (*IKorent 2: 12*) Yàlla dafay woone sa bu nekk tuuti ci boppam ak ndamam bu amul app.

* Baax na ngeen xam ne mënesul a mengële ni nu sàkke nit góor ak jigéen ak ni nu sàkke gaňax, walla bayima bi gën a kawe ci ni nu ko sakke, ndaxte nit ci melokanu Yàlla. Ci noonu kenn laňu ci ni nu leen sàkke ci seen melo te danuy wonne noonu ngëneel yi nekk ci li Yàlla sàkk. Bu nu sukkandiko ci li nit doon kenn, di ngeen xam, su ngeen weyee ci njágum téere bi, ci dëgg yeen ay kan.

Bu ngeen xame fannu ſeeti Yàlla ci benn jém te doon benn Yàlla dingeen japp tuuti ci yaatayu, xootayu ak maggayu mbeggel gi Yàlla am ci yeen bu ngeen jànge juróom ñaareelu xaaj bi.

Ngir dimbalileen ngeen xam yaatuwayu mbegelam, Yàlla ndank ndank mi ngi woon boppam ci bibal bi. Foofu lanu xamee Yàlla baay bi miy tamit Yàlla doom ji ak Yàlla xel mu sell mi. Dafay wone boppom tamit ni benn Yàlla. Menu nu lu dul jeem xam loolu. Moom mu tann wacc ba ci nit ni te woone boppam ndax te dina jafe nit yekketiku ba ci moom ngir xam ko.

Ndamu, sellayu ak leeru Yàlla danu leen waroona nebb Musa. Waaye ci wallu Yàlla doom ji, Eloyim dafa woone ci ndamam li menule woon tall nit jeppeet.

Ci noonu jàng nanu ci kollère gu bees gi ne:

*Ndaxte Yàlla mi ne: Na leer leer ci biir lendem moo
leer ci sunu xol, ngir leeral nu ak xam xamu ndamu
Yàlla, biyfeen ci xar-kanamu Kirist (2 Korent 4: 6).*

Xalaat leen de bi nga xamee ne yowaana xar kamamu Yeesu Kirist ma ne. *Kaddu gi ñëw, doon nit,
dekk ci sunu biir. Cis nanu ndamam, mu fees akyiw ak
degg, ndam li baay bi jox jenn doomam ji mu am kepp* (Yowaana 1: 14).

Ci mujantal ga wax na ndajem ak Yàlla ci jemu Yeesu Kirist te dund na ngir netali ko. Ne na daje boobu ak aji sax ji danoon degg, gis te lall. Li nu gis te degg ko, nu ngi leen koy yegal, ngir yeen itam ngeen bokk ak nun te degg-degg bokh nanu ci Baay bi ak Doomam, Yeesu Kirist.

Nu ngi leen di bind yef yii, ngir sunu mbeg mat sek, nun nepp.

Naka la Yàlla mel?

Li nekkoon ca njalbeen ga, li nu dégg li nu gis ak sunuy gët...ak li sunuy loxo laal (I Yowaana 1: 1)

Netalib yowaana nekkul xalaat bu nu xamul ku ko bind ci Yàlla rekk tek waaye seede bu mu dund la:

“xëy na yeen a ngi naan naka la maa li mën a dim-balee tey” Yowaana tontu na ci laj boobu: *nu ngi leen di bind yefyii, ngir seen mbég mat sëkk (I Yowaana 1: 4)*. Te teere bi mu ngi ci seeni loxo ndax te seen ben xarit dafa begg lool seen mbeg itam mat sekki ci seenub ndaje ak Yàlla jiy dund.

Yowaana a ngi leeral:

Li nu gis te degg ko, nu ngi leen koy yegal ngir yéen itam bokk ak nun. Te dégg dégg bokk nanu ci Baay bi ak Doomam, Yeesu Kirist. Nu ngi leen di bind yëf yii, ngir sunu mbég mat sëkk, nun ñëpp. (I Yowaana 1: 3-4)

Ni leer di xecate guddi noonit la ndemu Yàlla di xecce nit ni ci moom. Tey ji yeen itam bu ngeen begge xam Yàlla men ngeen waxandoo ak Musa: ‘woon ma Sa ndam.’

Ay ponk ngir ngeen xalaat si bu baax

1. Seen gëstub Yàlla ndax xalaat ngeen jàng bibal bi?
2. Bu ngeen di jang bibal bi ndax yeena ngi ñaan Yàlla mu feeñuleen ci!

Ab ñaan bu ma leen di degtel a ngi: “Yaw Yàlla, bo dee Yàlla ji sakk addina si te fees ak mbegeel ngir man su la neexe feenu ma te nga woon ma ne Yeesu Kirist mooy sadoom bi nga begg ak almasi bi nga digge woon.”

3. Ndax nangu ngeen ne su ngeen bëggé jammu Yàlla dëgg war na ci bu wóor am:

Waru leen ci yoon sukkëndiku ci seeni pexee bopp te ngeen xam ne ci seen xelu bopp du ngeen mënn xam Yàlla.

*Yakkaarna ne xam na bu baax jikks nit. Te ma ngi
leen di firndeel ne nit yu magg yu jamono ju jekk ja
ay nit kese lanu woon le man itam nit kese la. Waaye
kenn melulni moom. Yeesu Kirist epp na nit kese.*

NAPOLEON

Lan moo xajale nit ñi?

*N*u ngi mengële addina si ni benn dëkk rekk.
Waaye ay ndekendo yu soxar noo ci dekk.
Addina soo su mungi gen di jaxaso.

Ci gis gis bu jekk danoo yakaar ne politik, koom-koom, mboot brir yi walla masin yu xarale yoo yu noo xajale nit ne. Donte li epp ci jafe jafe yiyo boole nit ni yooyu la am na beneen jafe-jafe bu xoot bu nu mën a nangu te muy xajale sunu àaddina si.

Nanu saytu ci lu gaaw li waral xéet yi xaajalo laata
ňuy deggmal bi ëpp solo te gën a fes.

Xaajaloo yi gën a fes

Politik: Aji way politik yi ñu ngi dëkonte tey moy-tonte. Bu seeni gis-gis wutee da noo yaakaar ne mën na noo sukkendiku elleg ci seen kataanu alkati yi.

Neenen ni tit noom nu ngi xol naka lanu mena wonnee xeti ganay yu xarala yooyee di klate te am doole lool ňiy seetaan noonu di dox tanki jamm gis naňu sax ci doxalinu ňooňu ay yef yu mena sokke ay.

Koom koom: Ni musiba yu mel ni bekkor. Xiif ak yengu yengu suuf gen di soxal nit ni rawatina dekk yi feete ci wallyi nakk gena epp ci addina si te nu dippe “Tiers-monde” Musiba yooyu reew yi gena nakk lay sonal bun ko mengele ak reew yi omle. Donte nu bare a ngi def seen kem kataan ngir dimbali ŋeen ŋi, meti na bu nu setlo ne ŋi gëna am a ngi wey di am te ŋi gena ŋakk di wey di ŋakk.

Ci wallu kér yi: Njaboot yi itam a ngi gëna tas, seeni rangoň a ngi tuuri. Letsoale xamalma nee “Keram tas na” dama xalaatoon ne neegu naxam mo ores, waaye, ci sutura dafma begoona wax nee soxnam wacc na ko. Ci sunu bes yi ker yu bare tas nanu. Rey moo di lu deppowul ak mbegeel gu deggu gi mena degeral ab sey tabax ko mu nekk waaye ni nu ko nara gise lu ci nu jang di gena sore ne mbegelu Yàlla aji sey yi begg tabaax seenub sey ci digante bu jagg lanu ko jagleel.

Ci wallu masinn yu xarale yi: Ci ndortee atub 1985, reeroo bi gena tar ci walla masine yu xarale yi ci at yu mujj jeexoon ca Angalteer. Donte gereew yi ak ŋaxtu mbed takk nanu, goomu xol yu taar yi nu sax ba leegi ni taab yu xeeň ci diggante, maneebar yi ak njaatige yi ba ci bIir njàbootu gaskati xur yi. Ban wuute ak safara ci jafante yu tang yu amoon ci xur yoo yu nuy wuute kerin ca dekku Pays de Galles ni ci atub 1904! John Parry netalina ma na mu ko dunde.

Bi ma xamante ak John maneebar bu alatarete la woon mu ngi amoon juroom nent fukki at ak benn, dafa gumbewoon ti dafa amoon feebar booxamne ci

Lan moo xajale nit ñi?

ligeyp boobu mu doon def la ko jelewoon. Sama sox na ak man dan nanu faral di ko seti ci keram ca dekku nu yas nii. Ak Mbeggte la nee daan neetale li Yàlla defoon ca jomono ya nit na walbatikuwoon ci Yàlla ci atub 1904 ak 1905 a noonu la maneebar yi ak seen njaatige jebbaluwoon ci Yàlla aji dund ji ci noonu nu am benoo bu deggu bu and ak koolute a weg ci seen biir noom. Gan wuute ci digante atub 1905 ba ci jamonoy tey!

John ci xol bu fes ak mbéeggte la doon waxe ci li xeewoon jamano jooju bëre bu sangara yu bare danoo tej ndaxt nu bare beggetunu woonnaan sangara te muy fataliku bu nu daan woyendoo noom ligey katyi ci berebu ligeyu kay yi di maggall Yàlla. Te muy ree naan bu “nit ñi daanuy ñew dima laaj coppitegu jem ci Yàlla fan la amee muy fegg dennem naan, leen fii ak leegi la amee.”

Xaajalo bu dëggu bi

Ak lu wuute gi xóot, am na benn mbir bu ëpp solo te wéy di xajale nit ñi. Lu leer musiba buy yoot xeet yu bare. Nit ñi dees na leen dajale ci kaw seen ñakk xam Yàlla!

Yàlla li muy feeñu nit lépp mosula bëgg am xarma Yàlla ak dëgg ak melokaanam. Lataa juddub Yeesu Kirist Yàlla diggewoon na yonne nu leer bu magg ngir dimbali ni ko xamul: *Xeet biy dox ci lendemb dina gis leer bu mag*(Esayi 9: 2). Yàlla xamle ne naka lay yonne leer googu, ci wax ji ci topp: *benn xale juddul nonu, ab doom may nan nu ko*(Esayi 9: 6).

Wax ji du woon luy bet kenn su Yàlla yamoon rek ci yegle juddub benn xale, bis bu nekk ay xale ngi juddu. Du am benn solo su fekkoon xale bi nuy yegle du woon xale bi Yàlla digge woon. Waxu yonent boobu deggu na tey ndaxte li Yàlla yeglewoon mat na. Yàlla jixe ba diinab Yeesu Kirist te moom dund na ci kaw suuf si ci juddub benn xale ak mayug jenn doom, Yàlla yonne na leer ni nekkoon ci lendem ba tay gi leer googoo ngi daq lendem yi ak xel naar yi nu doon tere gis Yàlla.

Ngir wuutele juddub doomam ak yeneeni xale yi Yàlla yegle woona keeman ngir mandargal juddub domam: *jank bi dina emb jur doom ju goor tudde ko emmanuwel (Esayi 7: 14)*

Liy tekki Yàlla ci sunu biir lie moo nuy won li wuutele xebaa bu baax ak yangaleeb yeneen diine yi. Diine mooy pexeb nit ngir dem fa Yàlla. Bibal bi mu ngi muy woon naka la Yàlla wacee ba ci nit.

Bi Yàlla doggoo tabbal boppu pojam ci Kaw suuf ab jank emb na. Bes bi Yàlla aji sax ji doggoo sufel boppam ba bokk ci addinasi bokk na ci netelib addina si waaye li muy xalaat ci loolu, *benn malaakam boroom bi daldi ko feeñu ci gént ne ko: yaw yuusufa, setu daawuda, bul ragala yeggali Maryama sa jabar, ndaxte doom ji mu emb, ci xel mu sebb mi la joge*(Macë 1: 20). Ci ginnaaw gi bi Yeesujuddo ba nekk waxamba ne mu deggal ne Yàlla la ci kanamu ni ko doon dijaat wax li: *man ak Baay bi benn lanu*(Yowaana 10: 30)

Lii la Jim Irwin, te yeegoon ci kaw jawwu ji “li Yàlla aji sakk addina si tekk tank ma ci kaw suuf moo epp solo jeggo bi nit def ba dem ci wer wi” Ci

dëgg dëgg ci le nit def ci jawwu ji amul lu nu ci mena mengèle ak keemaan gi Yàlla aji sax ji new ci biir nit ni ci jemmu Yeesu Kirist.

Ganaaw ba mu yegle juddub benn xale te genn doom may nan nuko Bibal bi yok na ci nee di: “nan ko woowe nguoram dina gën a law, te jammam sax ba faww Dina toog ci jalu dawuda ak ci nguoram, di ko degeral ak a taawu, ci degg ak ci njub leegi ba faww” (Esayi 9: 6,7). Kataan ak fas yeeni gi tukke ci xel bi woone na jikko yi gen ci ki nu tayleewoon ngir addina sepp. Tey ji ba leegi, nee ngi seet ay njiit yu mena doxal njubte wante tamit nu am sans an bi. Nu ci epp xam nonu li nu waradef waaye du benn njiit ci netelib addina si sepp bu moso am san sana ak saago bo taxawal jamm ju sax.

Buuru jamm ji am na sans an gi ak saago ngir saxal ci addina si jamm ju sax. Ben bés Yeesu dina delusi ci addina si ngir nguuru ci kaw suuf. Bés boobu Kér yi defar nganay yi dina nu tēj boom yepp dinanu leen nasaxaal ba faww; wottukatu buntu dëkk yi ak xarekat yi dina ñu dellu seeni kér ba faww!

Te niy wattu fii dekky yen dina nu dellu seeni ba muuk seeni ker nit woone na telem ngir jiite domi adama yi. Jamm ak njubte buuru jamm ji lanuy xaar bu ñëwee ngir nguuru ci nguoram gépp! Su booba *nit ñi dinañu namm seeni jasi, xeej ak seen yeeneni xetiNganaay: dina atte xeet yi, lijjant diggantegiir yu bare. Dinanu tegg ci seeni jasi illeer def seeni xeej sart* (Esayi 2: 4) Ci bés boobu: *adina si dina fees ak ndamu Yàlla ni dex yi feesele biir geej* (Abakuk 2: 14) Amul neenen no xamne noonu la netelib nit ni di jeexe te mu neex Yàlla.

Laata bes boobu reero bu xoot dina am ci deggante nit ni mu ngi aju ci bokk waw wala deet ci Yeesu Kirist.

Lolo waral mu am solo lool ngir ngeen xam moom mooy kan, lu waral newam ak limu def ngir yeen bi mu nekke ci kaw suuf.

Teereb njalbeen ga ak injilu yowaana noo yam tambalekaay. Ci biir njalbeen ga, nu ngi ciy njàng: ca njalbeen ga Yàlla sakk asamaan ak suuf (Njalbeen ga 1: 1). Ci biir yowaana nu ngi ciy njang lii: *Ca Njalbeen ga fekk na kaddu gi am, te kaddu gi ma nga woon ak Yàlla, te kaddu gi Yàlla la woon... cii moom lanu sakke lépp* (*Yowaana 1: 1,3*). Yàlla, mi nuy weewe Eloyim ca njalbeen ga, mooy ‘kaddu’ gi ci biir injilu yowaana. Eloyim, kaddu gi, jel na jëmmu nit ngir dox ci biir li mu sakk. Ci noonu la Yàlla firndelee mbëggelam ngir nit ne. Nañu jàng wax ju dëgér gi ci biir ñanu ko jagleloon:

Ca njalbeen ga fekk na kaddu gi am. Te kaddu gi ma nga woon ak Yàlla, te kaddu gi Yàlla la woon. Moo di ki nekkoon ak Yàlla ca njalbeen ga. Ci moom lanu sakke lepp. Amul dara lu nu sakk lu jaarul ci moom. Ci moom la dund nekk, te dund googu mooy leeral nit ni. Leer gi feen na ci biir lendem, te lendem gi jappu ko...ci addina la nekkoon, addina si nu sakk kaarale ko ci moom, te addina xamu ko. New na ci reewam, te ay nonam nanguwunu ko. Teeuwul ni ko nangu te gem ci turam, may na leen, nu am sañ. Sañ nekk doomu Yàlla...kaddu gi new, doon nut, dekk ci sunu biir. Ais manu ndamam, mu fees ak yiwiw ak degg, ndam li Baay bi jox jenn doomam ji mu am kepp. (*Yowaana 1: 1-3, 10-12, 14*)

Lan moo xajale nit ñi?

Ni Musa taalibe bi di Filib dafa bëgoon xam naka la Yàlla mel.

Filib ne ko: *boroom bi, won nu baay bi* (*Yowaana 14: 8*) waaye Yeesu tontu ko ne *ku maa gis, gis nga baay bi* (*Yowaana 14: 9*). Fasoju wax ji dif rej Fenkat walla Yàlla rekk moo ko mën a wax. Te Yeesu kenn mënu ko sosal ak mbir yooyu, ne dof walla Fenkat la moom ci boppam. Bu nekkulwoon Yàlla kon mooy naxkat bu réy bi àddina si moso xam. Kon war nanoo nangu ne bu nu xole Yeesu, Yàlla la nuy gis.

Ci wax yooyu la ñeen ñi sukkandiku ngir dëddu ko. Ñeen ñi jiñ nan ko naxekat bi mu waxe ne *man ak baay bi benn lanu* (*Yowaana 10: 30*) nekkoon nanu sax ay nonam ndaxte danoo bañoon a gëm ay waxam ñeneen gis ci moom ay tontu ci laaj yi ñu amoon. Ni Yeesu doon xëcee yenn nit noonu itam la doon soreel ñenn. Am na ñu ko doon topp, ak ñu ko doon a wuut a ray.

Giru dundam gépp ci kaw suuf, Yeesu xajalewoon na nit ñi. Yeesu wax na ne:

Noonu ku farul ak man, yaa ngi may xeex, ku dajalewul ak man, yaa ngi tasaare. (*Macë 12: 30*)

Waaye tontu bu jëkk mën na baña sax

Nanu xalaat ci dundu benn nit bu dundam sop-peku. Noonu Yeesu gi mu donoon, nekk na tallibeem. Sool kilifa la diine Yawut la woon gu amoon dund gu neex. Ci ndawam, Sool dafa bañoon talibe Yeesu yi ba nga xamne dafa leen doon bundxatal te dafa doon and si ñu ray leen. Waaye, ginnaaw bi mu mucce, dund gépp dafa doon sargal Yeesu ni Boroomam ak

Kilifam. Sonnoon na lool ndax farloom ci Yeesu. Lan moo defoon wuute gi?

Bi, nga xame ne Sool mu ngi doon dem Damaas, mu gis benn leer bu leer naňň. Leer googu dafa amoon dole ba Sool jare fa gumba ab diir. Te xamoon na ci lu ko kenn waxul ne mu ngi woon ci iotaayu Yàlla.

Mu sukkandiku ci baatu Gerek bu Yàlla, daldi wax: *Yaay kan, Boroom bi?* Yàlla ne ko: *Maay Yeesu, mi ngay fitnaal (Jëf Ya 9: 5)*. Sool xam bés boobu ne Yàlla ak Yeesu kenn laňu.

Peeňu googu soppi na Sool noonu Yàlla mu nekk Pool talibe Yeesu. Li ko tambale bés boobu, jebal na dundam gépp Boroom bi Yeesu Kirist. Ci ginnaaw gi, donte fitnaaloon nanu ko ndax ngémam, dundam gépp dafa doon tasaare Xibaar bu Baax bi ne Yeesu ganesi-woon na Suuf si. Yeesu dëggwoon na ci dundam ba Pool nekk ndawu Yeesu bu mag ci jamano yépp. Batax-alam yi fees naňu ay firnde yuy wonne ne lépp lanu sàkk jare ak ngir Boroom bi Yeesu Kirist (*Kolos 1: 16*).

Gis nanu noonu ne Yeesu bu Nasaréet moo di Yàlla Doom **ji**, te du **ab** yonnent rekk ni ko Lislam di jàngale. Nekkul it **ab** benn doomu Yàlla ni ko Mormons yi xalate, waa Témoins de Jéhovah ak ňenn ñi. Ci seeni pexe ngir jàngale lu dëgguwul seeni mboolo; ñu bare tann naňu baňa nangu li Yàlla wonne ci bop-pam. Loolu mu ngi tudd “bokkale” te téeré bi di *Webster tudde* ni: “jeema jaxase walla boole xalaatu diine yu bare yu jafe andale”.

Hindoyi ci misal, nangu nanu “Yeesu” te boole ko ci seeni limmu yeneen “Yàlla”. Ci sunu njariň la ñu fataliku ne bi Yàllay Ilias, Yàlla ju dëggi gi tey dund,

Lan moo xajale nit ñi?

bokke jotaay ak ay xërëmu ñi xamul Yàlla, dafa leen di daaneel. Ci noonu itam, bépp Yàlla bu loxo nit defar walla nit xalaat ko dina daanu ci kanamu Boroom bi Yeesu Kirist. Moom moy Yàlla Doom ji, ba faww di kenn ak Baay bi ak Xell mu Sell mi.

Bu nu xame rekk ne Yeesu Kirist Yàlla la, du nu am benn jafe jafe nangu juddóom ci kaw kemaan ci janq, ci ay kemaanam, ci deewam ak ndekkitéem, yéegam ci asamaan ak deluséem ci kataan ak ndamam. Yeesu Kirist jéegi na yoon yépp yi mu tèral ci mbëggélam ak rammu gi mu nar, ndaxte moy Yàlla, Ki sàkk àddina si ak ay yoonam ak tèralinam.

Addina si ñaari pacc la bu nu ko xole ci Yeesu bu Nasaréet. Li waral xajalo boobu nekkul mbirum ku am walla ku ñakk, sëy ak fase, gis-gisu politik. Xajalo bi feeň bi Yàlla ganese àddina si weesu na lépp li fewale nit ñi.

Wax ji du ëppël ndaxte Boroom bi Yeesu ci boppam ne na:

Bu Yàlla doon seen baay, dingeen ma bëgg, ndaxte ca moom laa jóge; ñëwaluma sama bopp, waaye moo ma yónni. Lu tax dégguleen li ma leen wax? Li ko waral moo di mënuleen koo déglu. Seytaane mooy seen baay, te bëgg-bëggam ngeen di bëgg di def. Bóomkat la mas a doon, Du taxaw mukk ci dëgg, ndaxte dëgg nekkul ci moom. Buyfen, dëppoo na ak jikkoom; ndaxte fenkat la te ci moom la fenn siqikoo (Yowaana 8: 42-44).

Ndax mbéeteel la ci bu ngeen xame ne ni mu ame mboolo aji ngëm te Yàlla moo di seen Baay, am na it

beneen mboolo nit yo xamne Seytaane moo di seen baay? Népp du ዘnu doomi Yàlla. Ku nekk ci nun ወাari taneef la am ba faww. Tann bokk ci njabootu Yàlla walla njabootu Seytaane.

Ag nu seen dëggoo ci Yàlla toll. Manees nanu juum, fen la bu ne ak lu nit gëm bu dëggoo li ci des amul solo. Man ngeen wann toqe te ngeen japp ne garab la te dingeen dee!

Doomi adaama yi ci ወාari njaboot laňu sedalikoo. Ku nekk ci nun a ngi bokk ci njabootu Yàlla walla ci njabootu Seytaane. Am na solo lool ngeen xam ci ban njaboot ngeen bokk. Te mbir mi ngeen wara jëkk def ngir bokk ci njabootu Yàlla mooy ngeen xam Yàlla ak li mu def ci bi mu joxe Doomam Kirist bi.

Turu “Yeesu” mu ngi tekki “Aji sax ji mucč laň” kon malakama ne Yusufa... *na nga ko tudd Yeesu; ndaxte moo di kiy musal xeetam ci seeni bakkāar* (*Macē 1: 21*).

Lan moo xajale nit ñi?

Ay ponq ngir ngeen xalaat ci bu baax

1. Su ngeen dëggo lu ngeen xalaat ci Yàlla amul solo?
2. Lan moo xajale nit ñi? Ndax politik la, koom-kom, ci kër yi walla xarala? Walla baatin ak abadan?
3. Ban ci ŋaari njaboot yooyu Boroom bi Yeesu wax ngeen bëgg a bokk?

*Xam-xam bu xóot ci lu bon, xëyna lu ëpp leneen,
moo gën xam-xamu Yàlla giy musale.*

DR. ARNOLD (NJITU LEKKOLU RUDBI)

Lan mooy reenub jafe-jafe bi?

*C*i ndoorteelu at yii mujj, ni ëpp ci nit ni amoona naňu yakaar ngir ëllëu addina si. Gë-moon naňu sax ne ňu ngi ci atub naatange ak barke at yi ngir réewi addina sépp ba sax ci réew yi nga xam ne ňakk yakaar, jàngoro ak tiis sonal na leen. Waaye ci atub 1914 xéex boobu ňu dippe “guerre mondiale” kalate ci tugël gépp.

Tey ji donte xarala yi am, nit ni waxtanetuňu ëllëg bu yanj, waaye ay miliyoju nit ňu ngi am njaqare ngir xéeti nganay yu am dole yooyu te bare léegi tegsi mën a yaq Addina si. Jaxaso yi wér addina sépp tax na ba gëstu kat yu bare, wax ne ňu ngi dund at yi mujj te gën a tar ci sunub netali. Gis naňu li soxal niti jamonoy tey, ni nu wara nekke sax am na lu koy yoot. Lan moo doxul?

Ngir jéma tontu ci laj boobu, kangami addina si ňu ngi daje, tey waxtan. Bu nu de wax ci jafe-jafe addina si tey déeglu xalaati ňéen ni, addina si moom génn ci jafe-jafe bi dugg ci beneen. Kataan, xalis, ak xam-xam gu bare googu kenn jagewul ci soppi ni addina si di doxe. Ay boroom réew, niti politik, boroom xam-xam

yu rey yi, niti t  s-t  s yi y  ewu boroom b  ru bu den-cukayu xaalis yi, ay fajkat yu siiw ak nit ni seen xam-xam macc ci wallu askaan wi   oom       pp   u ngi indi seen xam-xam ci jafe-jafe yi addina si am.

Te tamit kenn ci boroom xa-xam yooyu du wax ci jafe bu j  kk te am solo ci diggante nit ak Y  lla, ni ko Y  lla gise. Ak nit ku mu m  n a doon bu am xam-xam ci bibal bi m  n a wallu si ka  jam yooyu. Y  lla dafa b  gg   u xam sunu jafe-jafe bu g  n a d      ggu ndaxte faww   u xam ko lataa   u ciy indi safara. Loolu wut  le   iy s      t Y  lla d      gg ak ni nga xamne da  oo da   kump   rekk. Saytu jafe-jafe bu woor boobu m  n a indi mb  teel. Musiba bu musula am xew na ginaaw bi   u sakke nit.

Y  lla ne *Nanu bind nit ci sunu melokaan mu niroo ak nun* (*Njalbeen ga 1: 26*). M  n a am ngenn ne Naka lanu sakke nit ci melokaanu Y  lla? Nekkul nirowale j  mm, ndaxte Boroom bi Yeesunee na: *Y  lla xel la* (*Yowaana 4: 24*) Y  lla yorul loxo walla ay t  nk walla it ay g  t. Y  lla kenn a jagoo dund gu sax, *d  kk ci biir l  er gu kenn m  n ta jage moom mi nit musul a gis te nit m  nu ko gis* (*ITimote 6: 16*). Amul nit ku m  nul gis. Kon am na ci nit dara lu am nj  ri  lu yaram wi solo. Nit d      gentaan day wey di dund bu yaram bi sax noppe dund. Nit kooku la  u s  akk ci melokaanu Y  lla.

Bibal bi wone ne na ne Y  lla am na xel, y  g-y  g ak coobare. Te ci fann googu lanu sakke nit yi ci melokaanu Y  lla. Waaye ndaxte Y  lla mooy Y  lla loolo, tax xelam, ak ay y  g-y  gam ak coobar  em amul app; loolu mooy jikkom. Nit moom am na app. Wante boroom xam-xam boobu di Einstein xelam amoon na fu mu yem. Kenn m  nul a xam l      pp. Kenn m  nul b  gg ak

Lan mooy reenub jafe-jafe bi?

mbëggeel gu amul app. Coobare nit nekkul lu ëpp solo ci addina si yorul ëllégam te it yiliful boppam.

Mbindinu nit da ko may mu mën a xam Yàlla te am diggante ak moom. Lolo waral bibal bi ne nit *xel la, ruu ak yaram* (*I Tesalonig 5: 23*)

Ak xelam nit mën a duggante jokkolo ak Yàlla aji sax ji. (Ruwu nit li tax muy xalaat, di tanna k di bëgg) day duggalante ak addina si jareko ci yaramam.

Lépp ay baax sa bu nu defe ni ko coobare bibal bi waxe mi bëgg xel mi jiitoo, ru bi topp ci te yaram bi mujj!

Ñu bare tey ji jalgati naňu ni bibal bi di doxale: yaram wi jël na wàll bu njék bi, ru bi topp ci te ci mujj gi xel mi soga ñew. Sunu besu tey, bëgg-bëgggu yaramu nit yu bare ñoo jiitu ci xel ak xolu nit yu bare ba nga xamne seen baatin dafay yandor te du dund. Yàlla moo waroona jiite te yokk jëmmu nit bi mu sàkk, amul benn jokkolo ci diggante nit ñooňu ak ki leen sax. Nit ñi danuy koy jalale ci ñaareelu wàll, te sax dem ba di ko jalax ba nga xam ne dotunu am diggante ak moom, donte danu soxla ku nu ndimbali, ak moom.

Nit ko xamne Yàlla amul, kudee la ci wallu baatin. Nit ko xamne mu ngi bannexu ci jokkolo bi mu am ak Yàlla kooku mu ngi dund dundin bu xoot.

*Waaye Yàlla mi bare yérmande, ci kaw mbëggeel
gu réy, gi mu am ci nun, **nun ñi deewoon ndax**
sunuy bàkkaar dundalaat na nu ak Kirist, fekk
ndee lanu woon fa kanamam ci sunuy bàkkaar ci
kaw yiwu Yàlla ngeen mucce. (Efes 2: 4, 5)*

Jafe-jafe addina si coobare nit moo ko waral. Yàlla sakkul nit ngir ſu doon ſoo xamne keeneen du leen jéfendiko nu mu ko neexe. Wante Yàlla bayi na ſu doxale ni mu ſu neexe. Waaye ak mayug coobare boobu lépp lu ſu def ci sunu bopp lay këppu (lii du li ngeen di faral di dégg ci ſiy faj ni seen xel doyadi te umpedéle bibal bi).

Naari garab ſoo amoon ci toolu ajana ba. Benn ci ſoom ſaar mu ngi tuddoon *tax a dund beeneen bi moom garab gay tax a xam lu baax ak lu bon* (*Njalbeen ga 2: 9*) te Yàlla dafa wegoon moom seen bopp gi Aadama ak Awa momoon ſen bopp, mayoon na leen ſu mën a lekk ci garb gay taxa dund. Benn garab doňj la leen tere woon ſu lekk ci meñefam te ci garab googu garb gay taxa xam lu baax ak lu bon la ſu tanoon a lekk donte mënoon a ſoo tan déggël Yàlla walla baň ko déggël. Bu ſu lekkoon ci garab gay tax a dund dinaňu jox nit ni beeneen fanug ndund ak Yàlla. Aadama ak Awa daňoo baňoon li Yàlla jappoon ne moo gënoon ci ſoom. Yàlla xamoon na ne loolu ſu tann def muy déggëdil Yàlla dina juur ay musiba te moo nara juur jafe-jafe nit ni. Wante ci mbëggéelam ak li mu xam lu jiit u ndam bi ni def tannef bu baax bi ſuy am, mu bayi leen ſu tann.

Waaye Adaama ak Awa daňoo dummoyo li gënoon te Yàlla joxoon nit ni. Yàlla xamoon na ne seen jalgati dina leen jura lak nit ſépp ay metit yu kenn dul mën a netali. Waaye, ci mbëggelam gi mu am ci li mu sàkk, te mu xam lu jit u ndamm li nu deňcal ni wara def tannef bu baax bi, Yàlla may nit ku nekk saň-saň tann.

Seytaane fenkat bi moo jaňax Aadama ak Awa ſu def tannef bu bon boobu. Da muur méñef bi te gëmlo leen

Lan mooy reenub jafe-jafe bi?

ne bu ŋu koo lekke, dinaňu mel ni Yàlla. (Seytaane day gëmlo nit ŋi ne mën naňoo doon seen Yalla bopp. Waaye ni Yàlla nekke Yàlla te mënul doon lu dul loolu, noonu it la nit nekke nit te du ko mën a weesu.) Seytaane da xiir Aadama ak Awa ŋu def seen coobare bopp te baňa def bu Yàlla. Loolu moo tax seen askaan wépp bokku ŋu ci jota-yu Yàlla te amuňu diggënte ak moom *kon nag bakkaar ci kenn nit la jaar, dugg ci addina, indaale fi dee, te dee daldi law ci nit řépp; ndaxte řépp a bakkaar.* (Room 5: 12)

Bammél yi këru doktor yi, tåkk déer yi ak kasoo yi ŋooy li tukke ci tannef bu bon bi nit defoon ca ndorteele la bi ko Yàlla sakke. Bakkaar boobu juur dee ci biir doomu Aadama yi féebar buy wale la bu japp nit řépp. Bakkaar yaqul rekk sunu diggante ak Yàlla waaye dafa it taqale nit ak moromam.

Yeen ak nun ay bakkaar kat laňu ci sunub juddu ak ci sunuy jëf.

Lu jëm ci sunub juddu, Sabóor kat bi waxal naňu *ne ci njumte la soso te ci bakkaar la ma sama yaay juure* (Sabuur 51: 5). Waaye loolu du lay ngir bakkaar yi ŋuy def. Bibal bi ne na nun ŋooy *xaleyu déggëdi yi ci biir yooyu ngeen doon dund démb topp doxalinu addina, tey déggël kilifag boroom saň-saň yi ci jawwu ji, di xel mu bon miy jëf ci kureelu ŋi deggëdil Yalla* (Efes 2: 2,3)

Nun řépp dee laňu Yello ci betu Yàlla ndax sunu bakkaaru bopp. Mënu nu ko jiiň keeneen, du sax sa jabar, du sa benn Wajur du it sa xarit, mënu nu ko jiiň sax ŋi nu wér. Ku nekk mooy gaddu ay jëfam ni mu deme ngir sama bos.

Li nu bokk bàkkaar loolo waral xajalo yi ak cooxorte yi ci diggënte nit ni. Bakkaar moo bole ki gëmul ne Yàlla am na ak ki ko gëm, ak Arab bi ak Yawut bi. Bàkkaar moo bole niti réew yi ñakk ak niti réew yi seen kom-kom yokku. Kommunist bi ak kapitalist bàkkaar moo leen bole. Takk déer bi ak sac bi tamit bàkkaar a leen bole. Jigéen jaay boppam ak kiy ware xabaar bu baax bàkkaar a leen bole ki am alal ak ki ñakk alal, ki jàng walla ki jàngul ...*Nëpp a bakkaar ba jotatuňu ndamu Yàlla* (Room 3: 23). Te bakkaar moo waral jafe-jafe yi am ci diggënte nit ni.

Waaye Yeesu mooy yakaaru bakkaar kat bi moom ne na ñëwuma ngir woo ni jubb waaye bakkaar kat yi (*Macë* 9: 13). Baatu bakkaar mu ngi tekki nga moy jëmu bi mo xam bu jage walla bu sore, yeen ak man moy nanu jëmu bi bi nga xamne Mooy sellayu Yàlla te mënu ñu def dara ci sunu pexe bopp ngir jubbanti loolu. Yakaar gu néen la, sunu yakaarene mën naňu am jàmm ak Yàlla ci kaw ñu baax walla ñu def lu baax. *Du peyu jëf ngir kenn du ci kaňu* (*Efes* 2: 9). Lolo tax bi tuy wax ci mucc Yeesu ne: *yérmande laa bëgg, waaye du rendi saraxi mala* (*Macë* 9: 13).

Bu ñu xame yérmande, Yàlla lu tuy tekki ci la nit ni seeni bàkkaar sonal ñooy mucc ci seeni jingi bàkkaar.

Waaye Yàlla *mi bare yérmande* (*Efes* 2: 4), li tuy laaj mooy Rekk mooy ngeen jot mucc gi ni may bu ngeen jot ci kaw yiw. *Ndaxte ci yiwu Yàlla ngenn mucce ci kaw gëm, teloolu jogewul ci yeen, loolu mayu Yàlla* (*Efes* 2: 8). Yeesu ci boppam mo fey sarax su rey singir ubbil bunt bi bakkaar kat bi mu dugg ci jotayu Yàlla bu sell bi.

Lan mooy reenub jafe-jafe bi?

Yàllay yérmande ji defat na meňéefi garab biy taxa dund ci bepp nit bu ko bëgg. Waaye dafňoo jox coobare Yàlla bëggu ŋoo forse ŋu lekk meňéef googu, wante jot ngir ngeen tontu ci mayug mucce gi ci yiwi Yàlla ji wax ndaxte Yàlla ne na ca jamono ja mu jekke, nangu na sa ŋaan ci besu mucce gi laa la wallu *tey ji la jamono ju jekk ji tey la besub mucce gi* (*2 Korent 6: 2*). Leegi te du ëllëg bu jaggé sa bu ngeen jemme jubbanti seen dund seen bopp. Fatalikuleen ne Yeesu ne na *ñewuma ngir ni jubb waaye bakkaar kat yi* (*Macë 9: 13*).

Li ngeen wara jëkk def mooy ngeen nangu seen jaf-jafe bákkaar loolu mooy jeego bi jëkk ci wuutub safara si. Yeesu ubbil na leen ay loxom ngir gatandu leen ak nu seen dund mel. Li mu bëgg dégg rekk ci yeen mooy yaw Yàlla, *yérém ma man miy bakkaar kat* (*Luug 18: 13*).



Bataaxalu “Kaso C Max”

Kaddu yi ci topp benn nit bu nu téj kasoo bu am karange ci Afrik du sud.

“Téeré bi di ‘Seen wuutub Yàlla’ ...dimbalina ma ci ma xam kaddu Yàlla. Li ma bëgg wax mooy téeré bi tek na ma ci yoonub dund bu dëgg bi. Yakkaar na ne xam ngeen li ma wax. Sama benn xarit mo ma ko may... yakkaar na ne Yàlla aji sàkk te moo sàkk addina si. Yakkar na ne Yàlla dina ma dimbali ci kasoo bi...”

-Lii nu ngi ko jéle ci benn jukki bu Trans World Radio

Ay ponk ngir ngeen xalaat si bu baax.

1. Ay ponk ngir ngeen xalaat si bu baax?
2. Bu ngeen feebare ndax yakkaru leen ne laata seen faj kat di leen bindal ay garab baax na mu saytuleen bu baax?
3. Ban njàngat la bibal bi def ci sunu jafe-jafe? Te ban safara la dëggtël ngir safara jafe-jafe jooju?

*Amoon na nit ku tuddoon Simoŋ bu nekkoon
luxuskat ci gox bi te jaxaloон na wa Samari dafa
teggoon boppam ku rëy te ſëpp mag ak ndaw da ſoo
doon bayi xel ci li mu doon wax te daňu doon séede
naan: “nit ki ci dëgg dëgg mooy kataanu Yalla.”*

Dr. LUUG

Lu waral nit ni di juum ci seen yoon?

*B*i ma nekke xale ma dëkkoon ca ile britanik abiyoj yi doon xeex foofa laňuy jaar. Xeex bi tambale woon na te masin yooyu di yaqate foofu laňu doon jaar ngir dàl ci dëkk yi nekk ci bë ganaar ak soowu jàntu Angalteer. Samay xarit ak man, raňeewoon naňu masinu noon yooyu ak ni sunuy abiyoj di yuxoo. Bu làmp yi daan léeral ci jawwu ji abiyoju noon yi daňu daan bégg. Ndaxte xamoon naňu ne D. C. A walla xeex ci jawwu ji mënoon daneel masin yooyu di yaqate ci suuf.

Sa boo xame ne Abiyoju noon yi danu naňu li ëpp ci ni nekkoon ci biir abiyoj boobu daňuy tépp ak seeni nawukaay ngir mucc. Ngir réeral leen te baň ſu deluwaat wuuti kalate, njiit yi dindiwoon naňu poto làmp yi nekkoon ci koň yi. Amulwoon danaka benn poto ci tàlli yi.

Waaye nun ndaw yi, xamoon nanu ci ginaaw dëkk bi ci bânti Wootten, benn poto bu ndaw rekk buy tegtal mo desoon ci benn koň bu ſakk solo te leeroon naňu ne bu ſu ko wébaté di naňu indi su wàll ci xée bi. Ni njiit ni nun itam daňoo bëggoon réerël bépp gan bu ſu néexul ci sunuy gox.

Waaye ci lu leer sunu gan yooyu képp ku si am nataalu dëkk bi, bu dëkk bi amul poto sax du am benn solo ci ku am nataalu dëkk bi, sunu péxe xale yooyu mënul a réerël kenn.

Yàlla dafa nuy wonn xeeti nit ſoo xam ne ci seen wuutub Yàlla danu bayi ab poto bu leen di sànk ci seen yoon.

Ñëpp ñi nanguwul ne addina su rafet ndamu ki ko sàkk lay wone di nga jaxasoo!

Nu teg seen bopp ni boroomi xel fekk nu ñakk xel laňu woon. Ganaaw xam Yàlla soxalu leen, Yàlla it bërggël na leen ci seen xel mu bon moomu, nu sax ci jëfyi jékkadi. (Room 1: 22,28)

Xel mu bon rekk mooy jaamu li nu sàkk te baňña jaamu Aji sàkk ji. Nit ku yeewu, moom dina jammu Aji sàkk ji. Su ngeen baňñe gëm ne Yàlla mo sàkk addina si Yàlla dina leen bërggël ci seen xel mu bon moomu ba noppi bayi leen nu gëm xalaat yu jaxaso ci lu jëm ci addina si ak li ci biir am. Xel mu jékkadi mooy xell mu lëmbajo!

Bu nu soppiwul sunu xalaat, reer googu daf ſuy sànkba faww. Ci biir bibal bi soppite googu nu ngi ko tudde Réccu. Yàlla artu ñi bëggul a gëm kaddom ni dëgg dina nu topp benn yoon wu leen di sànk. Ñëpp ñi tann baňa bëgg kaddu Yàlla dina nu sànk te dina nas bépp nax buy sàanke ba yéem ñi nara alku.

Ndaxte ubbiluňu seeni xol dëgg gi leen mënoon a musël. Loolo tax Yàlla yonnee leen xelum reer, ba nu gëm fen... (2 Tesalonig 2: 10,11).

Lu waral nit ŋi di juum ci seen yoon?

Bu kenn falewule walla jalax dëgg gi day nangu ci lu yomb ludul dëgg.

Mangi fataliku besub layi boobu ma doon a jemm a ŋibbi sama kér dama soxlawoon sama kataan gépp mën a gis boru torotoir bi. Mënu ma woon sax gis sama leerayu торсе suma ko teye ci sama catu loxo. Yàlla ne na reer guitar bu raw layi dina ànd ak tukkiteg sunu addina si. Ta-libe Yeesu yi lajoon naňu ko wax ňu kaň la loolu di am, te luy tegtal ne ya ngi ňew te addina di tukki. Mu tontu:

Ndaxte ŋi Mbubbo turu Kirist ak ŋi mbubbo turu yonnent dinaňu feeň, di joxe ay firnde yu rëy ak ay kéemaan, ba ciy nax sax ŋi Yàlla tann, su loolu mënoon a am (Macë 24: 24).

Mën ngeen wax ne: Man kenn naxuma. Mën a am Sax ngeen di titaru ci li ngeen xam kenn kuy mbubboo Kirist walla ŋi mbubboo yonnent yi. Waaye xalaat leen bu baax ci li ngeen di mujje. Su fekke ne bëgguleen dëgg gi; Yàlla may na seytaane mu nax seen xel te du ngeen ko xam sax. Bu ngeen xamoon ne kenn kuy mbubboo yonnent moo leen di nax, du ngeen nangu ku leen nax. Bépp juumte ci seen bopp lay këppu te ŋi rëy duňu ko nangu.

Naari fasonju nit yo xamne dina ňu baň dëgg gi ci Bibal bi bu nu ko jànge ba noppi li leen gënal mooy gëm fenni waa àddina si. Ku njëkk ki mooy kiy titëru ci xam-xam ak moom boppam, ñaareel bi mooy kiy déggadi ndiggël. Wante ngir ňëpp ŋi bëgg def coobare Yàlla, boroom bi Yeesu am dig ngir ñoom: “*ku fas yeenee wéy ci bëgg-bëggu Yàlla, dina xam ndax sama njàngale ci Yàlla la joge, walla ci sama coobare*” (Yowaana 7: 17).

Su ngeen bëgge ak seen xol bépp def coobare Yàlla, na leen woor ne ci biir bibal bi, Yàlla dana leen wax li ngeen wara gëm ak li ngeen warul a gëm, naka ngeen doxale ak nu ngeen warul a doxale.

Waaye ſeen ni jàngalewul kaddug Yàlla dinaňu leen a jém a fabbi war nanu moytu nit ſooňu di mbubbo diine te du ſu jàngale Kàddug Yàlla, wante daňu leen di jeem a gëmlo lu dul dëgg ak di leen deflo lu bon.

Ci sunu bésu tey, Yeesu fasonju gëm yuy tekk nit ni ci yoon wu bon Seytaane laňuy ligeyél. Nëpp ni tann jalax dëgg gi ci wallu Yàlla baay ji, Yàlla doom ji ak Yàlla xel mu sell mi ſeet ci kenn ak kenn ci ſeet ni y mbubboo yonnent laňu. Mën naňu tari ay aaya ci bibal bi, wante daňu leen tibbe fi ſu leen bindee ba noppi ſuy waasare diine ju andul ak dara bibal bi. Mën ngeen sa bu nekk xame kiy mbubboo jàngalekat su ngeen ko laaje laaj bi: Kan mooy Yeesu Kirist? Lolo tax li jékk mooy ngeen xam mooy mooy kan.

Bu ngeen xame ne mooy Yàlla doom ji ſeneen niy wetoo ak seeni ngëm ak lu ſu laqu-laqu di ngeen gis ni ſu nekke ay naxe kase.* Xëy na nu nga fay tudd turu Yàlla, waaye bayiwuňu xel ci li njàngaléem Yeesu bi nee:

*Frä masonneri mooy këru ngëm gi gën a rëy ci addina si te luy tollok ſaari junni nit laňu ci addina sépp donte yenn yi nuy woote lu mel ni: “coofeel ci seen biir, dimbalénte, dëgg, te nit yu bare am yite ci yooyu le. Frä maconneri du ſu ſu yaccaral donte mu ngi koy mbubboo ci gëti ni ci faree. Ngir bokk ci seen biir danga wara nangu ne ci lëndëm nga nekk te léer ngay wuut. Talibé Yeesu, moom day gëm te nangu ne gis na ba noppi léer gi. Yeesu nee na: *Man maya léeru addina si, ku ma topp doo dox cig lëndëm, waaye dinga am léeru dund.* (yowaana 8: 12). Lin lay defat ngir nga bokk ci seen biir dafa émb ay nataal. Ki bëgg bokk seen biir wajal nanu ko ci turu “Gauto” jaraleko ci ay ndiggël Mingui ci kaït bi ci tapp

Lu waral nit ni di juum ci seen yoon?

Kenn du ñew ci baay bi te jarul ci man(Yowaana 14: 6). Bibal bi am na kaddu yu ñaw ngir ni gëm Yàlla ngëm bu yaatu. Gëm ng ne Yàlla kenn la ;loolu lu baax la, waaye xamal ne, jinne yi it gëm nañu loolu, ba dañoo tiit bay lox(Saag 2: 19).

Nu ngis tamit tey ji yokkute ci yëngu-yëngu yeen diine yi jiitu te bañ Yàllay bibal bi. Kéri ngëm yu bare yu diine indo yi nu ngi bari nit. Yenn réew yu doon yu doon sukkandiku ci njàngaléem bibal bi, xalaat wa indu, daň ko jappe ne xalaat bu xoot, walla xëlwa bu baawo réew yooyu wër dëkku indo yi lu ci mel ni yoga walla ascétisme. Yeen xeetu jamu yi joge ci diine indo yi dañuy jamu Yàlla yu bare ci biir li Yàlla sàkk te baña jamu Yàlla aji sàkk ji moom mi wacce boppam ngir ganesi àddina si.

Reewu julit yi nu ngi def lépp ngir tasaare seen ngëm. Peterol bi ak seen politik bu am dole te jëm kanaam may na leen nu defe nu nu ko xalaatewoon at yi weesu. Te ci lu ne weñj nu ngi weedi xolu xebaar bu baax bu Yàlla te ci seen biir nu koy yeegle ci benn ci seeni jamukaay. Mbidum làkku Arab bi nekk ci doj bi wër Magalukaay ba ca Yerusalem lii la wax: Yàlla kenn juru ko te mënul jur kenn. Bibal bi, moom nee na:

yu baawo ci bibal bi ndaxte daň koy gëmlo ne “turu Yàlla bu sànkú la”...te Gauto mooy ki taxawal addina si ci noonu Gauto xalaatu nit la bu sore la ci ñooňu ki tegg boppam te bibal bi wax ne mooy léeru addina si (yowaana 1: 9). Féem bi mooy képp ku gëm mën a bokk ci ñoom moo xam tuy buddist, indu, juulit, yawwut walla kérceen. Ginaw gi ki ñu doon taggat nekke kilifa ci tarixa boobu dinaňu féeňalat beneen turu Yàlla ’Jahbulon.’ tur woowu dajaleeb JAH miy YAWE, BUL, bu xetu baal ak on biy wund Yàllab jànt bi bu Misrë. Kon ci misal bokkale. Li la Yeesu ci boppam wax... su fekke ne léer gi nekk ci yaw nekk na lëndëm aka moo ngande lëndëm googu (Macë 6 :23).

Ndaxte Yàlla dafa bëgg addina si, ba joxe jenn doomam ji mu am képp, ngir képp ku ko gëm am dund gu duljeex (Yowaana 3: 16).

Jumte xel nekkul rekk baxu diine. Xam-xamu addina si tamit ne na nit mo nekk ci diggu lépp te dafa wara banneexu, yokkute nit mu ngi ci daara yu kawe yi, yeene kaay yi, ci radio bi ak tele bi. Jog leen ci seen bopp mooy baat bi addina sépp di jariňoo ngir yeene bi.

Loolu nekkul lu bees nin ŋu ko bëgg gëm lo. Ci jamonoy Pool Yàlla neewoon na: *Toxal naňu dëggü Yàlla, tërel fen, di magal ak a jamu mbindeef, ba faletumu sax Aji bind gi yellow cänt ba faww amiin* (Room 1: 25). Boroom laaj benn laaj bu suufelu ngir ŋiy taxaw ngir yokkute mbindeef: *Foo nekkoon bi may sàkk addina si? Wax ko, book o xame ak sa xam-xam* (Ayuba 38: 4). Noonu la mel ba léegi bi Seytaane ñëwe ci Awa gëmlo ko li mënul a woon nekk ne ko: *di ngeen mel ni ay Yàlla* (Njalbeen ga 3: 5). Tey ji Seytaane mu ngi wéy yaq ak njàngaléem naxkat boobu di yokkute mbindéef.

Xëyna xale bo xamne politik walla diine soxalu la. Way politik yi wolluwooleen, te diine tontuwul ci seeni laaj. Bëgg nekk ak seen yeneeni moroom moo leen gënél te yeen a ngi seet feneen nu seei gént ak seeni bëgg-bëgg di matte. Xëyna yakaar ngeen ne ni nuy woye dund gi léegi dina leen dimbali ngeen génn ci seen weetaay bi ngeen nekk.

Yeen a ngi dégg xalat na, wax yi, woy yi ak fecc yi. Du doon benna k man ni ma ko gise waaye, di ngeen nangu ne jaaxase mbiru seytaane laňu, ak lu bon, tàkk-

Lu waral nit ŋi di juum ci seen yoon?

takk safara yangi ci te da mel ni ci dund ji amul solo. Ci xumb-xumb bo xamne coxoorte yewweku na raya bi ndaw yi topp mu ngi leen di xiir ŋuy yaq seen bopp te di yaqante ci seen biir.

May leen ma ma wax leen ci benn bereb bu ma
gis ca Los Angeles berebu néew bu ŋu dippe “filisider.” Juroom benni téemeeri néew laňu fa denc řeeti
wér di xaar kenn ŋew ngir xameku leen. Ay kayit yu
limm laňu def ci seeni baramu tànk, ŋi ci ëpp dina ŋu
leen suul te duňu xam ŋooy ŋaan ci pax bu yaatu. Li
ëpp ci ŋoom daňu daan jëfëndiko dorog ŋoo xamne
deglunaňu xebaar bi ŋu doon tasaare ci kasett ci ay
miliyonu kër. Poto biy sàanke laňu toppoon te ci mujj
yoon wi amul delu ginaaw su fekkoon rek deggoon
naňu kaddu Yeesu yi: *ci man dama ŋew, ngir nit ŋi am
dund, ba nekk nataange* (*Yowaana 10: 10*).

Bëgg-bëgg buy gëna yokku ci luxus yokkunu ci
jaxoso boobu. Firndeel nane tey ne jaxase ci wallu
ngëm mu ngi gëna tar ca moyenn orient jamono ji
nu waxoon ne mooy bi lëmbaje donte sax jeego yi
am ci xarala.

Ay jamukatu Seytaane ŋu ngi daje di gëna bare ci
berëb yu kenn foggul. Ay niti yëngu-yëngu ci dëkku
Londaar di daje Kensington di maggal “maggal gu
ňuul gi” ay dajeb luxuskat ci Tugël ba ci béreb yu sore
ni gox bi di Wankuwër. Njàmm gi nu jagleel maam yi
ci Afrik ŋu ngi leen di toppat ci addina sépp ci ay xew-
xewu ndëp. Ay poowum askaan lu ci mel ne “Donjon
ak Ninkinanka ja” ak powum “daam” te nit ŋu bare ci
addina si ŋu naan dafa cilwise ŋoy def yooyule mbir
te ŋu tukke ci baatin gu nafeq ci seen gëstu naxatekat

yooyu di gën a yokku ci àddina si. Bare na ni du-mooyu léeru Yàlla gi ci seen wuutub Yàlla, nu bare, dumoyuw nu rekk leeru Yàlla gi; waaye wëllbatiku ci lëdëm gi ak jammu lu ne ci seen baatin gu amul dara te dëgguwul. Te loolu lépp mu ngi ame ci àddina si nu dippe bu silwise.

Bu nu fatte li Yàlla wax ci jamonooy tey ji: xartu naňu ci niy ‘mbubboo yonnent’ ak seeni ‘firndee, ak keemaan’ biy gunge tukkiteb addina. Wax nanu sax ne mbindeef bu soxar dina feeň bu nitu ſaawteef kooku feeňee dina ànd ak kataanu Seytaane ak dole ju bare. *Di wone ay firnde ak ay keemaan yu dul dëgg te dina nas bépp naxe buy sàanke, ba yéem ni nara alku* (2 Tesalonig 2: 9,10).

Coofeel gu tar googu ci njàngale yu dëgguwul yooyu ak yëfi lëdëm yi, yomb na xam lu tax limm bi di gën a bare ci réew yi ak ci mboolo yi, yakaar gu tas xoj leen. Poto yi Seytaane sàmp daňoo bare ngir nu limm leen, waaye na leen woor ne benn ci ſoom du wone boroom bi Yeesu Kirist ne kenn kiy musal

Ndaxte xebaaru Yàlla du xebaaru metit, lëmbaje walla dee. Xebaaru yaakaar, kolluteeg dund gu bare gi ni ſuy koy gise ci Kirist. Bu ngeen jànge seen bibal ci seen wuutug Yàlla; xel mu sell mi dina leen sa bu nekk yoon wi jëm ci Yeesu Kirist mi naan *man maay yoon wi dëgg gi ak dund gi* Te kenn mënul waxe noonu Yeesu waxe, ndaxte Yeesu dolli na ci ne: *Kenn du ñëw ci Baay bi te jarul ci man* (Yowaana 14: 6).

Yàlla artu na leen ci poto yi yaxne arafstu na leen itam ci lëmbajo yi yaxne arafstu na leen. Bu leen bayi dara mu fabbi leen ci seen wuutug Yàlla kon. Dig bi la leen baye:

Lu waral nit ŋi di juum ci seen yoon?

*Ndaxte mann boroom bi; xam na bu baax mëbbet yi
ma def ci yeen; te ma ngi koy dëggël du ay mëbbet
yu bon, waaye ay mëbbet yu banneex laňu. Da ma
leen a bëgg may yakaar ëllëg. So ma wowe te Ňaan
ma di ngeen ma gis. Man boroom bi, ma leen ko
wax. Bu ngeen ma wuute ak seen xol bépp dina bayi
ngeen gis ma (Seremi 29: 11-14).*

Ay ponk ngir ngeen xalaat ci bu baax.

1. Nan ngeen mëna jappe xel miy jàmmu li nu sàkk te bayi Aji sàkk ji? (*jàng leen Room 1: 22-28*)
2. Ci seen wuutub Yàlla lan mooy cabbi bi leen di may ngeen tontu ci lépp lu soxal xam-xam? (*jàng leen Yowaana 7: 17*)

Ndax seen sago ak seen bëgg-bëgg la?

Ndax seen coobare la ak seen takkute?

3. Ndax Yàlla jël na matukaay ngir joxleen poto bu leen di leeral ci seen wuutub Yàlla? (*jàng leen Yowaana 8: 12*)

*Am na at yu bare benn xale bu laajoon ki kooy
jàngal ca lekolu Dibeer ca Angalteer:
ndax Yàlla bëgg na xaleyi lakkale “te jàngalekat bi
tontu ko ne “ci bu woor déedéet
“ndaw tummal Yàlla naka la mën a waxe lii ab
xale. Bu Yàlla bëgguloon xale yi lakkale du ma
moso bëgg. Shakespeare wax na: “mbëggéel dotul
mbëggéel su fekke ne dafa gaawa sppeku.”*

G. CAMPBELL MORGAN

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

*N*dax mos ngeen a am xel ūaar ci mbëggéelu ku tekki lu bare ci yeen? Ndax mos ngeen a jéem a firndeel seen mbëggéel ku ko bëggula gëm? ci fann bi walla ci fann be, dingien xam ne saa yo xam ne ngir woone seen mbëggéel Jëf moo gën a mën a wone seen mbëggéel ka ay wax.

Dingien xam ne saa yo xam ne ngir woone seen mbëggéel jëf mooy gënn wax yenn say. Yàlla woone na mbëggéelam ci li mu def bi Yeesu deewe ci bânt ba bu ngeen xame lu loolu di tekki, du ngeen soxla leeneen ngir xam mbëggéelu Yàlla ci yeen.

Ay at yu néew ginnaw bi ma gëmee Yeesu ni sama musalkat jàng na neetali bu dëggu bu benn xarekat ak benn tegtalkat. Ņoom ūaar ñépp ñoo bokkoon benn bérëbu xarekay ci jamanoy xéxu Bërr. Tegtalkat bi, Willie Holt amoon na fukki at ūaar te bokkoon benn xayma ak juróom ūaari xarekat yu gëmulwoon Yeesu kenn ci xarekat yooyu ngi tudd Bill wute ak Willie, Bill moom aji gëm bu tàkku la ci boroom bi Yeesu. Guddi gu nekk day sukk ay óomam ci wétu lalam di

ňaan ci Yàlla tey jàng kàddug Yàlla ci xelam ci waxtu yooyu muy jàng ak di ňaan yeneen xarekat yi ňu ngi koy ňawal ak di ko xarab.

Benn bés njiitu xarekat yépp woo mboolo bi Bill ak Willie bokk te ci waxtu yooyu ab sac dugg ci fi nu déjoon Willie ak Bill. Ngir japp sac bi njiit bi artu xarekat yépp “samay dankafu yu njëkk jériñul dara” ndaxte “guddi gi wéesu sacc bi dabalina konn bi moom yoon bi mujj may artu waat na kiy def loolu wone boppam te jott mbuggëlam ni góor. Lu ko mooy kenn ku nekk ci yeen di naňu ko dóor fukki yoon ay yar ci diggu ginnaw. Waaye bu kenn ci yeen Jagesee jot mbuggël li ñeneen ñi di naňu muc.“

Tuuti ginnaw gi xel yépp a ngi gët yépp a ngi woon ci Willie bi jagesi te ne: “sama njiit degg naa léegi nga ne su kenn nango jël mbuggël li sac bi yeloo ñi ci dés ci xarekat yi di naňu muc nangu na doon nit kooku.” Ci kaw mer njiit li ne “naka nga mënne bayi ku deful dara di jël sa mbuggël?” Kenn yënguwul ci “noonu njiit li ne konn seen giru dund gépp di am gacce ci li xalebi deful dara di gaddu mbuggëlu ku def dara.”

Ginnaaw kaddu yooyu njiit li ne nanu futti Willie te yar yi tàmbale dal ci kawam bi Willie danoo xëm ndax dóor yu metti, Bill dawsí ci kannam ne “bayyi leen! Dóor yi man maay sac bi bayileen ma jot sama mbuggëlu sac” yaramu Willie daw ndax soppeku gi Bill soppeku, Willie ne ko “baax na Bill waaye njiit mënäkul dellu ginnaw ci waxam dina jot mbuggël gépp.” Te noonu la amee!

Xale bi di Willie mujjal muc ci dóor yooyu waaye laata muy dem asamaan, Bill mi amoon metit ndax li

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

xewoon sukk ci lal bi Willie tëdoon di laaj lu waral li mu def: “lu waral Willie? lu waral nga Def loolu ngir man?” Yeyowuma ko” Willie ne ko yomb na “Bill ngir woon la rekk ni la Yàlla bëggee waaye mosulo ma faale ma xalaat ne su ma jotee sa mbuggël di nga gis ni la Yeesu bëgge bi mu joxe dundam ci bantu Golgota dee ngir say bákkaar.” Laata Willie di dee Bill nangu mucc gi Yeesu mi fées ak mbëggeel di joxe.

Ci Yeesu, asamaan si tàmbale na tèralinam ngir musal nit ñi sàngku te mbëggeelu Yàlla ci kenn ku nekk ci nun moo waral conooy Kirist ak dudam gi mu saraxe.

Nit ku amul benn sikk

Ñeet laňu wekk ci tundu Golgota. Ñaari defkati lu bon laňu dajale ci biir ñeeneen. Boroom bi daj nanu ko ci bánt ba ci seen diggante te foofu la dewe.

Waxtu yu mujj Laata muy dee Kenn ci defkati lu bon joxewoon xalatam ci ni leen waa-Room faate Xelam nekkul woon ci deewam wante ci njumte li waa-room def ci li ñu faat Yeesu mi deful dara te ñu koy mbuggël ni ñoom ñi wacc yoon lu ko jaxaloon la xamoon na it lataa muy dee laj yi soxaloon dund gi ak dee gi wuteeg ñi ëppCi ñi mu bokkaloon jamono. Mu wax ngir ñun:

Ci bu njëkk: *nun yelloo nanu sunu mbuggël*, waaye moom deful dara lu bon. Ci bu njëkk, defkati lu bon boobu nanguwoon na ne moom def na dara donte.

Ñaareel bi: *nun sunu dewe loolu lu jub la... léegi* cacc gi ak coxorte gi bare nanu lool te sonalatul niti tey wante baaxna ñu xam mbir yooyu ni mu sonalewoon niti démb yi; *nangu nanu... ne dee la yellool*.

Ñeteel bi: *nit ki deful dara lu bon.* Xamoon na ne nit ki di Yeesu moom deful dara bàkkarkat boobu nangu ne moom defna dara te it naka la nangoo daan gi yoon teggoon ci kawam baax nu jäng li mu xalaatoon ci Yeesu mi nekkoon ci bànt bi ci wetam. *Nit ki*—Yeesu moomu deful dara lu jar nu koy daan te du yoon nu daan ko ci bànt bi ba mu dee.

Bi mu nango ne moom defna dara, bi mu nekke ci bànt bi, Defkati lu bon boobu amulwoon beneen pexe bu dul wëlbatiku ci Yeesu daldi ne ko: *Yeesu, fataliku maa bo dellusi ci sa nguur.* Ni mu ku daan defe sa bu nit recco dëgg te nangu ku ko dimbali, boroom bi Yeesu ci saa si dig ko lii *ci dëgg maa ngi la koy wax, tey jii dinga texe ak man ca jataayu Yàlla.* (*Luug 23: 39 - 43*)

Li ko dale bés boobu, ni bépp bàkkarkat bu dëddu ay bàkkaram te xol ci boroom bi Yeesu, defkati lu bon boobu amoon na kollute ne texe na. Jebaloon na bop-pam nit ki waroon- boroom bi Yeesu Kirist- te sàkku woon na wàll ci waxtu ak bereeb bi waroon- ca bànt ba Yeesu deweewoon.

Waaw, bésu baneex boobu ci ay gëti sacc boobu doon dee ca bànt ba, Boroom bi Yeesu **defulwoon** **dara** Ñeeneen ñi xam bu baax boroom bi Yeesu ñëpp and nañu ci ne **deful** **benn** **bàkkaar**; ku nekk a ngi doon wax ci Yeesu ni mu ko xalaate. Moom it seede na li ci Yeesur.

PIYEER, jëfkat la woon, mi xamoon boroom bi Yeesu ni andandoo ak xaritam ci noonu bi muy indi seedam ci Yeesu mi amulwoon benn bekkaar wax na nee: *Moo (boroom bi Yeesu) mosul a defbàkkaar* (*1 Piyeer 2: 22*)

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

YOWAANA moom itam mi dundoon ak boroom bi Yeesu te seetluwoon ko bu baax bi mu beroo ak mbolo ma. Seede bi la joxe ci moom: *ci moom (boroom bi Yeesu) amul benn bákkaar*. (1 Yowaana 3: 5)

POOL, boroom xam-xam bu ſëpp firndeel kon du doon mbéeteel bu waxe li ci boroom bi Yeesu ne: *ki mosul a xam bákkaar* (2 Korent 5: 21). Mengoo gi am ci ſeeti seede yu dëggu yi ci dundu gu amul bákkaar bu Yeesu boobu lu bare lay tekki.

Bu ŋu nee defkatu lu bon boobu doon dee ci bant ba, walla taalibe yi di Piyeer, Yowaana walla Pool daňu doon farl Yeesu ndaxte ku njëkk ki mu ngi doon dee te ŋi ci dés ay taalibeem laňu kon naňu déegglu atte li njit bi di ponse Pilaat bi jiitewoon diwaanu Yude moom du woon xaritu Yeesu Kirist; wante terewul moom itam mu seede mattug Yeesu bin ko forſe mu wax ci Yeesu. Mu gore lool wax ne:

*Léegi nag man laaj naa ko ci seen kanam, waaye
gisuma tooň ci moom ak li ngeen koy Jiin.* (Luug 23: 14)

Waaye ban njariň la seede nit am ci kanamu baayu Yeesu bi ci asamaan? Bu kenn ware wax ci kanamu mbooloo di na baax nu wax mboolo mi kooku mooy kan. Yàlla ci boppam moo wax ci Yeesu bi muy tam-bale ligeyam mu ne: *kii mooy sama doom ji ma bëgg, ci moom laa ame bánnex.* (Macë 3: 17)

Yàlla baay bi xamoon na ne Yeesu ci yaramu nit di na dund ni Yàlla bëggooon nit ŋi dunde ko bi mu leen sàkke. Ndare Yeesu. Ņeneen ſëpp a *bákkaar ba jotatuňu ndamu Yalla* (Room 3: 23) Yessu dafa ma-

toon ci lépp loolo waral laata muy tàmbale liggéeyam, Baayam defal ko seede bi ci kanamu nit ſépp, te *Baay bu sell bi la* (Yowaana 17: 11) moo def seede boobu ci ni doomam ji mu bëgg dundewoon.

Ni nu ko leeralewoon, Boroom bi Yeesu moosul a yées Yàlla. Kon li ci gën a neex mooy gis ni Yàlla nangoo suufe ba nangu jël jëmmu nit te judd ci jàñq, su Yeesu nangul woon topp coobare Baayam bi ci kaw asamaan kon du woon a mën neex Yàlla ci lépp. Ci dëgg, giru dundam gépp. Ci kaw suuf Yeesu dafa déggéloon Baayam te wekku ci moom ci lépp. Ci noonu Yeesu ci yaramu nit firnde sellayu, mbëggéelu ak cobare Baayam bi ci kaw ci àddina su soxor si te fees ak bàkkaar.

Waaw, Yeesu ci yaramu nitam dox naa ci kaw suuf si mu sàkk moom Yàlla. Donte Yàlla la nekk naa ci kaw suuf dirub fanweeri at ak ſeet ngir wonn nit naka la Yàlla Baay bi bëgg mu ndunde ko. Yeesu ci yaramu nitam waňñiwul woon dara ci li Yàlla bëggoon nit nekk. Noppiwoon naa déggal Baayam bi ci kaw. Loolo tax Baayam amoon baneex ci di ko xool, doom ji mu bëgg, te dund ci **fann gu sell** ci biir nit ñi.

Deful dara! Amul bàkkaar! matt sëkk! Ci gëti defkati li bon bi nu dajjoon ci bånt ba ak ci kanamu Pilaat, Yeesu defulwoon dara. Ngir Piyeer, Yowaana ak Pool, Yeesu amulwoon bàkkaar! - Ngir Baay bu sell bi ci asamaan, Yeesu dafa mattoon sëkk! - Deful dara! Amulwoon bàkkaar! Matt sëkk! Loolu la woon. Te purtañ dee na. Dee naa ngir mbëggéel gi mu am ci kenn ku nekk ci nun!

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

Mbëggel gu amul àpp

Xalaat leen ne ci ñi fa nekkoon bi nuy daj Yeesu
yeen ci kenn bokkoon di setaan ngeen xalaat musiba
yépp yi doon naatal Ajjuma ju sell jooju ñu daaje
Yeesu mboloo a ngi wëroon bânt bi nu ko daajoon, bi
mboloo bi du xol musiba boobu dafa mel ni ku doon
setaan filmu tuur deret.

Benn defkatu lu bonn a ngi feteewoon Yeesu ci
wet gu nekk ci kanamu Yàlla ak ci kanamu nit ñi de-
fkatu lu bonn yooyu yellowoon nañu seen mbuggël.

Yeesu nekk ci seen diggënte ci bântam lu dëpowul
ak yoon ndaxte ci kanamu nit ñi deful dara te ci
kanamu Yàlla baayam ku sell la woon waaw, Yàlla...,
ci Kirist (2 Korent 5: 19) ci kaw benn bânt... ni...
mbote mu sikkul te wàññlkuwul (1 Piyeer 1: 19, ci
mbëggéelam Yalla jébal na Yeesu ngir mu dee ci wàllu
bàkkaarkat yi.

Defkati lu bonn yi dañoo waroon a dee wante
Yeesu moom warulwoon a dee ay waxtu laata muy
dee Yeesu waxoon na ak ay noonam naan: ...*damay*
joxe sama bakkan ngir jëlaat ko kenn du ko jële ci
man... Am naa it sañ-sañu joxe te am naa sañ-sañu
jëlaat ko... (*Yowaana 10: 17, 18*) te wax ay taalibeem
ba fan la nara aag ci wone mbëggéelam: *Genn mbëggel mënul a weesu joxe sa bakkan ngir say xarit.*
(*Yowaana 15: 13*)

Bi mu deewe ba noppi ci la Pool sax ci wax ne Yàlla
mu ngi Yeesu Kirist mi musul a def bàkkaar, *Yalla def*
na ko bàkkaar ci sunu wàll, ngir ci sunu bokk ci moom,
nu man a doon njubteg Yalla (2 Korent 5: 21). Ay at ci
ginnaaw gi dëgg gi xel mënul daj te muy Yeesu dee na
ci sunu wàll ci baat yi lañu koy firndéel:

Yaw, ya di sama njubte,
Ma nekkoon sa bákkaar,
Jël nga li ma momoon
Te jox ma li nga momoon
Nga nekk li nga nekkulwoon
Ngir ma nekk li ma musulwoon a nekk.

Péppu duggub

Gis bi mu gis deewam tax mu ubbi xolam te wax ay taalibéem ne:

Léegi nag damaa jàq. Lu may war a wax? Mba du dama naan: Baay, musal ma ci li nar a xew waxtu wiý ñëw? ...Baay, màggalal sa tur! (Yowaana 12:27)
Te Baayam bi mu gisee ni xolu Yeesu andee ci li wara xew mu tontu ko ak labiir... màggal na ko te dinaa ko màggalaat. (Yowaana 12: 28)

Waaye, xëyna yeen a ngi naan naka la musiba bu mel ni daj ci bánt te doon aaday waa-room mëna màggale Baay bi?

Laata muy ñaan Yàlla boroom bi Yeesu wax na ay taalibéem ne faw pépp mi nekk ci suuf dee ngir ñu mën ko góob.

Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax, fi ak peppu dugub ji wadd ci suufjaarul ci dee, du man a weesu li mu doon: pepp doññ. Waaye bu deeyee, dina jur pepp yu bare. (Yowaana 12: 24)

Li Yeesu matoon te ñakk bákkaar moo tax dee menu ko woon a laaj. Moone dee na! Wonewaat mbëggéelam gu rëy

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

ci, Yàlla may nanu ci coobarem deewug Yeesu, yeen ak Man. Jàng nanu ne Yeesu Kirist mi mosul a def bàkkaar, Yàlla def na ko bàkkaar ci sunu wall, ngir ci sunu bokk ci moom, nu man a doon njubteeg Yàlla, ci noonu mu woone dig gi mu dig ñépp ñi ko gëm.

[Térëlinam] Jóge naa ca Baay bi, ñëw àddina. Léegi maa ngi génn àddina, fekki Baay bi Te su ma leen defaralee bérab booba ba noppo, [Diggam] dinaa dellusi, yóorraale leen, ba fu nekk, ngeen nekk fa, yéen itam. (Yowaana 16: 28, 14: 3)

Neex na lool. Waaye yeen nit di naňu wuut ay lay ngir baňa nangu mbaal gi Musalkat Yeesu-Kirist bi di joxe donte mbëggel gi mu am ci ñoom. Ñeneen di fenatël ci kanumu deewam. Waaye ate biy xaar ñi ko jalax walla ñi ko fénatël- taqaliko ba faww ak aji dund ju sax ji, leer ju sax ji ak mbëggel gu sax ji. Musiba boobu ci baat yi la nu ko misale.

Di dee, dinga dee
Dinga dee dee bu kenn mënul a wax
Dinga dee ba faw
Dee nga ba faw donte deewaguloo.

**Yeesu musalunu rekk ci safara ngir yobbu
nu asamaan waaye dafa indi Yàlla mu dëkk ci
sunu biir!**

Déedéet, dund gu sax gi nekkul rekk asamaan. Bibal bi wax na itam ne ngir aji ngëm gu dëggu gi dund gu sax ji firnde la ngir ñëllëg gun dam.

Te seede si mooy lii: Yàlla jox na nu dund gu dul jeex, te dund googoo ngi ci Doomam. Ku am doom ji, am nga dund; ku amul Doomu Yàlla, amuloo dund. (I Yowaana 5: 11, 12)

Dundu gu dul jeex gi nit la- Yeesu Kirist te sa bu sànce dëkkuwaayam ci xolu nit ci waxtu woowu la dundu gu sax ji di tambale.

Njëg lu rëy

Ca bàntu Kirist, sellayu Yàlla, njubte ak mbëggéelu Yàlla ñoo fa dajje ci sarax su màtt sëkk. Ca bereeb boo-bu selleyam sellal na, njubtéem matt, te mbëggéelam fóon si nit ñi Waaye njëg li moom dafa rëy.

Benn ci téerem yi Oswald Chambers wax na ci lii “*My Utmost for His Highest*”:

Na nu mooytu xalaat bu yomb bi nu am ci Yàlla Baay bi te di nu gëmlo ne: “Yàlla dafa baax te fées ak mbëggéel ak nu mu mëna deme ak lu nu mëna def Yàlla di nanu baal” xalaat bu ni mel amul wàll ci kollëre gu bées gi. Benn berëb rekk bi Yàlla di bale te nu mën fa am ay mayu Yàlla, mooy ca bànt ba nu dajoon Kirist rekk te du feneen. Donte sax loolu wóor na nu mën ci lu deme ni baalu bàkkaar yi nanu fate léeleg njëg gi Yàlla fey tollu ngir far sunuy bàkkaar te nu am mbaal gu réy googu.

Donte li nu wax ci netalib xale boobu di Willie Holt, nekkul dara bu nu ko mengëlee ak li Yàlla dajj ci tundu Golgota. Jaraleko ci bind mu sell mi Yàlla dafa

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

no bëgg woon lan mooy coono. Danuy wax tuuti rekk ndaxte li mu dajj lépp romb lu xelu nit mënul japp loolu dafa nu may nu mën a gis mbëggéelu Yàlla ci nun.

Bi Yeesu deewe ca bànt ba sonoon ngir sunu bàkkaar ci ñeeti fann.

Nit ñi amoon na nattu, waaye it Yeesu taqaliko na woon ak léer, ndam ak jàmm ji mu doon banneexo ci bennoo bi mu amoon ak Baay bi, waaw li Yeesu dajj romb na li xelu nit mën a dajj.

Waaye bu nu xalaate ci coono yi mu dajj ci yaramam rawatina ci xelam ci noonu di nanu natt tolluwayu mbëggéelam ci bàkkaarkat yi.

Coono yi mu dajj ci yaramam: Kenn mënul a mengale yaquiteeg tabax bu rey ak morsob këyit bu salte. Ci noonu it kenn mënul a mengale deewub Yeesu ak deewub benneen nit.

Ci kollère gu njëkk gi benn waxu yonnent wone na ni Yeesu waroona soppe ko. *Wax naňu nee melokanam nekkatulwoon bu nit.* (*Esayi 52: 14*) Tekki bi ci làkkub nasaraan amul doole ni ci làkku yawuut fu Yàlla di waxe naan da ñu ko sonal ba nirotul nit Kirist ci boppam yegglewoon naa naka lanu waroon na sonnal:

Mu ne leen noo ngi dem Yerusalem, te dees na jébbal Doomu nit ki ci loxoy saraxalekat yu mag ya ak xutbakat ya. Dinaňu ko àtte, teg ko dee, jébbal ko ñi dul Yawut, ŅU ŅAAWAL KO, DI TIFLI ci kawam, DÓOR KO ay yar, REY KO. Waaye gannaaw ñeeti fan dina dekki. (*Mark 10: 33-34*)

Te noonu la ame! Gannaaw gi Mark sedee li ay gë-tam gis: *Nu di ko dòor ci bopp ak bant, di ko tifli, daldi sukk, màggal ko. Bi ñu ko ñaawalee noonu ba noppi, ñu summi mbubb mu xonq mi, solaatal koy yéreem, yóbbu ko, ngir daaj ko ci bant.* (Mark 15: 19,20)

Yattu waa-room bi doon dòor Musalkat bi dafa amoon si catt li yax ak xéer yu sew te loolu la nu doon bëte yaramam diggu ganaawam ak dënëm. Lolo tax ñu yeeglewoon ci téere Sabuur ne Almasi bi: ... *bët nanu samay loxo ak samay tank. Mën a waññi samay yax, ñoom ñu ngi gis te di ma xol* (Sabuur 22: 16,17). Waaw, boroom bi Yeesu mi defulwoon benn toñ te matt ci lépp daaj na metit wu tar ba noppi dee coono yooyu taxoon ba kenn mënu ko woon a xame.

Ndex li dimbalinaleen tuuti ngir ngeen xam naka la leen Yàlla bëgge?

Coono yi mu amoon ci wax yu ñaaw ak saaga yi mu doon dégg: Donte coono yi mu dajj ci yaramam kenn mënu ko natt te moone tuti la rekk bun ko mengële ak sagayi ak wax ju ñaaw ji mu daan degg bes bu nekk mu ngi mel ni ndox ci manding mi te tuti la rekk ci metit yi ko doon xaar te tar lool.

Dafa dee ak xol bu jéex ngir nit ñi, Yeesu nit ñi mu doon woon mbëggéel gu matt ño ko jallax ci bant ba Yeesu amoon na metit ci wallu yegg-yegg ni ko ndaw bi di Yowaana di fattale waxtu yu taroon yooyu:

Waaye kenn ca xarekat ya daldi jël xeej, jam ko ko ci wet, ca saa sa deret ak ndox di tuuru.
(Yowaana 19: 33, 34)

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

Deret ak ndox bi doon genn ci wetu Yeesu fajkat yi seen xel macc ci walu xol ne nañu firnde buy wone xol bu jeex kon loolu day wone ni xolu Yeesu dafa jeexoon bi mu nekke ci kaw bànt ba noonu la nuy jängate deret ak ndox bi doon genn ci wetam bi ko xarekat bi jame xeej bi. Ci waxi yonent yi nekk ci téere: *xolam mu ngi doon jeex ci li bésu deewam di jagase* (*Sabuur* 69: 20). Waaw metit yi xel mënul nat te mu daj ko ño jexal xolu mbëggéelam googu.

Bi nga xame ne coono domi aadama yépp a ngi ci xolam te ci ruuwam bu sell boobu ruuwam bi bokkulwoon dara ak bàkkaarkat yi (*Yawut ya* 7: 26)- waxtu woowu lu kenn mënul xalat ci lu bon ak ci safara a ngi doon jaar ci xolam. Boroom bi Yeesu xol bu jeex a ko rey.

Ndax li ndimbali na leen ngir ngeen xam ni leen Yàlla bëggee?

Coono yi mu daj ci walu baatin: Nit ñu bare coono yi Yeesu daj ci yaramam ak saaga, tiflit la nuy gën a gis ak coono yi mu daj ci walu baatin ci dëgg coonom bi gënoon meti mooy bi mu taqaliko ak Yàlla Baay bi ak Yàlla Xel mu sell mi.

Dirub ñeeti waxtu Yeesu taqali ko na ak Yàlla Baay bi ak Yàlla Xel mu sell mi li mosul am te moom Yeesu nekk ci lëndëm bu tar lool ndaxte ci bànt bas ay bàkkaar ak samay bàkkaar la gàdduwoon te Yàlla du dëkkoo ak bàkkaar loolo tax Yàlla doom ji yoxu baat bu tar naan: *Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga dëddu ma.* (*Macë* 27: 46)

Ci bés boobu wuute ak yeneen bés yi benn Yàlla kenn ki te nekk ci ñeeti melokaan boobu ba léegi taqali ko na ak Yàlla doom ji ndax samay ak seeniy bàkkaar

ndaxte Yàlla du dëkoo ak bàkkaar yi mu gaddu woon ci moom: Kirist mi musul a def bàkkaar, Yàlla “*defna ko bàkkaar ci sunu wàll, ngir sunu bokk ci moom, nu man a doon njubteg Yàlla...*” (2 Korent 5: 21)

Kon du woon neen bi aadina si sépp nekke ci lëndëm dirub ñeeti waxtu kerog bi Yeesu faatoo.

Ndax jant bi da dugg ci lëndëm gi
Ngir tànç ndamu Yeesu ci biram Bi,
Kirist aji sàkk lépp deewe ngir nit,
Bàkkaaru aadina si.

Isaac Watts (1674–1748)

“*Yàlla leer la, te genn lëndëm nekkul ci moom.*” (1 Yowaana 1: 5) Leeru Yàlla aji sell ji ak lëndëmi bàkkaar du nu mën a dëkko mukk. Ni lëndëm gi di dummojo su ngeen jobloo leer gi noonu itam la leer gi dummojo su ngeen jubloo lëndëm gi.

Ci noonu kepp ku dummojo leeru mbëggeelu Yàlla gi di na nu nekk ci lëndëm xel ba faw fo xamne mo gën lëndëm guddi ci boppam te gën a weet neegu kaso te jot gi gën a gudd jot ci boppam ndaxte li la nu wax: Ci nii la àtte bi ame: “*leer gi ñëw na ci àddina, waaye nit ñi lëndëm gi lañu taamu ndax seeni jëf yu bon.*” (Yowaana 3: 19) Dëddu Yeesu di na jur lëndëmu xel ak dee ba faw wëlbatiku ci Yeesu di na jur dundug xel ak dund ba faw.

Yoxu ndam gi

Xebaar bu neex bi mooy bi nuy jëm ci njeeextalu ñeeti waxtu lëndëm yooyu Yeesu waxul ci xelam jeex na ngir man wala mu ne parena ci jëfam googu doon

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

musale matoona sëkk loola waral mu yoxu baat bu kawe ne: “**Lépp mat na!**” (*Yowaana*19: 30)

Seeni bàkkaar ak samay yos fay nañu leen. Lépp jeex na!

Ginnaw loolu mu def ca bànt ba diggënte bi mu amoon ak Yàlla Baay bi nekkat na: Léegi nag Baay, ci sa teewaay, feeñalal ci man ndam, li ma amoon ci sa wet laata àddina di sosu. (*Yowaana*17: 5) Man ak yeen amatul lu nu wara def ngir far sunuy bàkkaar te seytaane it amul dara lu mu mën a def ngir neenal ligéey bi Yeesu matal ca bànt ba. Dañaru seytaane, jaan bi dañ na.

Yeesu am na ndam ci kaw buuru dee

Yàlla jélul rekk yaram ak deret ndaxte dafa waroona dee ngir sunuy bàkkaar waaye tamit: *ngir dee ba man caa daaneel Iblis, mi yore dooley dee.* (*Yawut Ya* 2: 14)

Ni Daawuda jélee woon jaaseem ngir daan Goliaat mi foogoon ne du daanu noonu itam la Yeesu daane Seytaane ak ganayam biy dee ngir musul nit- Yeesu mooy kiy musal nit Góor ak Jigéen moom rekk mo mënoon musal nit ci dee ak ci dooley lëndëm buum yi nga xamne moom la Seytaane fas yeene ténke nit ñépp ñi dëddu Yàlla te mu sàkk leen ci melokaanam.

Ci yaramu nitam ni yeen ak man la Yeesu daane Seytaane, dee te dekki genn ca bammeel ba jàng nanu ci li mu yEEK asamaan: *Yeesu ci boppam moo fa jëkk a dugg, muy ndaw li nu jiitu, ñu def ko saraxalekat bu mag ba fàww, mel ni Melkisedeg.* (*Yawut Ya* 6: 20). Guleet benn nit ku **deful dara, amul bàkkaar, Nit ku matt sëkk**,—dem ca Asamaan. Ngir deewam ca bànt ba ubbil na bunt Asamaan ñépp ñi doggu topp ci moom.

Ci jamanom, Charles Wesley amoon Na kolute ci mbëggéelu Yàlla ci moom bi muy bindi: “mbëggéel GU xel mënul gëm, naka yow sama Yàlla nga dee ci sama wàll?”

Waaye léegi Kirist dekki na!

“*Waaye léegi Kirist dekki na, di ku jëkk a dekki, ni gub yi ñu jëkk a tànne ci ngóob mi, jagleel leen Yàlla. Gannaaw ci nit la dee jaar; dugg àddina, kon it ci nit la ndekkite jaar.*” (1 Korent 15: 20,21).

Njiitu jàngu bi di Sangster nekke warekat bi gëna mën a wax bi ma xam. Neex lamiň la daan jariň ngir wax bu baax ci boroom bi Yeesu ak musalkatam Yeesu Kirist. Te lataa muy dee mënákul won sax wax. Febaru kanser bumu amoon ci gimiň Laata muy dem ca asaman mu liar doomam bu jigéen mu jox ko bindukaay ak kayit ci suba ci besu magalu jeggi ba, mu bind: “Am bëgg-bëgg yoxu ne: Kirist dekki na bu tar ngir yuxu mo gën baňa mën a wax loolu”.

Yeesu dekki na moo gën am sa lamiň te baňa wax ci Yeesu. Bi ndaw bi di Pool taxaw na ci kanamu Buur bi Agripa ngir lay ci li nu ko doon jiiň te du woon dëgg, mu porofito si wax ngir wax ci dee ak ndekkitezú Kirist: “*Maanaam Almasi bi dina dékku ay coono*”, ***te mooy jëkk a dekki, bay jollil leer ci bànni Israyil ak ñi dul Yawut.*** (Jëf Ya 26: 23).

Moona laata Boroom bi Yeesu di dekki wax na nu ci Kóllëre Gu Bees Gi ne am na ay nit yu dekkiwoon ni Lasaar doomu Jayrus ak jigéen gi jëkkéram faatu Yeesu mo leen dekkil ci kemaan nit ñooñu deewat nañu ay at

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

ci ginnaaw gi wante demewul woon noonu ak Yeesu bi mu dekke. Ba tey ji mu ngi dund ci yaram ak ci xel ba faw mo doon ki jëkkoon na dekki ci biir new yi!

Naka la bameel mën a teeye ci biiram Aji sakk dund ndaxte Boroom bi Yeesu mooy ki sàkk lépp te ci neen la sàkke lépp, ndaxte ni nit ku màtt sëkk Yeesu mooy Yàlla jiy musale te dekkil ñi deewoon te njëkk a doon kiy ubbil bunti Asamaan ñi koy gëm ñépp ci kaw ngëm:

*“Waaye Yàlla mi bare yérmande, ci kaw mbëggeel
gu réy, gi mu am, ci nun, dundalaat na nu ak Kirist,
fekk ndee lanu woon fa kanamam ci sunuy bákkaar
ci kaw yiwu Yàlla ngeen mucce te dekkal na nu ak
Kirist Yeesu, dëël nu ak moom ca bérab yu kawe ya.”
(Efes 2: 4, 6).*

Pool di bind aji gëm yi nekk ca Korent di leen fatali ne da noo mucc ci seeni bákkaar ndax li nu *nangu* Yeesu: *Li ma jotoon, jottali naa leen ko, te moo jëkk ci maana yi Kirist dee na ngir dindi sunuy bákkaar, ni ko Mbind mi tèrale, suul nañu ko, te mu dekki ca ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tèrale.* (I Korent 15: 3,4) Tey ji bépp aji gëm mën na wax ak kolute ne “Kirist dee ngir samay bákkaar, dekki na ngir ma am dund gu bees.”

Bés bu njëkk bi ba ca ñetteelu fan

Xëyna léegi yeen a ngi naan lu dàll Boroom bi Yeesu Kirist ci diggënte bi nu ko daaje ak bésu ndekkitteem ci biir neew yi? Yàlla mi ci xalaatoon moom indi na ci tontu:

*Su nu waxee ne yéeg na, li moo ci génn: daa jëkk
a wàcc ba ca bérab ya gën a suufe. Ki wàccoon
moo yéegaat, ba tiim asamaan yépp, ngirfees lépp.
(Efes 4: 9, 10)*

Bibal bi ne na bi mu wacce ca bérab yi gëna su-
ufe dafa jëli ñépp ñi gëmoon ci deewam ca kollëre gu
njëkk(ñi gëmoon te dee) ga yobu leen ci ndamam. Tey
ji bépp aji gëm a ngi ci mbéggtée, te mën na ko wóor ne
gëm ne dee buntu la rekk bu nuy duggal ci ndamu Yàlla
Kirist ci boppam jël na ndam ci kaw dee ci baatin ak ci
yaram.

*Céy yaw dee! Ana san dam? Céy yaw dee ana
sa danjar ji ngay fitte? Danjaru dee mooy bakkaar
te Dooley bakkaar mooy yoon wi. Waaye jérëjëf
yaw Yàlla, ji nu jox ndam li jarale ko ci sunu
boroom Yeesu Kirist!(I Korent 15: 55-57).*

Ndonag mbéggeelam

Neex na lool nu xam ne Yeesu moo njëkk jël yoon
wi jëm asaman te mën na noo topp ci gangooru ndamam.

Neex na it nu xam ne Yeesu laata mu doon yeeg ca
ka asaman dig nanu ne bu deme asaman di na yoone Xel
mu Sell mi ñi ko gëm ñépp.

Lii la wax ay talibeem:

*Ku mar, na ñëw ci man; ku gëm, na naan! Ndaxte
Mbind mi neena, ndox mu bare muy dundale
dina xellee, ci dënnam”, Booba li ko taxoon di
wax mooy Xelu Yàlla, mi ñi ko gëm naroon a jot.*

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?

*Fekk na joxeeguñu woon Xelu Yàlla mi, ndaxte
ndamu Yeesu feeñagul woon. (Yowaana 7: 38,39)*

*Léegi nag maa ngi dem ca ka ma yónni... Te dinaa
ñaan Baay bi, mu jox leen beneen Dimbalikat...
Kooku mooy Xelu Yàlla, mi yor dëgg gi... Li
gën ci yeen mooy ma dem, ndaxte su dul loolu,
Dimbalikat bi du ñew ci yeen; waaye su ma
demee, dinaa leen ko yónnee... Dina ma màggal.
(Yowaana 16: 5; 14: 16, 17; 16: 7, 14)*

Gis nanu ni dundu Doom ji wonne woon ndamu Baay bi xëyna léegi yeen a ngi laaj laaj bi: “naka laa mën a wonne ndamu Yàlla ci sunu dundu bu nu Yeesu yonne Xel mu Sell mi?”

Ab tontoo a ngi nii ci laaj bi ci ni ndamu Yàlla di feñnee ci dundu bépp talibe Kirist bo xam ne mbëggeelu Yàlla da fay baawaan jàng nanu lii: *Te yaakaar jooju du ay nax, ndax mbëggeelu Yàllaa ngi baawaan ci sunu xol, jaaraale ko ci xelam mu Sell mi mu nu may. (Room 5: 5)* Mbëggeelu Yàllaa ngi dëkk ci sunu biir jare ci Xel mu Sell mi romb lu sore lool bëggu bëggu nit Bu nu doggo gëm li Yeesu def ca bànt ba, Boroom bi Yeesu, dafay tambale ci jëmmu Xel mu sell mi di bëgg yeneen nit jare ci seen dund ndax du lu neex!

Gëm ne Yeesu dee na ngir seeni bàkkaar te ngeen gérëm ko ak seen xol bépp ngir loolu ngeen baneexu te am kolute ci ne Yàlla baal na leen ak mbëggeelam gi leen musal.

Ginnaaw gi ngeen jox seen dund ngir mu dëkk ci seen biir te loolu yeen a ko moom ngeen doon ay jum-tukayam ci addina su ñakk si mbëggeel.

Laaj bi la nu laajoon benn boroom xam-xam bu
gëstu ci xam-xamu Yàlla: “Lan mooy sa xalat bi ngën a
xóot ci Yàlla?” ci lu mu xarul, mu sukkandiku ci Bibal
bi ne wóor na ma ne: “Yeesu bëgg na ma ndaxte Kàd-
dug Yàlla moo ko wax.”

**Waaw, Yàlla bëgg na ma te noonu la ma wóore
ne bëgg na leen yeen itam!**

Yaw! mbëggéel bi taxawal yonnub muc.
Yaw! yiiw mo ko indi ba ci man,
Waaw! aka réyoon pax gi nu taqalewoon ak
Yàlla,
te Yeesu-Kirist sëkk ko ca bànt ba!
Waaw! Yérmande bawanoon na
Te yiiw doon ag may bu nu yelloowul
Waaw foofu ca bant ba,
Gis nanu fa mballug Yalla gi amul àpp
Ca tundu Golgotha la sama ruu gi sonoon
am moomug boppam.

Ndax ci dëgg-dëgg Yàlla bëgg na maa?



Bataxaal bu baawo ca Irak

“Mangi doon dund ci biir këru julit, sama njaboot jàngal naň ma naka lanuy julle ak wore. Da ma daan muur sama kanam ni julit yu jigéen ni ak di solu bu yiwi ngir baña yobbe bakkaar benn goor bu ma xool.

“Te loolu daf ma daan tayel lo te barewoon na jot lool ca kér ga waxtu yooyu ma dawul woon def dara dama daan jàng walla di deeglu radio rawatina li nu dann wax ci biir bibal bi. Benn bes sama njékke dugg si ci biir kér gi ak yu rafet yu nuy taf. Bindoon na benn bataxaal bu jékk ci sama turu njékke ngeen tonту ma defale si benn téeré bu nu dippe ‘Seen Wuutub Yàlla.’

“Mangi doon jém xam lu wuutub Yàlla di tekki? Ci juroom ŋaarelu xaaju téeré bi am na benn laaj: Yàlla ci dëgg-dëgg ndax bëgg na ma? Li ma gënoon na laal mooy li may bëgg a wax: Yàlla firndeel na mbëggéelam akyeen ci li mu def bi Yeesu deewe Ca bant. Ba bu ngeen xame li loolu di tekki soxlatu leen yeneeni leeral ci mbëggéelu Yàlla ci yeen.

“Xaaj boobu jàng na ko lu ëpp téemeri yoon ci la tambale xam ci lu andul ak xel ŋaar ne bànt bi moo doon benn yoon bi rekk ngir man.”

-Li nu ngi ko jéle ci benn jukki bu Trans Word Radio

Ay ponk ngir ngeen xalaat ci bu baax

1. Ban fann moo gën ngir firndeel sunug mbëggéel ci keen?
Ndax ci li ngeen di wax la?
Ndax ci li ngeen di def la?
2. Naka la Yàlla firndeel mbëggéelam ci yeen?
3. Naka ngeen di tonto ci mbëggéelu Yàlla googu?

*Ci biir néeg bi nuy oppere
Doktor bu nekk yangi jàng xajale deret ak Dund gi.
Ñoom ñaar kenn mënuleen xajale:
bo ñakke benn ci ñoom ñaar ñëpp ngay ñakk.*

DOKTOR POOL BRAND

Fan la mëna naa gise dund gi?

*K*aja guddi ngi doon jaggesi. Di wajal tukkib otoray bu fukki waxtu ak juróom ſett yu jafe, ſama ſoxna ak man ſu ngi woon ak téemer yenneen tukkikat ci garu otoray bu St Lazare ca Paris. Nu ngi doon xaar kiy jaay tiket te mën a jall ci ſunu otoray.

Ni éppon ci ni doon xaar ay ndaw laňuwoon. Ni Dorothi ak man nrkke ci ſeen biir mu nuru nu ne réewi tugël yépp amoon naň fa ab ndaw bu leen fa tewal. Neen na ngi doon fëkk nelaw, di njegenayo ſeeni bagas. Bi nga xame ne ſu ngi tëdd ci peronju xéer, ſeeni xarit ſoo doon wattu di lekkale ſandiws te di naan tuuti ndox bu nekk ci benn butel.

Dirub li nuy xaar, waxtaan nanu, rewandoo nanu it ak yenn ci ndaw yi te bi ku nekk dinde ag nafeeqam, ſu ci épp gisu ſu dund gi nu doon wuut. Tuuti ginaw gi ſunu waxtaan wélbatiku ci nit ki doon tukkendoo ak Dorothee ak man-Boroom bi Yeesu Kirist!

Bi ŋu doon waxtaan ſeen ci ndaw yi njaqlafoon te xamadi ubbil nu seen xol te bokk ak nun seenug bëgg-bëgg ngir gis dund gu dëggu gi. Ŧeen ni yakaaroon nanu ne dinanu ko gis ci dëkk bi ci topp, ſeen ni yakaar ne seen xarit yu bées ya leen ko di jox, ſeneen ni yakaar ci sinebar, garb yi walla bowasoŋ yi. Neen ni ſnoon seen titaange moo doon japp febar biy raye.

Ci dëkki Afrik yi ŋu ngi ko tudde febar biy jexalate, ci biir doktor yi ŋu ngi koy wax V. I. H. Bu lawe bu baax ci yaramu jigéen, goor, walla ndaw ŋu xamee ko ci tuuru Sida. Titaange japp feebar bu bon boobu benn la fepp. Xalaat rekk febar boobu mbir mu rëy la. Ci addina sépp nit ni xam naňu ne sida boobu febaru deret la. Fi nga xamne foofu la deret bi di jaar da wara mel ni dex buy sellal dund, nekk na dex bu dee solu.

War nanu nangu ne bu deret nekke sax mballu dund, gis ko day daw sama yaram. Ngir jéem jeegi sama jafe-jafe jooju, wuyi ji woon na benn lopere bu nu ma bolewoon ci benn lopital bu nekk Londaar. Bi paaka bi dagg deru ki febar ki, ma xawa bayiwaat sama sama xaritu doktor bi gis ne ſnaq na lool mu xelal ma ma genn néeg te loolu rekk moo doon li ma soxla du leneen!

Waaye ak nu nit mën a melsu gise deret dund ak wéer gu yaram mën a dellusiwaat ci nit buy xëpp deret walla mänke deret ci bu nu ko solate deret. Tey ji xarala yi am ci wallu fajj deret bu nu jële ci nit ku wér def ko ci biir siditu nit ku febaar febaar bu meti walla nit kuy sukurat.

Laata xarala yooyu di am ci wallu fajj Yàlla ci wal-lu boppam wax na ne *dundu yaram mu ngi ci deret...*

Fan la mën naa gise dund gi?

(Lev.17: 11). Doktor bi Pool Brand nangu na ne deret mo yor dund: “ci biir néeg bi nuy oppere doktor bu nekk yangi jàng xajale deret ak dund. Ņoom ňaar kenn mënu leen a xajale: bo ňakke benn ňoom ňaar ňëpp ngay ňakk.”

Ñu bare umpale naňu ne donte du ňëpp ňoo mën a japp febaru sida, am na beneen jàngoro deret bu dàll ňëpp. *Ndaxte Yàlla ci kenn nit la sakke xeeti addina yépp, nu dëkk ci ňeenti xebla yi, ... (Jëf ya 17: 26)*. Musiba boobu japp ňëpp ňu ngi ko jéle ci Aadama ni ko Bibal bi maamu ňëpp. Bi nit ku jëkk ka, Aadama... bakkare ňi ci topp ňëpp ak xeet bu mu mën ti doon yangi ci nootaangeeb dee.

Bi *nit ku njëkk ki, Adama... (1 Korent 15: 45)* askanaam gépp ak nu deram mel, fu mu mën a dëkk, ak nekkin gu mu mën a nekke, nu ngi ci mbuggëlu dee: Bibal bi wax na ci bu léer: . . . *kon ni ňëpp deeye ci seen bokk ci Aadama... (1Koren 15: 22)*. Ni SIDA bi di duggële dee ci dereu ku mu dàll. Bu fekkoon ne demewul woon noonu, nit ňi dinaňu dellu asamaan te du ňu jaar ci febaru yaram ak dee. Waaye demewul noonu.

Gérëm leen Yàlla ci li Yeesu judd, dund ji deretam ji mu tuur may doomu Aadama noonu la ame. Malaaka Yàlla bi di Jibril wax na Mariyama dina ëmb benn doom bu turam wara nekk Yeesu. Jibril wax itam jànk boobu amul jëkkér naka la ëmbam boobu wara ame.

Xel mu sell mi dina wacc ci yaw, te Aji kawe ji dina la yiir ci kàttanam. Moo tax xale biy juddu dinaňu ko wooye ku sell ki, doomu Yàlla ji. (Luug 1: 35)

Kemaan am bi péppu Yàlla jiwwu soxna si. Ci mbiir mu kemane boobu dundu Yàlla siwal nanu ko ci biir doomi Aadama. Ni doktor Robert E. Coleman waxe “ni Yàlla sose Yeesu moo tax kenn wallu ko bakkaar” ci bu woor ni lu ndaw li tambale magg ci biiru Mariyama te deret doxna ci sidiitu loolu tambale nekk doom. Deretam bu am solo boobu dafa sellon te bakkaar jappu ko. Waw, deretu borom bi Yeesu moo doon dund* ci boppam.

Deretu nit mbir mu bare fann la. Ba léegi, ŋiy gëstu ci wallum pajj ŋu ngi wey di gis ay kumpa ci kataan gi ndox mu kamaane moomi di joxe dund. Ngir Gën a leer, yeen ci liggéeyu deret ci biir yaramu nit mooy di setal yaram wi, di jox dund tey fexe ba nit ki du febaar. Loolu mën a nuru lu neex, waaye li gënati nees mooy ngeen xam ne Yàlla jox nanu lu nu mel ci sunu biir yaram te deret boobu a ngi fii ngir képp kuy wut dund gu dëggü gi. Ngir bàkkaarkat bi deretu Yeesu mooy li Yàlla wajal ngir sellal ko ci ay bàkkaaram. Népp ŋi dee ci xel, deretam bu sell boobu day joxe dund ak “D”. Ngir képp kuy dund ci xel, deretu Yeesu la Yàlla wajal it ngir fiiri Seytaane lu jém ci deret googu jäng nanu ci lii:

* Ci téerém mbidunu deret M. R. Dehaan, M. D. feeñal ay njàngat yu bare ci mbindin ak nàmppal ba noppi mu ténk: “yaay ji day wall loolu di tambale nekk doom, li yaram soxla ngir maggayu doom jooju nekk ci sëyükay bi. Waaye deret jooju di nekk ci loolu nekkagul doom yaay ji du ko ko jox. Bes bi muy wan lor ba ni xale bi di juddo du am toq deret bo xamne yaay ji moo kooy jox doom ji. Njàngat bi doktor Coleman def ci gis-gisu doktor Dehaan ci téerém bi di mbin ci deret nee na: “ináluma gis-gisam, (ci gis-gisam, deret ji nekk ci yaaramu nit ci wallaxnjanu ku goor ki dajje ak bu ku jigée ki, kon yaay ji amul benn wall ci deret jooju). Seetlu na ne yeeneen doktor dinaňu am xel ŋaar ci mën nekkam. Wante ci ni yaaramu nit di bindoo gisuma ci sama wallu bopp ci ban fann la nekke jefe-jafe soosu gi Yeesu soosu ci Yàlla lijjëntina jafe-jafe gi nga xamne mooy bakkaar bi baay yi di wall seen doom bu nu ko mengale ak li bibal bi jängale ci deretu Yeesu.

Fan la mën naa gise dund gi?

Xam ngeen ne, Yàlla jot na leen ci seen dund gu tekkiwul dara, gi maam ya nekkoon, te jotuleen ak yu deme ni xaalis mba wurus yuy wéy, waaye ci deretu Kirist ju tedd ji mel ni mbote mu skkul te waňníkuwul. (1Piyeer 1: 18-19)

Deret gi: kataanu sellalkat bi mu am

Am na ay at ci ginaaw gi, ëttu yene kaay yi xam-lewoon naňu ne benn kér guy yengu ci wallu dem ak dikk jalgatiwoon ay sart ci wallu set. Ngir yokk seen ngaňaaay, këru ligeyukaay boobu jëfëndikowoon na benn defukaay ngir toxël tokke ba noppi nu jëfëndikowaat boobule jumtukaay ngir toxëlat beneen mbir bu nu mën a lekk bi nuy delusi ci seen tukki bu jëkk bi loolu yobena ſu bare feebar.

Yàlla bi muy sàkk yaramu nit defar defarale na woon pexe bu gën a baax ngir tasaare ſam yi ak li yaram soxlawul. Li Yàlla sàkk te mu màtt taxoon ba leen dawul jaar fu mu warul jaar, te benn jàngoro mënulwoon jott bay yaq ni deretu nit bi doon tasaaro ci biir yaram, li ci gën a doy war mooy benn sidit èppul-woon karaw. Su fekke ne tokke yooyu dindiwňuleen woon ci biir yaram bi Kon ci bu leer febaar ak dee luňuy jurël nit.

Te loolu la Yàlla wone bi mu leerale naka la dinde ni bakkar doon lawe ak a wallate ci sunu dund. Boobu bale mën a nekk rekk ci deretu Yeesu bu sell bi: *waaye bu nuy dox ci léer, ni mu nekke moom ci boppam ci léer, kon bokk nanu ci sunu biir, te deretu Yeesu doomam dinanu sellal ci bépp bàkkaar (1 Yowaana 1: 7).* Ci beneen wàll Yàlla nee na: ... *amul beneen yoon bun nuy bale sunuy bàkkaar (Yawut ya 9: 22).*

Deret gi: kataanu dundël gi mu am

Beneen njariňu deret mooy yeggale ŋam yi ak ndox fêpp ci yaramu nit ngir jappandil dundu gi. Bu fekke ne deret gi mooy na ci jott sidit yi ak yi nekk ci sunu yaram yooyule. Dinaňu dee nànk-nànk ci noonu yaram wi day dee bu deret gi noppe di daw ci biir yaram wi. Ci bu léer dund nga ngi ci biir deret.

Bun ko xame, daf nuy fattali ay baati boroom bi Yeesu bi betoon ay talibéem bi mu de wax ci deretu boppam, mu nee leen:

Ci dëgg-dëgg maangi leen koy wax, bu ngeen lekkul yaramu doomu nit te naamuleen deretam, dungreen am dund ci yeen, ku lekk sama yaram te naan sama deret, am nga dund gu dul jeex, te dina a la dekkal kéroog bés bu mujj ba (Yowaana 6: 53-55).

Ci noonu Yeesu wey di léeral lu wax jooju di tekki: ... *kiy lekk sama yaram tey naan sama deret dina sax ci man, ma dëkk ci moom* (Yowaana 6: 56) ndaw mbéeggté ci xam Aji dund ju sax ji! Ngir nattu kataanu ndekkite, talibe Yeesu yi mën na ŋoo seede ak ndam ne: Yeesu mi dekki mu ngi dund léegi ci man! Ngir nit yu mel ni jël mbiru ak ndoxum reseň bi jëf ju yomb la te fees ak misaal, yiiw ak seede. Aka neex!

Ni nu mën a firndele ndekkiteeb Yeesu ci sunu ndund ci li mu tewayam ci sunu biir, aji ngém yi mën a na noo seede ni: Yeesu dekki na te mu ngi dund léegi ci man kon ci ŋoom lekk mburu mi ak ndoxum reseň bi du lu dul misalu jëfi yiiw ak seede.*

* Am na ay miliyonu nit yu gëm ne mburu ak doxum reseň bi nuy joxe ci seen jàngu yi ŋoo di dëggéntaan yaram ak deretu Yeesu Kirist. Njàngat bi boroom bi Yeesu bërggoon ŋu am ko ci misaal googu jalgati naňu ko bu baax.

Fan la mën naa gise dund gi?

Kataanu dundël googu deretu Yeesu, ci keman la wacce ci dund aji ngë gi ci katanu xel mu seel mi bu nu ko yesalate. Nëpp ñoo soxla ñu solleen deret ngir barkelu ci dund gu sax gi.

Deret gi: kataanu kaarange gi mu doon.

Am na beneen njàriňu keman gu deretu nit mooy sellal gi deret di sellal dund waaye it aar gim kooy aar.

Laww gi titaange laww ci addina si mi ngi am bi nu siwale febar boobu di peste bubonique foofe ca réewum Indo yi. Abiyoñbi joggewoon réew boobu danu ko Yaqate te nit ñi nekkoon ci biir abiyoñ boobu daňu leen ber dirub ñeent fukki fan ngir saytu seen wër gu yaram ngir ragal febar boobu di rayate tasaaro ci yeneen réew ci noonu ñu ámbargo abiyoñ yi jogge réew moomule.

Noonu la deme ci yeneen febar yu mel ni febaru nagg bu dof bi, walla feebar biy dàll ci kaw janaw yi ak yeneen ak yeneen. Bu dul sax febar boobu di am na sa bu nekk yuy song sa bu nekk ci yaramu nit yu ko mën a rey sax. Waaye deret am na nu muy xeexe ak jàngoro yooyu, Am na ci biiram yoo xamne ñooy xeex ak jàngoro yooyu tey aar dund gi. Bu ab conj ame yooyu di artu tey xeex ak jàngoro yi da ñuy yokku bu bare ba noppi taxaw taxawayu alkati ngir aar dund gi ci biir deret.

Ni mu neexe nga xamne deretu boroom bi Yeesu Kirist, mi gën a nees deretu doomu Aadama, am na it taxawayu aar dund. Deretu Yeesu mooy aar dund aji ngëm gi ci conji seytane yi. Di xamle lu ñewëgul ci xeex bi dox diggënte seytane ak doomu Yàlla yi, jàng

nanu: *fekk noot nanu ko jarale ko ci deretu mbotema ak seen seedes ngäm te soppuňu seen bakkan ba ragal a dee* (Peeňu 12: 11). Mën ngeen yeen itam noot conjni seytaane yi sukkëndiku ci kataanu aar dund gi deretu Yeesu am.

Ndamu Yeesu boobu ci kaw seytaane yonnent yi waxoon naňu ko ginaw bi seytaane naxeewoon Aadama ak Awa, boroom bi Yàlla diggewoon na ne jiwwu jigéen ji mooy toroxte seytaane. *Dina def mbañeel sa diggënte ak jigéen ji ba dëddale sa xeet ak xeetam, muy toj sa bopp nga di ko màtt ci téstën* (Njálbeen ga 3: 15). Jiwwu jigéen ji mooy toj boppu seytaane, waaye laata loolu seytaane di na màtt téstënu almasi bi, waw, boroom bi Yeesu ci boppam, moo doon jiwwu jigéen ji mi ŋakk deretam bu am njëgg googu ngir ne:

*Dee, ba man caa daaneel ibliis, mi yore dooley dee
(Yawut ya 2: 14).*

Wute ak ndongo daara yi wetoon ci seen lëmbajo ŋi nu taseeloon ci garu St lazare caParis, ŋeen ŋi gis naňu Aji dund ju dëggü gi.

Am na at yu néew, Dorothee ak man dajewoon nanu ak téemeri wa uganda ŋu am kollute gis dund gi. Ci deretu deretu boroom bi Yeesu Kirist gisoon naňu seen sellayu xol. Mën naňoo dëggël ne yu yagg yi wéesu naňu te lépp beesat naňu.

Donte bayiw ŋu xel ci aartu yi nu ki teewal réewum Angalteer ci musiba yi ŋu doon xaar foofu ca réewum Keňa man ak Dorothy bu nu demoon ci réew moomu. Yàlla tannoona jamono ji nu waroon amal sunu lël. Aar nanu ak njiitu jangu yi bokk ci réewu

Fan la mën naa gise dund gi?

Uganda ak seeni soxna. (Yembaloon na it abiyoŋ gi nu waroon na delosi te loolo ngi amoon benn fann laata tåkk der yi di foqati nguur gi).

Bi nu egse ci layropor bi gis nanu ab titaange ak jax-aso ci jawwu ji. Lëmbajo ak tilim gi nu fa fekk mënesu ko wax. Am na benn woto bi nekkoon rekk ci dëkk ba bu nu waroon na yobbuu ca layropor ba mu jaare ci yoon wu am ay kamb ginaaw bi nu dawe tuuti rekk ay way fippu yu yaradiku te yore ay fital timalenu leen yu taxawlo sunu woto xamunu woon ndax ci nguur gi laňu bokk walla def lu bon moo leen taxoon a jogg waaye fekk na ŋu xame sunu dawalkatu woto ak ŋoom ŋoo bokk benn waaso. Nu bayi nu nu wey ci sunub yoon donte seen xol andul woon ci loolu te jelunu dara ci sunuy bagaas.

Bi nu egse ci bereb bi nu waroon a amale sunub lël fekk nanu man ak Dorothy bereb boobu mu doy war loolu, bereb bi amul làmp te fekk nanu fa it ay niy yu tiit. Bi njiitu jàngu egse ak seeni soxna fate naňu sax berb boobu ndax ndam ak tewayu boroom bi. Ndaje yooyu ca Uganda du ŋu leen fateti mukk Ci li ŋu fa dund ak sunu daje ak Yàlla jiy dund.

Dirub juróom ŋeeti Waaxtu bes bu nekk jo xamne njiit yooyu ak seeni soxna ŋu toog ci bang di ŋu deglo man ak Dorothy di seedo ak ŋoom dëggü Yàlla bi nekk ci Bibal bi. Bi may jàngale sama soxna Dorothy mungi doon bind ci tablo bi ngir misal li may wax. Ci saa si mu am xeex ci bunt bi donte japp nanu kenn ku mandi nangu ñayanayam am na keneen ku rëcc dugg ci biir ba joxoň fitalam sama soxna Dorothee.

“Moom dafa wax rekk nanu ŋaanal nit ki ngir mu xan Yeesu.”

Ginnaaw ay saa yo xamne ni abadan ci samay gët, ki ma doon tekkil li nit kooku ma mënul gëm wax: ‘Dama bëgg xam Yàllay jigéen ji.’”

Bi ma baye xel ci li nu ma doon tekkil du ma fatte muk benn xool ndax selley ak kataanu Yàlla moo feeňoon ci sunu jootay yooyu ŋoo amoona dole ci soldar amoona dole ci soldar bu mandiwoon boobu, walla ci coobare boppam suufelu bu ko xiir ci kanamu ŋëpp mu wax bëggu-bëggu xolam-duma ko xam mukk. Li ma xam mooy ci saa soosu fetal bi wadde ci kaw jëm ci suuf te ḥanay la ngi ci suuf, soldar bi sukk ay ómam.

Saa bu daw yaram lawoon. Te Dorothy xamoon na ko. Mu wax soldar bi: “ñaanal ŋaan gi su ma noppe”. Ci noonu benn benn mu yobbu ruu boobu sàñkuwoon ci kanamu bant ba ci musalkatu nit ni tooň foofu mu gis aji dund gu dëggu gi jare ci deretu Yeesu.

Lu tax ma seedo xew-xew gi ak yeen léegi? Ndax li nara xew bi loolu wesoo si biir ndaje bi.

Ci sunu ndaje boobu amoona ay nit yu bare yu mënoon a am lay yu bare ngir raggal ak baň nit kooku xaloon yoon ci biir mboloo moomu. Amoona ci ŋun ŋu deggoon ay ray. Benn njiiitu jangu bu fa nekkoon ay baramam benn soldar moo leen daggoon ci benn boom bu ŋu doon jéem. Waaye ndaxta ŋoom ŋëpp xamnaňu te bëgg naňu boroom bi Yeesu ba nga xamne ŋoom ŋëpp ni fa dajewoon ŋaanal naňu seen mbokk bu bées boobu ŋu bokkal ngëm ci Yeesu.

Ci lu andul ak benn jumtukaay yi nuy wooye lu dul seeni baat ŋu woyondo wooye yi:

Fan la mën naa gise dund gi?

O deretu Yeesu,
O deretu Yeesu,
O deretu Yeesu,
Daf may taqale ak samay bakkaar.

Bu rekk sunuy njiiitu addina si mënoon nekk ak
ňun ci bés bi. Ci bu woor, dinaňu mën a seede safara bi
Yàlla indi ci xeex bi doxoon ci diggënte waaso yooyu,
diggënte xeet yi ak adduna sépp:

*Te jaar ci moom, jubale lépp ak boppam, muy ci
kaw asamaan yi mba ci suuf, ba mu wacce jàmm
jaaraleko ci deretji tuuru, bi doomji deewe ca bant
ba... (Kolos 1: 20-21)*

Waaw ñi am diggënte ak Yàlla rekk laa wax lii:
“*Gannaakirist tuur na deretam nag, ngir Yàlla àtte nu
jub, rawatina ne dina nu musal ci merum Yàlla. Nun
ay bañaaley Yàlla lanu woon, waaye Doomam dee
na, ngir jubale nu ak moom. Gannaaw léegi nag xariti
Yàlla lanu, rawatina ne dinanu mucc ndax dundug
Doomam.*” (Room 5: 9, 10).

Ay ponk ngir ngeen xalaat ci bu baax

1. Ndax ci dëgg dund ak “D” moom ngeen bëgg? Mooy dundi gi boroom bi Yeesu wax na ko ni bi mu naan: *Man dama ñëw, ngir nit ñi am dund, ba nekk ci naataange* (*Yowaana 10: 10*).
2. Sukkëndiko ci bibal bi: Fan la dund gi nekk ci yaramu nit? (*Lev. 17: 11*).
3. Ban solo ngeen di jox deretu Yeesu bu am solo te ba faww?

Ndax gëm ngeen kataanu sellal bi deret bi am?

Kataanu dundël gi mu am?

Ndax am ngeen kollute ci kataanu kaarange gi mu am?

Boroom bi Yeesu ne na: *Boroom bi Yeesu nee na: Man maay ndekkite li, maay dund gi, ku ma gëm, boo deeye it, dinga dund. Rax-ca dolli kuy dund te gëm ma doo dee mukk...* (*Yowaana 11: 25-26*).

*Mattug nataalkat, yanjaayu xar kanamu nit,
rafetaayu dekuwaay ci bu woor dara ci loolu lépp
xëyna mënes na ko wone jareko ci riir. Xool bi
mënul ŋakk. Lépp ni ay gët di saytoo rafetaayu li
Yalla sàkk, ni ŋi gëtu baatin di nu maye ŋuy raňne
tewayu yà, katanam ak mbëggéelam ci ruiwu nit.*

Naka lanuy bokke ci njabóotu Yàlla?

*C*i ndoortelub atti ñeent fukk. Wàllu kér doktor def na ay jeego yu rëy ci wallu fajj ban g xamne sax mënés na jèle ay cér ci néew defal ko nit kuy dund. Doktor bi di Sangster bi nga xamne mu ngi ci asamaan netaliwoon nanu ni mu dindewoon peru bët ci gët ci gëtu nit ku dee def ko ci gëti kuy dund.

Bala jànt bi de soo, doktor Sangster gunge ñaari nit ci tundu Surrey ca Angalteer, kenn ci ñoom dafa gum-bawoon, keneen ki mooy ki loperewoon ay gëtam. Bés bi topp ci loperation wam boobu, danoo muroon ay gëtam ak bandas yu woyof ngir nebb leen léeru jànt bi. Nànk-nànk jigéen jooju ngi doo tamm léeru jànt bi te amoon na ci mbéeggte. Tuuti laata jànt bi di fenk nu dindil ko bandas bi mujj.

Bés boobu jànt bi ménulwoon a gën a rafet. Jànt bi sanni bët ci fi muy fenke lëndëm yi nasax te xobbi gançax yi gën a rafet ci suba teel si. Picc yi di tag ci kaw garab yi di wuut ndekki, lu rafet te matt ci jigéen jiy sogga gis bu njëkk. Kanam gi fées aki rangoñ mu

wax: “O! Jéem ngeen ma ko netali, waaye mosuma woon xalaat ne ni la rafate!” Mu toog noppi ci kanamu rafeta yu li Yàlla sàkk.

Naka nga mëne tekktal lu conq ku mosula gis? Walla rafetaayu jànt bi ko xamne ay gëtëm daňoo tejju? Mënul nekk. Baat yi nuy jëfëndiko ngir wax ci lu rafet yi nu mën a gis du ŋu am benn solo ci ŋi mënul gis. Mattug benn tablo jàngalekat yanjaayu xar kanam walla rafetaatu dekkuwaay mënesu ko wax ci ay riir. Faww nga gis leen.

Mën naňu wax lu ni toll ci wallu baatin. Bi may waaxtan ak benn ndongo ci wallu fajj tetey wajja noppi ci lopital bu Londaar mangi ko doon léeralal mbotti Yàllay mbåggéel gi “mosu ma si bayi xel,” la ma tontu ma xam waaye ma wey di waax ak moom, “déedéet bu dul woon loolu dina ma bett, ndaxte yeen a ngi mel ne nit kuy dund ci néeg bu lëndëm xam na lan laMan ci sama wallu bopp dund na ko, waaye genn na ci léegi te mangi gis fi jàntub mbëggéelu Yàlla di léeré. Dawuda” ma ni ko, “so bëgge xam mbëggéelu Yàlla, war nga genn néeg bu lëndëm bi ngir dund ci léer gi.” Bés boobu Dawuda sukk ay omom ngir ſaan boroom bi Yeesu mu baal ko ay bakkaaram te dugg ci dundam. Du ma fatte mukk li mu ma wax bi muy jogg: “Mënu ma woon gëm mukk ne dina néexé ni!”

Ni xool di joxe rafetaayu li Yàlla sàkk, ngisum xel moom it noonu la joxe ruu firndeeg tewaayu ak kataanu ak mbëggéelu Yàlla.

Meti na lool sa boo seetlo ſakk baatin su kenn ku gumbe ci xel di wax ci Yàlla. Bi mu yéegé asamaan boroom bi Yeesu, wax jare ko ci ndawam li Yowaana

Naka lanuy bokke ci njabóotu Yàlla?

def na saytu bu doy war ci nekkinu wa Laodise mu ne dëkk boobu: *fekk xamulo ne...gumba* (*Peeňu ba 3: 17*) Ndax mën ngeen xalaat benn gumba bu xamul ne dafa gumba? Bi mu defe saytu googu Yeesu safara bi la diggle: *Moo tax mangi lay xiirtël, nga jënd ci man... ak tuufaay booy diw ci say gët, ngir mana gis* (*Peeňu ba 3: 18*). Te naka la diggle googu ame njeriň. Dund baatin dafa soxla ſu opere sa xel te loolu ligeyu xel mu sell mi la.

Seen juddu gu njékk sair la woon. Waaye ubbiwul seen xel ak seen xol. Bu ngeen bëgge genn ci lëndëmu xell ngir dugg ci *léerug xam-xamu ndamu Yàlla war ngeen judduwaat bu bées*. (*2 Korent 4: 6*) Yeesu wax na Nikodeem:

Lu juddo ci nit, nit la, waaye lu juddoo ci xelum Yàlla, xel la, li ma ne faww ngeen judduwaat (*Yowaana 3: 6,7*)... *Ndaxte Képp ku judduwaatul doo man a seede nguuru Yàlla kon su ngeen bëgge gis nguuru Yàlla faww ngeen judduwaat* (*Yowaana 3: 3*)

Kon su ngenn bëgge gis nguuru Yàlla, faww ngeen judduwaat bu bees.

Ni nit ſëpp yeen a ngi judd ak neen gu yor melokaa-nu Yàlla te neen googu dafa lajj nu feesal ko. Neenug xel moomu tewaayu Kirist rekk a ko mën a feesal. Bu ngeen ko nangoo, deewam dina jur meňeef ci seen dund. Deewul rekk ngir seen baalluk bakkaar, waaye it ngir seen xol nekk bereb bu yeeyoo dalal ko. Faww seeni bakkaar ſu balleen ko laata muy nekk ci seen biir.

Bi may waaxtan ak aji ngäm mu nekk Afrik, mangi gis ne da am yeene bokk xebaar bu baax bu Yeesu ak ndawi réewam. Ni ayu bés yi weesu waroon na joxe njàngale ay njiitu jàngu, ma ñaan ko mu ñëw tewee njàng mi. Lu toolok téemeri kilomet ak bereb bi ñu doon amale njàng mi donte yoon yi baaxuňu sax wax na ko mu ñëw. William ñëw na sonn lool waaye bégg na ci li mu mën a yokk xam-xamam ci Yàlla. William yeegulwoon ci woto wa Afrik bu fées bi ngir doxantu! Noonu noonu rekk la mënoon def ngir ñëw ci njàng moomu. Lenn rekk la gisoon li ko doon xaar ci tukkéem gi.

Ci noonu Yeesu xamoon na nee benn pexe gi mënoon delowaat seen diggënte ak moom, moo doon ñu sellal seen xol, donte seen mballug bàkkaar mujjëntallu tukki, ngeen am dund gu bées ci moom. Benno bi ak Yeesu mënul ñakk. Noonu lay ñu sàkke.

Mooy pexe gi waaye Yeesu dafa bëgg ci Xamne Kirist mu ngi dund ci seen xol mooy xamne dund gu sax ji tambale fii léegi. Tewaayu Kirist day indil seen dund ‘toq ajaana ngir ngeen dugg ci.’

Te seede ban gi Yàlla may na leen dund gu dul jéex te dund googu mu ngi ci doomam: ku am doom ji am na dund gi; ku amul doomu Yàlla ji amul dund gi (1 Yowaana 5: 11-12).

Du mbéeteel ginaaw bi Dawuda laaje Yeesu mu båll ko ay bakkaaram te mu dugg ci dundam, mu wax ne “Mosuma woon xalaat ne dina neexe ni!”

Naka lanuy bokke ci njabóotu Yàlla?

Waaye naka?

Yàlla may nanu bëgg-bëggú xam ko ñi doon déeg-glu Piyeer muy wax ci dundu, deewu ak ndekkiteel Yeesu, xel mu sell mi def na ngir ñoom li muy def ci yeen tey ji. Déegglu naňu Piyeer mu wax leen ne Yeesu mooy ci dëgg-dëgg ki Yàlla yonni. Loolu moo leen indi ñu laaj ak seen xol gépp: *lu nu wara def.* (*Jëf Ya* 2: 37)

Piyeer tontu leen ne bu njékk ñu tuub. Yoon wiy musëlate yoonu ngëm ak coppiteeg doxalin. Ndaxte bu reccu amul yoon amul; da nuy def yëfu nafeeq te du leneen.

Bu ci kaw koolute ngeen di gérëm Yeesu ngir li mu def ngir yeen ci li mu dee ca bànt ba, seen diggënte ak Yàlla ak bakkaar dafa am coppite gu kemane. Ci noonu rekk la xel mu sell mi di tambale di liggeey ci seen biir te ngeen tambale di gis mbir yi ci yeneeni Fann. Ci noonu solos baatu reccu. Mooy “soppi xalaat” te ci noonu dund gu bées day wundu soppite bu xoot ci xalaat yi ngeen amoon ci Yàlla ak bakkaar.

Jëm ci Yàlla: reccu (soppi xalaat) day daq bépp gis-gis bu dëgguwul ci Yàlla. Gis na ci Afrik ay nit yoo xamne ginaaw xéex bu tara k seeni aada yi xamul Yàlla. Lakk naňu ci kanamu ñëpp seeni xérëm bi nu jebaloo ci Yeesu. Am na it ay xarit yu déekku lu ne ba ci tayle seen dund bi ñu dummoyoo seeni aada maam walla seen diine yi dëppowulwoon ak Yàllay bibal bi. Ngëm giy musël dafa wara sax ci ne Yeesu mooy Yàlla, Menn Musalkat bi.

Jëm ci bakkaar: bu ngeen ci kaw ngëm dugge ci mucc gi dingeen gis ci bu tiis ni ngeen nekke bakkaarkat. Seen coppiteeg xalaat (reccu) ci lu jëm ci bakkaar day tekki ne dotuleen fenëtël seeni bakkaar te bayi di leen tuub ci yakaarne seenub njubte dina leen musël. *Sunu jëfi njubte yépp daňoo mel ne yëre bu tilim* (*Esayi 64:6*) ci kanamu Yàlla ju sell ji, waaye bu ngeen wëlbatiko ci Yeesu, dingeen bëgg dummooyu yooyu ko doon meeti.

Xalaatal ab soldar bu am ay fan ngir noppalu. Benn bés mu jott ſaari bataxal bu jëkk bi bu xaritam, beneen bi bu kilifam. Bu jëkk bi xaritam daf koy ſaan mu ſëwe takkub jabaram, ſaarel bi di ko wax ci bu gaaw mu delusi ci kă bi. Li leen wutèle yaatu na ci diggënte ſaan ak ndiggël. Mën nga gantu ab ſaan waaye ndiggël moom da nu koy deggël walla ſu baň ko déeggël su booba daňuy doon jéengukat.

Yalla daf nu bëgg te xamna ne bakkaar dina yaq sunu dund, ſaanu leen ngeen reccu dafnu koy sànt. Pool mu ngi jeexale wataan gi mu doon def ci injiil bi ak boroom xam-xam yooyu ak ni ko doon déegglu ca Aten, mu ne leen: *léegi, Yalla santaane na, nga tuub say bakkäar* (Jëf Ya 17: 30). Yeen “ſepp” ci limm gi ngeen bokk.

Keeman gan gi ci bu ngeen dummooyoo seeni xalaat yu dëggwuul yi ngeen am ci Yàlla ak seen bakkaaru bopp te walbatiku ci Yeesu seen boroom ak musalkat, xel mu sell mi ci boppam *mooy jëf ci yeen, ngir ngeen fonk coobaréem te di ko jëfe* (*Filib 2: 13*) digg la ngir ni bëgg a reccu te di def coobare Yàlla. Ci noonu rekk la seen dund di matte ni ko Yàlla bëgge.

Naka lanuy bokke ci njabóotu Yàlla?

Ni xarit maa ngi leen di ŋaax ngeen nangu Boroom bi Yeesu léegi. Seet leen ab bëreeb bu ngeen mën a sukk ci kanamu Boroom bi te ŋaan. Ci bu leer bu ngeen bamto kàddu yi ni seku, du ነу leen amal benn njariň waaye mbir mi ci gën a am solo mooy ngeen tontu ci kaw ngäm li Yeesu Wax: *man maay yoon wi, dëgg ak dund gi, kenn du ñëw ci Baay bi te jarul ci man* (*Yowaana 14: 6*).

Gëmm leen seeni gët léegi te def ŋaan gi ngeen tibbe seen xol walla ngeen def ŋaan gi nu leen di jox.

Ñaan

Yaw Yàlla, nangu naa ne xamuma laa woon te it bëgguma laa woon, waaye, mangi laay gérëm ci li nga ma xamoon te bëgg maa lu jitú.

Te nangu na ne mënu maa def dara ci sama wallu bopp ngir muc walbatiku naa ci yaw te di la wax nga baal maa. Donte nangu na samay bakkar, mangi reccu ci samay yoon ak jëf yu bon. Jérëjëf Boroom Yeesu ci li nga nangu dee. Ngir man te joxe sa dund ngir selal ma jaraale ko ci sa deret ju am kataan. Ci kaw ngäm, wekk na tej ji sama dund ci sa karangeeb deret bu sell jooju.

Duggal ci sama xol Boroom bi te nga yillif sama dund.

Mangi lay sànt te di la gérëm, boroom bi Yeesu, ci li nga ma def doomu Yàlla dëggétaan, juddoo ci sa xel. Ci dëgg judduwaat na bu bées, jérëjëf boroom bi Yeesu. Ni ko talibe bi di Piyeer waxe:

Képp ku la gëm du am mbéetéel mukk (1 Piyeer 2: 6).

Léegi, dem leen wax kenn li ngeen def ni, bu leen fatte ne mu ngi dund ci yeen te mooy kaatan gi ngeen soxla ngir wax te dund ngir moom:

... *Ndaxte soo waxee ak sa gémmin ne Yeesu mooy boroom bi te nga gëm ci sa xol ne Yàlla dekkal na ko dinga mucc. Ndax xol la nit di gëm, ba tax mu jub ci kanamu Yàlla; làmmiň it la nit di waxe ne mi ngi ci Kirist ba tax Yàlla musal ko (Room 10: 9-10).*



Bataxal bu joqqe Slovakia

“Samay xarit mangi ni jeexal téeré bi gëna neex bu ma mosul jàng ci sama dund, wuutub Yàlla. Xamne dootu ma mel ni ma meloon mukk. Boroom bi Yeesu nangu na ma te jebbal na ko sama dund. Dama bëgg sama mbéeggte nekk bosu samay xarit, loolo tax ma leen di laaj ndax dina mën a am ñaar ci téeré bi ngir may leen ñeneen...

“Jéréjef ci li ngeen indi xebaaru injil bi ak mayug mucc ci Kirist ci sama dund Xamuňu woon ne téeré bu ame ni solo am na”
—ab jukki ci benn ténku J. A.

Naka lanuy bokke ci njabóotu Yàlla?

Ay ponk ngir ngeen xalaat si bu baax

1. Ci yeen naka ngeen mëna fésèle seen banneex ganaaw may gu kenn mënul a nàtt gu ngeen jott?

Ndax ci wax: “Mangi lay tinu, -jox ma ko”?

Ndax ci wax: “Jéréjéf”?

2. Ndax lu ngeen yëgg la walla seen ngëm moo leen jox koolute ne doomu Yàlla nga?

Ndax ci yiíwu Yàlla ngeen mucce ci kaw ngëm, te loolu joggewul ci yeen mayu Yàlla la. (Efes 2: 8)

3. Ndax seen ngëm ci seen boroom Yeesu am na mbir yi:

Tuub?

Jëfu yiíw?

Weeku ci lépp ci moom?

4. Ndax léegi di ngeen gérëm Yàlla ci li mu leen musal te màggal ko ci seen dund ndax li mu def ngir yeen ak li mu doon?

*Amul dara, du teq-teq,
du jafe-jafe, du nàttu lu ma
mëna dàl bu jarul ci Yàlla ak Kirist Yeesu.
Bu deme noonu xëyna waru maa
xam li ko waral fi mu toll nii.
Waaye suma baňñe yoxyoxi te baňň
dara tital maa, du ma bayi
dara di ma yëngël sa bu ma tegge samay
gët ci Yàlla te jappe loolu ne lu
jogge ci moom di ab bunt
ngir barkeel sama xol.
Benn njaqare, benn nàttu,
benn teq-teq du ŋu ma taqalee
ak ndamu sama Musalkat ci kaw ngëm.*

ALAN REDPATH

Gannaaw gi nag?

*M*ucc gi kenn du fay dara! Amul dara lu kenn mën a def ngir yeeyo ko. Boroom bi Yeesu moo def lépp.

Bi ngeen waxe ak xol bu dëggu ūaan gi ma leen diggaloon (walla bu niroo ak moom) seen ngäm ci Kirist mo leen di def ci bu woor doomu Yàlla.

Teewul ūi ko nangu te gäm ci turam, may na leen, ūu am sañ-saňu nekk doomi Yàlla (Yowaana 1: 12).

Mën a am ngeen laaj seen bopp “kon léegi gin-naaw gi nag?”

Laate Yeesu di dem asamaan waxoon naa ay talib-eem lii: *Saxleen ci man; te ma sax Man itam, ci yeen... (Yowaana 15: 4)* ci baat yooyu Boroom bi Yeesu mu ngi leeral solos dundub kérceen ci gis gisu Yàlla aji gäm bu dëggu bi dafa wara sax ci Doomam ngir karangeem ba keroog buy dem asamaan ci gis gisu nit ūi coppite gi am ci dund talibe Kirist te ay xaritam ak waa këram war ko gis Yeesu rekk moy ki ko waral.

Xalaat leen dara luy làkk da ngeen naan “dafa japp safara te safara sa ngi ko japp”, waaye su ngeen ko

xole bu baax di ngeen seetlu ne moom ci boppam dafa xonq ni safara si kon du jumte bu ngeen ne “safara sa ngi ko japp!” Te it dëgg la wala kaas bu nekk ci siwa ndox; kaas ba ngi ci ndox mi te ndox ma ngi ci kaas bi!

Bu ngeen nangoo Yeesu te judduwaat bu bées Xel mu Sell mi dafa leen di sóob ci yaramu Kirist.

Lolo waral Bibal bi ne: Ndaxte dee ngeen, *seen dund boole nañu ko ak Kirist, denc ca Yàlla* (*Kolos 3: 3*) waaw ndaxte da ngeen judduwaat bu bées te yeen a ngi ci Kirist ndax loolu du lu neex! Te ndekkiteel Kirist day doon lu dëggu ci seen dundu ci dooley Xel mu Sell mi ci noonu ngeen baneexu ci li *Kirist dëkk ci yéen, di yaakaar ju wér ci ndamu ...* (*Kolos 1: 26*). Kon Kirist dekki na te mu ngi Dund ci yeen. Aka neex!

Nanu xalaat léegi li Bibal bi wax ci dëgg yi: Kirist ci yeen ak yeen ci Kirist.

Maa ngi ci Kirist

Yàlla sóob na nu ci menn Xelam mi, ngir nu doon wemn yaram.... (1 Korent12: 13)

Xanaa dangeen a xamul ne, képp ku ñu sóob ci ndox, ngir wone ne, mu ngi bokk ci Yeesu Kirist, ci deewu Yeesu la bokk. Bi ñu nu sóobee ci ndox moomu nag, day misaal ne, dañu noo suul ak Kirist, nu dee ni mu deeye woon; ba tax nu dekki it, ni mu dekkee woon ci dooley Yàlla Baay bi, te nu sóobu ci dund gu bees. (*Room 6: 3,4*)

Ndaxte dee ngeen, seen dund boole nañu ko ak Kirist, denc ca Yàlla (*Kolos 3: 3*)

Xamoon na bu yagg benn xale bu goor buy danu yësir. Ci jamono jooju, mu ngi amoon juroom ŋaari at te ſeeti wer yu ne waroon na pikuru ci yaxu ndigg li. Benn bés fajkat bi ne ko lu tax do jooy bu puso bi dugge ci sa yaxu ndigg “xana metiwul.” La ko fajkat bi laaj. “O waaw, dafay meti!” la ko Daryl tontu, “waaye buy meti xamo ne; puso bi ci loxo Yeesu lay jaar ba noppi laata mu may laal.” Mu ngi Benn mbir bu neex woor na, kiy dund ci seen xol doyna ci dekku nàttu yépp yi nekk ci seen dund! Loolu mooy ngëm!

Ni nangu ci ngëm Yeesu dingeen jàng it ne ci noonu it ngeen di dunde dund gu neex Yàlla. Ci yeneeni baat seen ngëm gu njëkk ga ubbil na leen yoonu ngëm. *bu law kon nag ni ngeen nangoo Kirist Yeesu ni boroom bi dund leen noonu ci moom*(Kolos 2: 6)

Ni mu wóore ne judduwaat ngeen bu bees, li Yàlla di xar ci yeen nekkul ngeen toppandoo dundu Kirist ay keercen yu bare amoon na mbeteel ndaxte daňoo jémoon loolu te antuwul. Waaye Yàlla jox nanu li nu soxla lépp ngir dund sunu dundug keercen. Deewandoo nanu ak Kirist te ci noonu dee nanu it ci waref ak mbugalu yoon. Kon moo xam li weesu ak liy ñëw lu nu jémal sunu bopp dina neen ak ci bépp pexe ngir dund sunu baatin nanu dello cant Yàlla ci li sunu dund gépp wekku ci ndekkiteel Yeesu-Kirist!

Di nanu am ay jafe-jafe sunu de jém faj sunu nattu ci sunuy pexe bopp aji ngëm bu bees bi sax di na xamne du lu mën nekk Mu dund dundam gu bees googu ci Kirist bu ko Yeesu jappalewul. Boroom bi Yeesu ngir artu nu i loolu wax na: ...ndaxte bu ngeen saxul ci man, du ngeen man dara. (Yowaana 15: 5)

Ndaw bi Pool amoon na kaddu yu ŋagas ci yeen aji ngëm yu Diwanu Galasi yu doon jéem dund dund gu wute ak ni nu amewoon mucc gi. Ci dëgg ci ngëm la ŋu tambalewoon seen dox ak Yàlla waaye ci mujj gi ŋu ngi doon jéem wey ci ay jëf. Bu leen def ni aji ngëm yooyu dëkk Galasi waaye ci seen dox ak Yàlla, jël leen njàngat bi ëpp solo bi Pool jangal wa Galasi:

*lenn rekk la bëgg ngeen wax ma ko: ndax sàmm
yoon wee tax ngeen jot xelum Yàlla? Déedéet!
Dangeen a dégg xebaar bu baax bi te gëm ko.
Mbaa du nii ngeen ŋakke xel, ba tambale ci xelum
Yàlla, ba noppì yaakaar a mate ci seen jëfi bopp?
(Galasi 3: 2-3)*

Ci lu leer xam nanu jàngat gi am foofu te tambale seen dund gu bees ak jëfi ngëm te ci koluteeg ngëm googu lanu yàkaar: nguru ci kaw *dund jaare ci Yeesu Kirist rekk ni ko Bibal bi xamle ci* (Room 5: 17)

Ca Galasi dundu ci kaw bëgg-bëggü yaram dafa wuutu woon dund ji sukkandiku woon ci ngëm. Waaye cant ŋeel ne Yàlla ci lu wéy di dund ci wekk seen ngëm ci seen Boroom kon du ngeen mosoo xam li xeewoon ca Galasi.

Kirist a ngi dund ci man

Daajale naňu ma ak Kirist ca bant ba, te noonu du man may dundti, waaye ***Kirist mooy dund ci man...*** (Galasi 2: 20)

*Bu fekkee ne Kirist dëkk na ci yéen nag, lii moo
am: seen yaram mi ngi ci dooley dee ndax bakkár*

Gannaaw gi nag?

bi nekk ci yéen, waaye seen xel mi ngi dund ndax njub gi leen Yàlla jox. Kon nag gannaaw Xelum Yàlla, mi dekkal Yeesu ca néew ya, dëkk na ci yéen, dina tax seen yaram wi néew doole dund ci kàttanu Xel moomu dëkk ci yéen. (Room 8: 10-11)

*...Ñoom nag la Yàlla bëgg a xamal ni ndamu kumpa googu màggé, maanaam **Kirist a ngi dëkk ci yéen**, di yaakaar ju wér ci ndamu ñellëg. (Kolos 1: 27)*

...Ba Kirist dëkk ci seeni xol ci kaw ngëm. Te ngeen sax noonu te sampa ci mbëggelu Yàlla, ... (Efes 3: 17)

Ni rekk ngeen mën a wonne seen ngëm ci Kirist mi deck ci yéen “jéréjéf Boroom bi Yeesu, yay lépp li ma nekkul. Jox naa la saň-saň ba li nga nekk ci man doon it ci sama dund.” Li doy waar ci seen dund keerceen, mooy ne Yàlla dafa sas keneen sa yokkuteb dund- Boroom bi Yeesu Kirist! Yeesu rekk mooy Ki man dekku fir ak jafe-jafe yi am ci sa dund. Man nga “am xam-xamu Yàlla” te do am Kirist, man nga doon it “warekat”, te do am Kirist, man nga nekk it “ndaw bu fi togal réewam” te do am Kirist waaye man nu loo nekk taalibe Kirist bu Kirist dëkkul ci sa xol.

Yeesu rekk mooy ki man a dund dundu keerceen ci fannam gépp. Léegi ci kaw kemaan sancta dallukayam ci sa biir xol jaareko ci Xel mu sell mi kon ngir yéen te jaareko ci yéen man na def lépp li ngeen manul woon a def moom mi sell doon na sama sellay ci àddina su bon sii; moom miy ndam doon sama ndam ci àddina su bare fir gi; moom mi doon mbëggel doon na sama mbëggel ci àddina su bare titar gi ci dëgg-

dëgg mooy miy “*ndekkiteeli ak dund gi*” nekk na seenub dundu keerceen.

Kon su ngeen joxe seen dund Boroom bi Yeesu mooy mi *ñëw seet te musal ñi sanku* (*Luug 19: 10*) Ci jéexal ni boroom bi Yeesu di dunde léegi ci yeen te ëllég dingeen dox ci waawam dingeen am mbéeg-te di gis naka la Yàlla di leen jériñoo ngir xëcc ñi leen wér ci moom.

Fateleku leen li donte Yeesu dem ca asamaan dindi-wul dallukaayam ci yeen ndaxte ni nu ko binde, laata mu doon tàggo ak ay taalibeem ci suuf, wax na lii:

Des na tuuti ci kanam, àddina du ma gisati; waaye yéen dingeen ma gis. Dinaa dund, moo tax yéen itam dingeen dund. Bu keroogee, dingeen xam nag ne, nekk naa ci sama Baay, yéen it nekk ngeen ci man, te maa ngi nekk ci yéen. (*Yowaana 14: 19-20*)

Xëyna yeen a ngi laaj seen bopp “naka la li Yàlla def lépp ci man ndax Kirist di ame njariñ ci sama dund?” Laaj bu ngeen wara laaj la ndaxte am na ag wute diggënte ngëm bu nekk ci làmmiñ ak ngëm booy dund. Day wone tamit seen bëgg-bëgg bu xoot ci seen ngëm guy dund. Tontu gi yomb na mooy ne dundu Kirist day féeñ ci nun ngëm gu dëggu day wax sa bu ne “Jéréjëf”.

Ci misaal ni ngeen gën a mëne fésële seen ngëm ci Kirist mooy nu gérëm ci li nga xame ne ñaan nanu ko mu baal nu sunuy bakkaar xam ngeen ne baal nanu leen. Gérëm ngir seen mbaalug bakkaar, gérëm leen Yeesu boroom bi ngir seen mucc, gérëm leen boroom bi Yeesu ci li muy dund ci yeen. Bu fitnë taxawe, gérëm leen ko ci li mu am ndam gérëm leen

ko ci li mu doon lépp lu ngeen soxla, ci saa bi mu wara doon. *Waaye ku amul ngëm doo mën a néex Yàlla* (*Yawut Ya 11: 6*). Kon su ngeen bëgg neex Yàlla, dund leen dundug ngëm te baňña fate di faral di gérëm Yàlla ci li Boroom bi Yeesu doyy ngir lépp.

Bi Piyeer binde taalibe Kirist yi nu doon fitnaal ngir seen takkute ci Boroom bi Yeesu-Kirist ci kàddu yi la leen: *Waaye màggal-leen Kirist Boroom bi ci seen xol...* (*1 Piyeer 3: 15*) kumpa gi leen di dimbali ngeen dekku fitnaa yi ngir seen ngëm. Ci li mu man a doon na leen leer na Kirist a ngi dëkk ci seen dund.

Fateliku leen ne benn ci tuuru Yàlla yi ci kollëre gu njëkk ga mooy “Adonaay.” Adonaay mu ngi tekki Boroom bi ni sama Kilifa. Mooy bu nu sukkandikoo ci baat yooyu di *Boroom bi sama Yàlla* ni sama kilifa la Piyeer doon የaaax taalibe naan leen: ...*màggal-leen Kirist Boroom bi ci seeni xol...* (*1 Piyeer 3: 15*)

Bo boroom bi Yeesu de seen kilifag dund kon din-geen baneexu ci seen benno ak moom ci noonu rekk ngeen mën a wekk seen yakkaar ci lépp rawatina seeni soxla bes bu neck: George Matheson bind na lii:

Jeng ma, boroom bi,
Kon dina moom sama bopp;
Sooň ma ma dello nganaay yi,
Ngir ma am ndam.

Loolu la bindoon wuteeg xalaat ji tas, moom sa bopp gi woор nekkul nga am saň-saňu def li nga bëgg, waaye am kaatanu def li nga wara def! mooy li ki bind woy bi doon wax. Fataliku leen baat yi Pool waxoon: *Man naa lépp ci ndimbalu Aji Dooleel ji* (*Filib 4: 13*)

Dirub dellu ci Yàlla googu amoon ci atub 1859 ca réewum Irlande ba fete ak sowwu jànt, ay junni nit ñew naňu ci Kirist ci noonu ñu dëggël seenub doggu topp Yeesu. Yàlla soppi na gis-gis bi nga amoon ci addina si.

Donte amul dara lunu yello bi nuy xaatim kayit boobu xëyna, loolu di na leen mën a dimbali ci seen tontu Yàlla bu ngeen xaatime kayit yi di toftalu.

Na leen Yàlla boroom jàmm mi dekkal sunu boroom Yeesu di sàmm bu magg bi, ci darajay dert ji fas kollëre gu sax, matal ci lépp lu baax ba ngeen mën a def coobaréem di jëfe ci nun li néex ci moom mu jaarale lépp ci Yeesu Kirist moom mi yello ndam ba fàww. Amiin. (Yawut Ya 13: 20-21)



Bataxal bu jogge Ongari

*Jérëjef lu bare ngir bibal bi ak téeré Richard A Bennett
wuutub Yàlla li ngeen ma yone.*

“Jàng na téeré bi yépp te ak sama bibal séet na aaya yëpp.

*“Wuutub Yàlla” dimbali na ma lool ci li mu léeral **li** **ma**
waroon a gëm ak **lu tax** ma waroon ko gëm Léegi nekk na ku
gëm te téeré bi mo tax ba ma tàkku ci dund ngir Kirist sama giru
dund gépp.”*

– Lii nu ngi ko jële ci benn jukki bu Trans Word Radio

Léegi ngir ndimbali leen ngeen jël

Benn doggal ci Ngëm

**Seet leen ay jukki aaya ci mbind mu
sell mi ci xët yi: 124 ak 125.**

Sama tàkkute ci ngëm.

Bés Ni ki tey jappe naa Yàlla baay bi Ni kiy Doon Sama Yàlla

...Maanaam, ni ngeen dëddo xérëm yi, jublu ci Yàlla te di ko jaamu,
moom miy Yàlla Aji Dund ju dëggu ji. (1Tesonig 1: 9)

Yàlla Doom ji moy kiy doon sama Boroom ak sama Musalkat

Te Yàlla yékkati na ko ci ndeyjooram, mu nekk Buur ak Musalkat,
ngir may bànni Israyil réccu, ba mu baal leen seeni bákkaar.
(Jéf Ya 5: 31)

Xel mu sell mi di naa feesal ak mbëggeelu Yàlla

Te yaakaar jooju du ay nax, ndax mbëggeelu Yàllaa ngi baawaan ci
sunu xol, jaarale ko ci Xelam mu sell mi mu nu may. (Room 5: 5)

Sama dund ci Kàddug Yàlla lay sukkandiku

Mbind mu sell mépp, ci gémmiñu Yàlla la jóge, te am na njariñ ngir
jàngal nit ñi, yedd leen, jubbanti leen te yee lenn ci njub. Noonu
waayu Yàlla ji dina mat, ba jekk ci bépp jëf ju rafet.
(2 Timote 3: 16,17)

XEETU YÀLLA MOOY DOON SAMÀ XEET MAN ITAM

Sa xeet dina doon sama xeet, Sa Yàlla doon sama Yàlla
(Ruut 1: 16)

Sama dund gépp dinaa ko joggleel Boroom bi Yeesu

Kenn ci nun dundul ngir boppam, kenn deewul it ngir boppam.
Danuy dund ngir màggal Boroom bi, dee it ngir màggal ko. Kon nag
nuy dund mbaa nu dee, noo ngi ci Boroom bi.
(Room 14: 7, 8)

Sama tåkkute ci ngëm.

Kon nag

*Tànn leen ku ngeen di jàmmu tey ji.... Man ak sama waa- kér Aji
Sax ji lanuy jàmmu
(Sosue 24: 15)*

Ak sa xol bépp

*Li nuy tiitaroo moo di sunu xel day seede ne, ci kanamu àddina si,
rawatina sax ci seen kanam, aw nanu ci tànk yu jub, ànd ak xol bu
laab fa kanam Yàlla. Jëfewunu ci pexem nit, waaye ci yiwu Yàlla lanu
jëfe.*

(2 Korent 1: 12)

Ak ci lu àndul ag benn notaange

*Sa xeet noppí nanu ngir bés bi ngay dajale say xarekat.
(Sabuur 110: 3)*

Te ba faww

*Kan moo nu man a tàggaleek mbëggeelu Kirist? Xanaa duy nattu, te
du njàqare, du it fitna, du xiif walla rafle, du it ay ngaañ walla jaasi
sax.*

(Room 8: 35)

Sa tur, sant: _____

Ban Bés: _____

www.ccim-media.com